С/4 24/2
Л,22



Дугин Іаьрби

КИРТИГ ТІЕХІОЬТТИЧА

Б
С Шерд
Д,20

Дугин Іаьрби

КИРТИГ ТІЕХІОЬТТИЧА


Дийцарш,
хабарш,
очерк

85105
8

ГРОЗНЫЙ
НОХЧ-ГІАЛГІАЙН
КНИЖНИ ИЗДАТЕЛЬСТВО
1987

8 | ФИЛИАЛ
с. Давыденко

Ачхой - Мартановская
ЦБС ЧИ ССР



ДУНДАЛ

Дийцар

Сан ойла, хьомсара хьаша! Дуккхазза а дуьсу вайша цхьаьна, ваьшшинан дагара дуьйцуш. Ас хьоьга цхьаъ хотту — ахь цунна жоп ло; ас хьоьга цхьаъ доьху — ахь цунна жоп ло. Дезаделла йо1, кIант ду моьттур ду вайша. Цкъаллиг-цкъа цхьаьна Iен кIордадац вайшиина, цкъа а вовшах оьцучу марзонах ца Iеба, мелхо а, зама дIа мел ели, вовшашка алсам боьду, чIагI а ло безам.

Ва ойла, ницкъболу накъост! Доза дан а дуй техьа хьан тароннйн? Хьо ца кхочуш, ца оьккхуш, хьан бала боцуш кху доккхачу дуьненахь цхьа а хIума дац. Муьлхха а болх, сан дегIо бан болабале, ахь чекхбоккху. Наха спутникаш яле ахь Лаьттана го тийсина. Цхьанне а Гагарин мила ву а хаале, космосехь хилла хьо. Нейл Армстронг халкъашна хьахош а хазале, Бутт хьоьшуш лелла хьо, хьекъале доттагI. Маццахехь хиъна хьуна Лаьттах тера планеташ эзарэза эзар юйла вайн Галактикехь; ахь миллиард Галактика теллина, церан кхоллаялар, церан кхиар, церан къанъялар, церан йохар билгалдеш. Геналла къарйина ца Iаш, заманан духарх а кийсигаш туьйсуьйту ахь, ва ойла: коммунизм хIинца а хIоттийна ца яьлла, ткъа ахьа цуьнан бустам бIе шо сов хьалха баькхина! Ойла, ва ойла, адамийн ойла! Боккъал а дац хьан яккхийчу тароннйн доза!

Сан ойла, тешаме доттагI! ХIинца а дисина вайша ваьшшиъ. Дикка Iий вайша вовшах дагадуьйлуш. Хьан къамел суна цкъа а ца хьаьха. Дийцахьа, алахьа, хьо муха яра, ва ойла, хьан кхиам мел бара кхо-диъ шо хьалха. Гайтахьа, ва ойла, цу хе-

нахьлерачу Нохчийчоьнан сибат. Сан ойла, ницкъкхочу баьчча! Ахь хIинца а кхочушди ас хьайга дехнарг. Хьуо хьалха а хIоьттина со виги, со ваькkхи кхаа-еа оьмарна юха.

Суна го:

Нохчийчоьнан аренаш дIалаьцна юькъачу, йистйоцчу хьаннаша. Царна юккъехь, ирзош а дохуш, цхьацца нхьа ехкина ярташ, хин бердашца. Сатосуш, даккхийчу диттийн баххьаш дешех а къагош, курра хьалагIотту садаьIна малх. Там хуьлий, синкъерамечу олхазарша цунна назма олу. Меттаххьов дерриге а дуьненан Iалам.

Шен урда тIе дIавоьду къинхьегамхо. Цо дечиган нахарца латта аха гIерташ валахIоьттина болх бо. Цуьнан бедар хьацаро мустйо. Йоьжна бугIий, шай хийзош суьйренга воьду и. Маьркк1ажехь хIоьттинчу дегIаца цIавоьрзу.

Саькkал чохь товха йогу, чубиллинчу гулан юьхьиг уьйтIахь а юьсуш. Тховх даькхинчу Iуьргехула ара ца болуш, кIуьро садукъдина чохь Iен ца вуьту. Ерриг а сал-пал а, кIурз буьллий, пайда боцчу йоккху.

— Хьенехеран хен чоьхьабаьлла, дуьло цаьрга сакъера, — аьлла, юьртан къонахий баьхки. Гулбелла, шаьш хIумма а сонта а ца хеташ, къамелаш дан хевши уьш.

Соьга кхин сатохалац. Лечкъинчуьра гучуволу. ХIинцалера барзакъ дуьйхина адам гича, цецбевлла, го бо цара суна:

— Хьо мила ву?

— Хьенех ву... ткъолгIачу бIешеран стаг!

Уьш сох башха кхеташ бац. Амма цара, стенна делахь з, доьху:

— Дийцал ткъа хьайн дагара...

Церан Iовдал, хала дахар сан дагна Iаьткъинна. Дерриг а цхьаьна дIаала схьа а гIоьртий, ас гIори-гIоддаха мохь туху цаьрга:

— Дундалш! Дун-далш ю-кх шу, сан дагара дийцича!

Стелахаьштигаха шаьлтанашка хьолху массеран куьйгаш. Юха, хIаваэхула го тесна, суна тIе хецало...

...Ойла, сан ойла, сан каде ойла! Орцаха ялахьа хIинца а суна. Хьо хьелахь жимма а, со вору кхара. Ойла, сихлохьа, масаниг. Шайл мелла а хьекъаленг кху нахана ца веза. Кхоссахьа со юха а ткъолгIачу бIешаре...

Баркалла хьуна, сан ваша — ойла, ас дехначунна «хIан-хIа» ца аларна.

Вайн зама!.. вайн зама — ихначу заманийн эла... Вайн зама!.. Ас хIинца паргIат садоккху. ТIе цхьаммо а кхерам а ца туьйсу суна. Ма-луъу бIаьрг бетта цIинлучу махках... Лаьмнийн мур го суна маьлхан серлонгахь. Къоьжачу Башлама тIехь зIаьнарш лепа ворхI басахь, стелаIад санна. БIаьсте а тIееъна, аренаш мIаькьевлла... Зезагаш... даьлла заза... хецаделла патарш. Башха ду безачу махках бIаьрг беттар!..

Хьоме мохк, сан халкъо хуьйцу хьан сибат: гІора долчу трактормйн «гур» доллу арахь; хьан кийрара мехала мехкдаьтта доккху; якхкнйчу заводнйн лекхачу биргІанаш чухула хьалаоьху дуькъа кІарраш — кестта вай царах а оьцур бу пайда, сихдина дуттуш ду тІекІела цІенош; кхуьуш ю ярташ а, гІаланаш гІуьттУ... Дийцина вер а вац сан халкъан хьуьнарш!

Беза мохк, хезий хьуна, стигалан Іаьрчаш кегочу кеманнйн шакарш? Уьш кечло хьан доза а, сан дахар а лардан, нагахь вайн мостагІийн хье хьовзахь, бицлахь...

Иштта ю вайн зама — башха а, сонта а. Башха ю адамо хьанал къахьегарца, сонта ю.... сонталла а йолуш ю хІинца а.

Дуьненахь герзана мел харжаш йо вай, къонахийн мел шераш дойу эскарехь цІнйнах а, безачех а бохий? Шайолу и харжаш хьашташна ерзийча, дерриг а дуьненан салт болх бан дитича, ма дика хьоьгур дара массо а адамо!..

Иштта ю вайн зама, иштта ю сан ойла. Сан ойла... Сан ойла, къан ца лун ойла... Абаде ю ойла — кхачалуш йоцу гуттаре... Зама дІа мел оьху, адамнйн ойла, хьан кхиам, хьан кхетам, хьан ницкъ а саболу. Де дийне мел долу, хьайн болар сихдо ахь, якхий гІулчаш туьйсу ахь, садаІар доцуш. Лаахь а, саца а ца ло хьо цкъа а. Цундела тІедогІург хьекъале хуьлу. Цундела, сан ойла, зоьртала гІоьнча, ас хьоьга ца доьху хиндолче со кхоссар, ца оьшу... ца лаьа цузаманхоша сайх олуш хазийта: дундал ю хьенех. Амма эр ду, эр ду сох мацца а: дун-дал. Церан ала йиш хир ю, тохара санчул а.

Ткъа тахана бакъо ю ала сан курра:

— Хастам хьуна, сан ойла, къар ца лун ойла!

жоп

Эскаре кхаьчначу юьххьерчу муьрехь тхуна моьттура, хьокъеш тІе пІелгаш а теІош, ракеташ прах а оьхуьйтуш Іийчхьана тхаьш довлу. И ца хиллера аьттехьа а: хьалххе дуьйна нуьцкъалчу упражненешка гІертадора. Тхоьга цхьа а ян-м ца лора, ур-аттала, турниках а кхозавелла, шозза-кхузза хьала а ца вахалора. Эхь хеташ, нйзалуш, догдоьхна лелара. Тхан хІиттар-м хьехо а ца оьшу.

«ХІинца-м политикан кечамехь садоІур дара вай», — доккха садаьккхина, ленинан цІа чу дахара тхо, кІадделла ког, куьг халла бен меттах ца дахалуш. Лекци еша веара майор Нарушевич. ТІехьаьжча и кхин эхІъаьлла цахиларна, хала дара и тІеман дакъалацархо хиларх теша. Амма йина чевнаш, пачхьалкхан совгІаташ — мидалш, орденаш — теш хІуьттура и иштта хиларна. Сталинградан гІараваьлла иччархо Василий Зайцев гина а, цуьнца къамел дина а ву майор. Ша ден къамел, деза дешнаш эрна юкъа а ца кхуьссуш, хецна до цо, цундела, цунах ца теша хьовх,

шеко юкъаяло а дага ца догIу цхьанна а. И тхайна хьеха веъча, чIогIа резахуьлий тIеоьцу оха.

ГIелдалар хьаьхна долчу, тхох цхьаммо хаьттира:

— Накъост майор, тIеман говзалла, долара герз, политика — и дерриг оьшу, и Iамор нийса хета суна, ткъа нуьцкъалчу межанех хIун до оха? Чучча дахна-х летар даций, ракетхой ма ду тхо? Хьохкий, хоьхкий, чудаладо, корта, дуьйцург схьа ца лацалуш, тентиг а боккхий.

Массо салти тIетайна, гIовгIа елира. Тхо дIателлац собар а дина, жоп делира майора:

— Шу дуьххьара а, схьахетарехь, шу тIаьххьара а дац соьга и хаттар дийраш. Дагалацал цхьа хIума: устав — и тIеман тоьлашхачу хьекъалан тIум ю. Мел хиллачу тIемашкахь зеделлачух уггар диканиг, уггар хилаза ца дериг яздина устава тIе. Совнаха дерг цу тIе ца доккху. Цу тIе а доьгIна олу, устав кхочушдийрг башха бIаьхо ву. Уставо тIедожийнарг, миччахьа эшна а, оьшур ду.

Масал дало гена ваха ца оьшу. Вайн дивизионехь бIогIуллакх дIакхоьхьуш вара ши гIезало, ши накъост . Ший а, готта бIаьргаш, таьIно юьхьмарш йолуш, со санна, лоха а волуш. Цхьатера йогIу фамилеш — Зайруллин, Хайруллин. Зайруллин цхьа эгIаза вара, важа-м бутолаг яра. Шега хIуъу упрежнени ялур ю моьттуш хиллера Хайруллин хьалха, вуьшта кестта кхийтира и иштта атта цахиларх. ТIаккха догдиллина IадIара, кхин тIе ца воьрзуш... IШа гIорасиз хиларна делахь а, Зайруллин тIетаьIIина шех бакъволу салти ван гIертара. Шен долахь йисинчу хенахь а Зайруллин спортмайданахь турниках тийсалора, Хайруллин уллехь цигаьрка а уьйзуш лаьттара. Хьо хIунда ца хьожу, и санна Iама, аьлча, даима цхьа жоп лора: «На вайна турник ны нада, таварыш май-ор...»

ХIуъу дарх, шечунна тIера ца ваккхалора иза. «Собарде ахь, цкъа дуьхьал дер ду хьуна иза», — ойла йора ас. Амма айса бохучух и тешо меттиг ца болуш дикка хан яхара. ТIаьххьара а Гуьржех аьхкенан лагершка дигира тхо. ДIакхаьчначу дийнахь казармийн штабаца зIе таса цхьа телефонхо велира суна.

— ГIо дан салти оьшу, накъост майор...

— Карор ву гIоьнча а.

Дала ма-лоьхху, схьавогIучу шина накъостах бIаьрг кхийтира сан. Сайниг дага а деъна, тIекхайкхира аса:

— Хайруллин, гIо дел зIехочунна.

И дитта кIел а ваьлла, сецира. ЗIехо тIехь вара, хIинца, кхуо дIа а кховдош, вукхо чIагIбан безара сара. Хьалахьаьжира: генаш лекхо дара. Кхоссавелира Хайруллин, дIа ца кхечира. Шех бIобоьлла ма вац и...

— Кхоссало, хIун деш лаьтта хьо? — догъэтIадо ас. Вист ца хуьлу важа, воьлу. Шех воьлу, корта а оллийна.

— Зайруллин, гIо дел накъостана. — Зайруллина, каде кхоссавелла, схьалецира га, куьйгашца озавелла, вай-й хьалавелира. Цхьа хаза цуьнан и нисделира, хьаьжча — товш... Хало аллал хIума дацара иза. Цул тIаьхьа хийла Iиттаелира уьш бакъъерш, амма и дуьххьарлераниг яра Хайруллинан дог-ойла хийцинарг.

Цкъа лагерехула вогIу со. Го суна — Хайруллин ву турниках тийсалуш. Хазахетта, тIеваха со:

— ТIаккха, Хайруллин?

— На вайна турнык нада, товарыш май-ор, — тешшна жоп делира Хайруллина...

...Тхо ойланашка девлира.

Даго къобалдора жоп.

ГIУРА ГIЕРГIА

Дийцар

ОьгIазе гIергIа ГIура (оьрсаша Кура олу цу хих). Берд бу тамашийна: лекхачу тIулган гух чувоьссича Iуьллу шера майда. Цигахь, кIоргга лаьттабухе а аьхкина, тIеман йоккха гIишло йина: цу чуьра бIаьхойн гIирсаш — патармаш, яккхийчу тоьпийн хIоьънаш и. дI. кх. — цкъа а тIера бIаьрг ца тилош ларбо гIаролаша. ХIинца ха деш ву могIарера Алсултанов Увайс (оьрсаша Вася олу цунах). Кху Iуналлин метта хIара юха а нисвеллийла хиъча, накъоста москохочо Цыганков Васяс хаьттира: «Пха бетталой хьан, цIархо?» — «Тешаме герз соьца мел ду, уозавала меттиг баций-ца», — деза кхоьссира Увайса...

«Дакъаза ма дала хьо, экха санна, стенна дарделла? Жимма хьо техьара, ладогIа аьтто бер бара-кх сан». Хи тIера гIаьттина дохк ду, бод санна, севсина; листина цуьнан соз-оьргаш хIаваэхула керча. Тур тоьхча а цасталур боцуш буькъа бода бижина; Iуналлин меттиг, го а лаьцна, гIори-гIоддаха ваьштаIуьйду, саьрмико санна. Чамбоцуш меттиг ю хIара: цкъа-делахь, частана юьстаха, пана арахь (гIирсаш мостагIчо лелхийтахь а, салт дийна дисийтархьама диллинера и ха ккхузахь), шолгIа-делахь, тесничу стогарша серлайоккхура ларъеш йолу аса; хIуьттаренна санна, бIаьрла воккхура гIарол, мостагIчунна хIара гур волуш, ткъа ккхунна кIохцал-серан кертал дехьахь хIумма а ца гора; цундела ямартхо, тебна хьовха, хьаьккхина тIевеъча а хаалур ваца-ра; мел сема кхо ладегIарх, хин гIовгIано тIитI ца хозуьйтура. Iаьрчашкахь Iен кIордийча санна, стигал охьайоьссинера; шен оццулчу йозаллица тIейижна, цо а садукъдинера Увайсан. Изза де дара гуттара а ккхузахь доллург. Со бен мила ву бохучо а бIокъажор болуш меттиг яра хIара. Аьтту белшах а тесна, гIарччIъаьлла буйна къевлинера Увайса автомат. ЧIогIа секха лелара иза шена билгал бинчу новкъа. Амма цхьана лара тIехула ца ле-

лара, хIунда аьлча ша ларош — тидам беш мостагI велахь, цуьнга кIело ца яйта — тешнабехках хьалхавала. Кестта-м шен ши сахьт чекхдолура аьлла, кхунна дагадеъначу хенахь, цхьа геннахь лаьттан кийра бегош санна хийтира: хин гIовгIа а эшош, гIартата иккхира. Верриге а тидам хилла, цхьаьнаметта дIатийра. ГIовгIа тIаьхь-тIаьхьа чIагIлуш, стамлуш, алсамъюьйлуш герга гIертара. Шеко йоццуш, кхуьнан агIора керчара и гIовгIа.

— Собар! Мила ву вовгIург? — шена биллина мохь балийтира Увайса. Дур дахьаш дара. «Собар, герз долуьйту!» — Мичара, лерган дуьхьиг а ца духьура. Увайса чапха дIасатуьйхира. ТIехула кIеззиг автомат кхарстийра. Латта бухдуьйлуш санна, «гурр» дара тIетеIаш. ТIаккха гIовгIанехьа а хьажош, ерриг а ехк ясийра Увайса. Халла хIара юьстаха эккха а кхуьуш, цхьа дуьне тIехъиккхира. Увайс мегарг шолгIа ехк чуйиллина а валале орца кхечира, хьалхаваьлла ха-хаькам лейтенант а волуш.

Теллича гучуделира: дIо-о, гу тIехь, дукха хенахь дуьйна Iуьллуш «Беларусь» тракторан тIехьара йоккха чкъург яра — и хиллера сел хьере чухьаьддарг... Увайсан метта кхин гIарол а хIоттийна, уьш ха-хIусаме бирзира. Ротехь гIазанча[1] витина кхуьнан доттагI Вася вара бухахь Iаш: автоматан тата а хезна, хIун ду, мила ду хьажа веъна ша, бохуш.

— Вайн делора, цIархо, тховса-м хьан доттагI дукха воьхна, хIорш тIекхаьчча а вогIавеллачуьра меттаваза вара хьуна, — даре дира Увайса.

— Цхьа дIаьндарг мукъана а тIекхеттерий хьан? — хаьттира Васяс.

— ТIе шорта еттаеллера, иштта-м ледара а вац хIара, — хастийра лейтенанта. — Са я цIий хиллехь-м сацорг хиллера кхо, ткъа чкъург... Хьан карчийна техьа и чу?

Кхано-о духе кхиъча, кхо хIун до хьажа, доттагIчо-москохочо дина карийра и гIуллакх...

Цу тIехула Увайсана цIа ван, Васина гауптвахтехь даккхий итт-итт де-буьйса кхайкхира полкан командиро.

— Пха бетталой хьан, цIархо? — забаре Iоттар йира шен доттагIчунна Увайса.

ХЬЕСАПКЕХАТ

Дийцар

МогIарера Визаев Нурди дIатасавелира. Дависа, тIемаш делира хIинца! Бухайисинчу кIеззигчу заманчохь шайн батарейн командирна тIекхачо деза хьесапкехат. Цо и дIа маца ло хьовсуш хир бу лаккхарчу даржера тIеман векалш. Жимма а хье-

[1] ГIазанча — дежурни

лахь, секондана а тІаьхьависахь, хІинца, машаран хьолехь, кийча «шиъ» ду кхарна; ткъа тІом болчу хенахь и нислорий, эзарнаш я кхин а сов хІаллакьхилла вайн махкахой хир бара, хІунда аьлча ма эшнехь ца хецначу ракето кІадда а ца деш, тІанкийн жІуганаш я эскарийн цІоз могаш-маьрша дуьтур долу дела, тІаккха цу буьрсачу мостагІчун ницкъо схьаата тарло вайн охІла. Ца хила а мегаш зулам ду и, цу масех секондо дойтуш дерг: ракета шен хеннахь Іалашоне дІахьажаяхь, сила-а болчу бІох доь дуьсур дац. Дукхахьолахь вуьшта хаалуш а йоцу и бІаьрган негІар туху юкъ иштта мехе йолу эскарехь. Иза цхьанне а цкъа а дац па далийта гІерташ, хаддаза лергах мехий доху эпсарша шайн карахь болчу бІаьхошна, хІетте а кхеран шофера тІехь долу декхар дан ма-дезза ра кхочушдина цахиларна, новкъахь машен а йоьхна бисира хІорш. Эскарехь боккхург тІаьххьара мур а болуш, са цІахь лаьтта шоферан, цундела таханлера ледарло яьлла цуьнгара. Кхано-м шен хьакъ дІалур дара цунна майора а, накъосташа а. Амма кху сохьта цунах яла гІоле яц. Цкъачунна болар сихдар, ког маса баккхар ду-кх ша долу дарба.

Визаев уьду, берриге а ницкъ тІебахийтина. ХаьнтІе еттало противогаз, букъ огу автомато. Ша юхьаралаьцначу некъана дукха муьтІахь волуш, хьалха хаа ца лора и Нурдина. Амма дуьххьарлерчу шу тІе а валале, хьацар туьйхира. Дазделира герз а...

Сийсара, Эрмалойчохь дІадуьйшуш, ма цхьанне а ца моьттура, сатасале, Гуьржичоь тІех а тилийна, Азербайджане кхочур ду. Делахь а, салтийн дахарехь иштташ а Іоттало. Москохара баьхкинчу тІеман векалша, кхеран бІокнйчалла зерхьама, орца а даьккхина, хІорш мерзачу набарх бохуш, гІаттийра ракетийн дивизион. Дерриге а бакъ болчу тІамехь санна леладора, дуьххьал дІа Іамораш бен уьш ца хиллашехь: танкан битамехь йолу хецаман чарх — цуьнца ракеташ хьалаоьхуьйту — лачкъийра таьІначу меттехь, тІе баьццара, гонахарчу бецан басахь, хьуламен бойнаш а тесна. «ЦІерлой» — ракета дІахоьцу салтий — шайн хецаман чорха уллохь кхаьрга хьуьйсуш Іийр бу; хьесапдархошна бан-м жимма болх бара, амма церан а кхаьргара хаам кхаччалц хадам боллуш жоп дала йиш яц. Дуьххьарлера дош ала догІу кхара — топогеодезисташа: йоццачу хенахь шиъ лалламан майда кечъян еза: цхьаъ — коьртаниг, важа — тІаьхьалонна.

Дукха дика доладелира дІа, бІаьрг хиллал дика. Сиха карийра бегІийла меттиг: экъа санна, шера майда яра боьра чохь. Каде дира дан дезарг дерриге а, чхо йоккхуш, хаамен сизаш дира: хецаман чарх ерзо еза агІо къастош, белаца шуьйро-о беха цхьамза биллира, сахьтаниг санна, цуьнан ши чкъург хІотта езачохь беакІов зил бира. Уьш а, цхьацца кхийолу а билгалонаш «цІерлошна» ханйта еш яра. Амма уьш гІоьналлина белхаш ба-

ра. Коьртаниг кхин ду: оцу меттиган координаташ карор, градус, минот къастош, воьрзу агIонаш билгалъяхар.

Топогеодезисташна даладелира: екхна хилла ца Iаш, чубаьржинера малх — цуьнца дустарш деш а, лоьху воьрзу агIонаш, дуьненан дакъош; дика гора тригопункт олу лерриа хIиттийна йолу пирамидийн кепара пачхьалкхан билгалонаш — цаьрца а карайо координаташ, воьрзу агIонаш. Иштта тайп-тайпанчу кепара хьесап а дой, хилла жоьпаш вовшашца догIуш ду-дац хьовсу. ТIаккха тешаме хир ду карийна жоп. Дика хьаьвзира салтий: маса дIахIоттийра теодолит олу кхаа когара турмал; бIаьран нур дIа ца эцийта, цуьнан берте Iаьржа куьзга а доьллина, стигала ерзийра иза. Турмал чохь ирх, пурх хьекхна сизаш ду, яздина терахьаш а долуш: цара билгалйоху градус, минот, секонд. Маьлхан хIоз цу сизех йист а хьокхуш, тIеннсбелча, дустарш дечу сержанта мохь тухура «хан» — олий. Эццахь Нурдис, бIаьрг ца тилош лардечу сахьта тIера, хан нийса дIаязъян езара, секондаш а юкъаозош. Иза а ду жоьпалле гIуллакх. ХIунда аьлча хIара жимма а галвалахь жамI гIалат долу дела. Юха а чолхе гIулакх а дац иза. Цундела и кхунах тешийра командира. Цхьабакъду, дуьххьара Iаморшкахь ша хиларна делахь а я ца шарделларг хала долу дела делахь а, амма наг-наггахь тилкхаза лелхара Нурди. Маса сахьт даьлла-м хIета а вета а хууш ма дарий, секондаш а ягар еш ма ярий, ткъа минот йиц а лой вухура, вукхо хьегна къа хIокхунна билггала хууш ца хилча эрна довра. Хан дIайоьду, хенал тIаьхьа кхара мел нийса жоп даларх и цхьанне а ца оьшу. ХIорш эшна а болуш дIадоьрзур ду. ТIе кхеран отделенина тIехула ерриге а батарейна а «шиъ» хIоттор ду. ХIорамма шега догIург ца дича, ракета хьалаяхийта таро яц, ткъа кхара майда ца кечйича, бисинчеран а дан хIума дац. Сержанта, кхуо беш болу гIучIа хаабелча, кхин дов ца деш, хаза элира: «Лерина хьожуш хила, ахь кегарий бахь, эшор ду вай....».

Кхеран дустарш чекхдевлча, массо а хьесапдархо лара охьахиира. Цаьрца цхьаьна — Визаев а. Цкъа хьалха нийса дIадоьдура кхуьнан иза. Хьесапдаран кепаш цецваллал хьекъале йина ю. Хьо гена валале хаьа, цкъачунна айхьа гIалат дина я ца дина. Кхуьнан гIалат хилира. И схьалеха велира. Цхьангге хIума а ца олуш. Шеина схьакарийра. Цунах воккхавеш, дог ловзалелхара. Амма дукха ца хьелуш сержанта а, цул тIаьхьа кхечу хьесапдархочо а шаьш девлла элира. Вовшашца низдича, минотийн биста кхаччалц жоп догIуш а хилла, сержанта цIена кехат схьа а эцна, цу тIехь къилбе, къилбседе билгал а йоккхуш, сизаш хьийкхира. Майданан координаташ а дIаязйира, цхьамзана кепара дехкинчу хIора сиза уллохь воьрзучу агIонца лерича градус, минот билгал а йоккхуш. Иштта хIоттийра хьесапкехат. Кхара и гIуллакх дечу юкъана лейтенант а, цхьа хьесапдархо — ефрейтор а, шофер а гу тIе а бахана машенахь, цигарчу тригопунктера дус-

тарш а дина, координаташ билгал а яьхна, баьххира. Цара деанарг, бухарачериг цхьабосса хилира. ТІаккха шайн мел болу гІирс дІа а ницбина, автоматаш голаш юккъе Іовдуш, кара а лоцуш, машена хевшира хІорш. Сакъераделла забарш йора, юкъкара йир а тухура. Машен дІаиккхира.

Дог доьхна вара Нурди. Кхо дина хІума дацара. Цхьа тІехула тесна мижарг санна, совнаха хетара ша. Шайн аьтто хилла хаза а хетара, делахь а ша дина хІума цахилар новкъа деанера. Иштта оллавелла хІара Іачу хенахь белира кхеран некъ юххьа: гу тІе йолуш, дІа я яйна, сецира машен. ХІуъа дича а хьала ца летира. Шофер охьа а воьссина, капот схьа а йиллина, тІехье бен гуш а йоцуш, дІа чу вуьйлира. Хилларг хІун ду а ца хаьара цкъачунна. Сакъерадалар дайра массеран а. Йиснарг а юьйхира Нурдин ойла. Ша бехке волуш санна, хьовзам балар шена тІеуьйзура кхуьнан даго. ХІун дича хІун дара техьа? ДІадетташ, схьадетташ, цІеххьана дагадеара, ша ерриге а дивизионехь а массарал чехка водуш хилар. Тохавелира: «Накъост лейтенант, соьга гІаш дІакхетадайтах хьесапкехат; нагахь машен толахь, тІаьхьа кхуьур ду шу...»

— Некъах тила-м лур вац хьо?..

Некъ аьлча-м боккъал а цхьа некъ бу моьттур ду, еккъа аре ю-кх, цхьа а лар а йоцуш. Кхузашха нах лела а ма ца лела, ракетхой Іаморан полигон хІара хиларе терра. СхьадогІучу хенахь кхин тІетаьІІина терго а ца йинера Нурдис. Цо хІун дора цунах, машено оьшшучу дІакхачорг хилча. Делахь а, дуьххьара гуш йолу меттигаш тамашийна хетарна, дикка арахьежнера. Цундела тилалур вац ша аьлла хетара. Чехкка уьдуш вахча, кхарна елла хан чекхъялале дІакхача мегара. Кхунна и дагадеъча, доккха садаьккхира накъосташа. «Хьо ниййса дІагІахь, бакъ волу топогеодезист хир ву-кх хьох», — элира кхуьнга цара...

Аьрро куьйга противогаз тІетаІийра деГІана, вукхуьница — автомат. Уьш етталучуьра севцира, ткъа куьйгаш ласто йиш цахиларо вадарна новкъарло йора. Вуьшта, кхин дан хІума дацара. Тохара ниІмат хеташ хилла малх а бара хІинца новкъа. Шу тІера охьа сиха а хаккавелла, коьртара панама ядийра махо. Цергаш хьакхош, ша шена гІам-гІим деш юхавирзира Визаев, и противогазан тІоьрмига чу а йоьллина дІаиккхира...

Аре ерриг а шунаш, гунаш долуш яра. Массо а гу, шала бича санна, цхьатера хетара. Схьадаьххинчу лорах ца хедаш кхна веза батарейна тІе. ХІара некъан бахьана мел ду-м дІауьду варий, ткъа дІа маца воьрзу муха хаа деза? ТІех ма эккхахьара, я хьалххе чу а вирзина тила ма лахьара. Кест-кеста духьала лелхара воьрзийлаш, шаерриг а кхунна оьшург ю а моттуьйтуш, делахь а деган хьехамца я бІаьрган кхнамца кхин а дІахьора кхуо шен жоьпалле некъ.

Хан... Хан... Хеннахь ца кхачахь, идар а эрна хир ду, накъос-

таша хьегна къа а дов, таIийна «шиъ» а дуьллур ду кхарна, ткъа тIом болчу хенахь нисделлехь хила тарлуш дерг-м хьехо а ца оьшу... Цу тайпана гIайгIано сихбора кхуьнан ши ког. ТIаьхьаре а цхьа боьра шайн батарей дIахьулъеллачух тера хийтира Нурдина, хIара ю аьлла схьагуш билгало яцахь а, башха тешна вацахь а, хIара хьацаран кIур а бахьаш дIа чухьаьдча, кхунна дуьхьал иккхира кхеран командир. Хьуьхьа а воьлла, хала лерга улле куьг а даьхьна: «Накъост майор, могIархо Визаев...» — «Дика ду, хьесапкехат мичхьа ду?» — катоьхна дIанйцира цо. Кестта майоран аз дийкира: «Батарей, кечло марше!» Хьала латийра машенаш, буьрса гIовгIа елира ракета хецаран чорхан, цуьнан йозалло, хорша еъча санна, дегадора латта.

Цу юккъехула Нурдига схьахьаьжна майор гIадваххана велавелира. Визаев ца кхеташ лаьттара. Ша дIатийча, командира кхетийра хIара: «Накъост могIархо, коьртаIуьйра волчу хенахь лерга улле куьг-х ца лоций... Мича яхана хьан панама?» — Эццахь бен дага а ца еара Нурдина ша противогазан тIоьрмига чу йоьллина пес.

Батарей дIатилира, хIинца Нурди схьавеанчухула. Визаев лаьттара, тIоьрмига чуьра схьаяьккхинчу панамица хьаж тIера хьацар дакъош, синкъераме, ирсе воьлуш. Иза тешна вара, бIаьхаллин тIедиллар ракетхоша сийлаллица кхочушдийриг хиларх. ХIинца синтем а хуьлура Нурдина: оха толам баьккхина ала йиш хир ю кхуьнан, ша декъахь а волуш.

ХIОРД ЛОВЗАБАЬЛЛА

Дийцар

— Ассалам Iалайкум, ца хилча ца тору сийлахь сан доттагIа, — хIорд самабаларна кхоьруш санна, меллаша вистхилира Узуев Данилбек. ТIешерша Iуьйре, къаьсташ лаьтта са-бода. Набарх бетта хIорд дай-й садоьIуш Iуьллу. Хебарш санна, кегийра тулгIенаш цхьа «буьйда» бердехьа керча наг-наггахь. — ГIенан кхоьлах хьо хийла дуьхьал тийсина суна, хьо гаре сатуьйсуш хийла дог Iаьвжина сан, хьомсара накъост.

Хи чохь сурт а гуш, гергахь ду баьццара аьрцнаш. ХIорда йисттехула боьду аьчган некъ. Цул дехьахь ю жима юрт — дерриг а кхойтта цIа — КIорга Боьра , ша Йоккхачу Сочи юкъа йогIуш а йолуш. Чергази а ялийна, цигахь ваха хиъна кхуьнан шича Бувайсар. Берахь дуьйна цхьаьна кхиъна, цхьаьна левзина, цхьаьна мерза хан йиъна ву хIара шиъ, амма тIаьхьо кху шинна юкъа дуьйлира генара некъаш, шен-шен рицкъа. Бувайсар кхузахь сецна, ткъа хIара ца эккхаш, хIара ца кхочуш меттиг кIезга йисна. Делахь а еха ши аьхке яьккхира Данилбека кхаьргахь. Иштта

бевзина, иштта безабелла бу кхунна Iаьржа хIорд. ХIинца а итт денна эскарера цIа воуьйту сержант Узуев Нохчийчу кхачале, кхуза воьссина . Бакъду, гIовттаза хилахь а аьлла, чухIоттаза-м ву хIара хIинца а.

ТIера салтийн бедарш дIа а яьхна, иисъеш уьш чамди тIеохьа а ехкина, еккъа плавкашца висира Даниилбек.

КIеза хилла хьестало мела хIорд, кхуьнан когех шога мотт а хьоькхуш. Цкъацкъа меттахдолу хIуо, кIеда хьаьрча кхунах. Хийист пана ю. Хаза хеташ, цхьана кога кхиссало Даниилбек, шовкъ еъча санна, дIасауьду, Iадда латта са ца туьйш. Соций, кийра буззий чуузу и, моз санна, мерза хIаваъ. Кхуьнца хIара зовкх хьега схьабелара накъостий — салтий!

Юха тар тесна Iуьллучу хIорда чу иккхира, марахьарча сихвелла. Iаьржа хIорд!.. Сан хьоме Iаьржа хIорд!.. Хьоьга кхочуш хIума дац кху доккхачу дуьненахь! Пиллиг санна, дай дегI, чу гIора доьссина меженаш, ловза дуьйлу дог... Мухха а, сакъерадела ву-кх кIант.

Схьакъедира малх, дашо некъаш а дохкуш хIордан шортонехь. ЗIаьнарш дилхах юлура, дегIана там бора..

Хи бухара хьалахьаьжча, дато эханг, ира а хIуттий, халха хьийзаш гора, наггахь гал а эккхаш. Амма схьалаца воьлча, карахь ца дуьсура.

Цхьамма, цIенкъа санна, хи тIе басарш Iаннйра комаьршша: баьццара, лилула-сийна, бесо-цIен — массо а тайна лепара хIорд! ТIера бIаьрг ца баккхалора цуьнан куьцана! Схьа а къастийна, басар некха тIе хьарса вулура. Канаш чохь эцча, хи бос боцуш хуьлура.

Даниилбек дIаваха ца кхеташ гIеххьа хан елира. Схьаоьхура садаIархой — массо а маьIIера баьхкина генара хьеший. Цкъа цу дарбане хи чохь луьйчура, тIаккха хьурматечу малхахь Iохкура, тулгIенийн шабаршка ла а доьгIуш.

ХIорд яппарш ян белира, — хьанна хаьа цунна хIун ца тайнера? Чо лазаяьлча санна, чIечкъира, чухаьхкира маса тулгIенаш, тIаьхь-тIаьхьа йогIург зоьртал а йолуш. Геннара схьалелхий уьш, ша-шай хьалхаяла гIерташ санна, вовшашца къийсалуш, вовшех хьерчаш, герга мел хуьлу IаьIаш, кхуьуш, стамлуш, схьакхочура дийнна Iаламат. Амма Даниилбекана мелхо а хазахийтира хIорде зуз деана: аьрхачу тулгIенашца ловза хIоьттира иза. Берда тIеяла сихъелла тулгIе, кхуо леккха хьалакхоссалой, шен когаш кIелахула йолуьйтура. Бекъа жагIа башийна-хьакхийна, шуш-ш-ш дой, кхин дIа ца дахалун хи юханехьа додура — дуьхьал йогIу тулгIе, схьа а кхетий, естара. ТIаккха хьерчаш — керчаш бердехьа тасалора. Чопаш а сийсош, оьгIазе и кес улле кхаьчча, кIорге воьдура Даниилбек, ткъа важа, кхунна хаа а ца луш, тIехула оьккхура. ГIоттий, керлачунна дуьхьал ваьржара хIара. И кIорданйча, юха а йистехьа а волий, тулгIешна тIехула

кхиссалора. «ХIоппIа, хIоппIа», — шен нис моссаза дели, велалора кIант.

ДIо-ога дехьахь, кхуьнга а хьаьжна, изза дан юьйлира цхьа йоI — тулгIено кхоьссина дIаяхийтира. Ца Iемина хIума хала ма дай. Шен дагчу гIеххьа кхерам бижинашшехь, юха а чухьаьдира — настарш а лазош, йожийра. Хьала а гIаьттина, тIаьхьа уьдучу тулгIенна хьалхара юм йийцира йоIа — важа тIаьхьа ца кхуьуш, самалделла, юьйхира, гIамаро ца хуьйдина хи юха а хIорда чу дирзира. Кхуьнга а хьоьжуш, жагIана тIехула схьаедира йоI. Амма цIеххьана астагI а иккхина, цхьана кога буьхьара хIуьттуш ши-кхо гIулч а яьккхина, охьахиира. Цунна го бира садаIархоша. Церан жIуга а гина, тIевахара Данилбек а. Лаьттахь Iара йоьхна, кхераелла йоI, шиина а куьйга аьтту ког а Iуьйдуш. Хьалхха охьалахвелира Данилбек:

— ХIун хилла хьуна?

— Аьнгали дахна-кх, — аз дуьйхира йоьIан.

Чов бехъеллера, юккъе гIамарш — латташ а ихна. Цхьаъ ца дахь, и юххьа ер ю, ноткъа а йина, ког лозур бу.

КIорга Боьра дукха жима ю. Кхузахь пачхьалкхо кечйина садоIу меттиг яц. ХIорш массо а нахехь совцу, мотт а, кхача а латторг дийнахь-бусий кхо сом ах сом а луш. КIорга Боьрахь туька яц, почта яц, лор вац. ГIаш луларчу юьрта воьду цхьаъ хьашт хилахь.

— ХIорда чуьрчу хица била беза ког, цу сохьта толур бу, — са тедира Данилбека. — Дарбане ма бу хIорд: легаш шелделлехь, бага хи кхарза, цо гIо дийр ду хьуна; зезагаш дика кхуьу, и хи диттича, хадийнехь, чов ерзайо, — дозаллица дуьйцура кIанта, и Iаьржа хIорд шена бекъна кхаьчча санна.

— Хи даьржина ду, тIаккха дIовш даларна кхерам бу, — элира цхьамма. Массо а дIахьаьвсира: йистера шуьйра аса еккъа букъарш яра. Геннахь гора цIена хи.

— Хьаьана дерг а ду дIанехьа, цигара дан деза, — сацийра Данилбека.

— Цига-м мила вахалур вара...

— Со, — жоп делира кIанта.

— ХIан-хIан, жима къонах, — дуьхьалвелира къено эрмало, — хьуна хIорд ца бевза; цуьнца, мекарчуьнца, бегаш бан мегар дац. Гой хьуна цуьнан ловзабалар?

Данилбека аьлларг ца дира: тIус болу шиша карор дарий техьа? Карийра. И плавкаш чу а лачкъийна, дарбеллачу хIорда чу тасавелира хIара. Могаш вара, ницкъ болуш вара, нека дика хаьара. Цундела дагана гилгаш дуьйлура, тулгIенийн арданга юккъехь ша висча, цхьанне а кхунна дан гIо доцуш.

— БIов-в, хама бац хьан, моха еъна Iаьржа хIорд, — дагахь къамел дора кхуо, — хьайн леринарг охьа ма диллалахь, со хьох хIумма а йизалуш вац-кх хьуна. БIов-в...

Тиларчу бахча санна, бетталора хIорд, хин чкъор, букъ сеттош кеглора, ткъарш-ткъирш лоьлхуьйтуш, нйалора, гIуьттура, ницкъ хуьлуш санна, узарш дора, цIийзара, угIура, цIогIа деттара. Ткъа тулгIенаш тIаьхь-тIаьхьа чIагIлуш лаьттара.

Иштта чохь нека дан атта ду — къахьега ца оьшуш, ша-шаха дIачууьйзу; сих а ца велчахьана, кхера а ца велчахьана, тулгIенаша гIо до тIехьара дIатоьттуш.

Айвой, шайн уккал тIе а хаавой, вадаво, юха воссаво шина тулгIена юккъе яьккхинчу чхо чохь, хьо къайла а воккхуш. Керла барз кIелла богIий, буьххье воккху хьо, и бердехьа дIатаьIча, боьра чу вужу.

Данилбек сакъераделла вара шена иштта къовсавала яьллачу бехказлонах. И тешна вара ша хIорд атта къарбийриг хиларх. ТIе цунна хаьара, и шен гергара буйла а, цо шена цхьа а воиг дийр доцийла а. Цундела башха халачех а ца хетара шена тIедоьжнарг. Юккъе мел гIоьртш, тулгIенаш а маллора, церан ницкъ а эшна богIура.

Генара сийна я баьццара хетта хи тIекхаьчча бессара хуьлура, ткъа оцул дехьариг, бос тайна, гIаддахнера. Кхин а дIадора нека. ТIаьххьара а Данилбек кхийтира, ша левинарг маьлхан нур дуйла, ша мел дIаэхарх а къагийнчу хи тIе кхочург ца хиларх.

Хьаьъначуьра шиша а дуьзна, и тохарлерчу дIа а нисдина, юханехьа вирзира кIант. ТIаккха бен тидам ца бира цо ша тоъал гена ваьлла хиларан. Оццул некъ бан безар дагадеъча, цунна шена а хаалуш гIелвелира иза. «ДIакхачале ма кIад а лур ву со...» — Поьхначу ойланца еттара тIамарш.

ХIара садаIархошна генахь вара. Юкъ яц мел ели, хала дара, тулгIенаш дукха яккхий яра, цара ницкъ бора, тIехьашха тIекхетий къайлавоккхура, и шен хеннахь ган а гина, дегI айа ца дахь: массо эргIада а яра уьш. Делахь а и забар хиллера цкъачунна еш: йисте кхоччуш воллуш, дийнна раьгIнаш тIехерцара — цара юура кIумс. Уьш яра хьаьрчина тулгIенаш, уггаре а кхераме: чопано кIайййна кIозарш а яржайой, корта айбой, лаьхьа санна, хьарча йолало, тIаккха цIеххьана, чкъург санна, хьаьвза; юккъехь юьсу хара. Иштта юкъ еса йолуш керча бердехьа, цигахь йоххалц. Цунна юкъа ислахь, хIаваъ долчу хари чу, цо вуьйр ву. Хьийзийна, хьийзийна, тентак воккхур ву, тIаккха хьо хьала а валалур ваш. Цундела ларвала веза.

Ларлора, ма-хуьллу, ирахIуьттуш санна, дегI айдеш, тулгIенашна тIе а вижна, цхьа жимма а хьалха вахархьама. ХIоьттинера. Букъ тIе а вижна садаIа вуьйлира — бага юьззина «кад» малийра, са лецира. И дуьра берам легашка хIоьттина, са ца даккхалуш висира. Собаре сатохарна, хIаваъ чуоза сих ца валарна, тIех хало ца хуьлуш дIадирзира. «Вохахь — велла, кхералахь

а — велла. Воха ма воха, кхера ма ло», — хаддаза детталора коьрта чохь.

КІезга меттиг йиснера. ХІинца-м дІаккхоччуш воллура со аьлла дог тохаделччохь юхайнрзина йогІучу тулгІено, чІешалг санна, вадийна юхаваьхьнра. Дог дуьйхира. Дог детІира, шен доцчу денна.

СадаІархой дІатийна лаьттара, кхуьнан гІайгІа еш. Амма кхунах дог лазар бен, дан гІо дацара церан. Чов а йицъелла, масарах а дІакъаьстина йоІ, хи йисте а хилла, дІахьаьжжинчохь йиснера. Цхьана къеночу эрмалочо мохь туьйхира, юхахила аьлла. Амма хІордан гІовгІано хІумма а ца хозуьйтура. Эрмалочо, тІе а вахна, куьг тоьхна схьа а ерзийна, гиччо долччу пІелг хьовзийра: «Коьрта чохь кегаш ю хьан, хьен меттана? — кІоршаме тІечевхира и. — ТулгІено мотт хьаьккхина дІа чу ядор ю хьо». Озийна, шайна тІе дІайнгира цо йоІ.

Данилбек ша виснера шеца нйгІинчу доттагІчуьнца. Гергга тІевеъзнера хІара, маццахехь букъарш юккъехь вара. ГІора хІордехь алсам дара. Іожаллин сахьт дац. Нека ца далуш висахь я тІейоьлхучу тулгІенца хуьлу чхар коьртах кхетахь я бага деттачу хино садукъдахь, кхуьнаниг дІадаьлла...

Сел гІоддаха хІара тийсалушшехь, хІара ловзавора, хІара эшош лаьттара. Жим-жима гена воккху бердана. Дуьхьал йогІучу тулгІено юхавадавора, и тІех ма-елли, маса нека дой, хІара хьалха дІавоьдура. Мелла а хІара хьалха а тоттуш хьалхаоькхура тІаьхьакхиъзнарг. Юха а дуьхьал хьодий, генна юхавуьгура. Кхуо хьегна къа эрна довра. Цхьа а сатуьйсийла яцара. Кхузахь ветталуш Іевала а там бара, пхьаьрсаш меттах ца дахалуш чуьра са дІадаьллехь а, нагахь кестта хІорд туьйриг хилча. Амма хІорд тен дагахь а бацара.

ТІаккха еара цхьа хан, билггал ша хьалавалалур вац-кха аьлла кхунна хеташ, кхуо шех дог дуьллуш. Уггар чІогІа новкъа деънара, ша дех-нехах, везачух-вевзачух кхетале, Нохчийчу кхачале леш хилар. БІаьрнегІар тухучу юкъана хьалхашха чекхъйккхира хІара кхеттал хилчхьана кхунна дагадогІург дерриге а. Цхьа сурт меллашчу боларца догІура...

...Кхарна дуьхьал лаьтташ ду мостагІан уггар а нуьцкъала эскар. ХІан-хІан, шуна ма мотталаш и забаре мостагІ ву, бакъверг ву шуна, нагахь санна шен аьтто балахь вайх лата а, вай хІаллакдан а кийчча. Данилбек шайн бІан декъе кхаччале, ямартхоша, охкуш, лаьтта бухахула сехьа а бевлла, масийтта салти вийна хиллера вайн, набаро Іехийнчохь. И хІета а дижаза дара.

Иштта чІагІделла лаьтташ гІуллакх а долуш, цхьана буса Іуналлехь автомат кхерстира. Ха орцаха даьлча, гІароло элира, цхьа а ца гира шена, амма цхьа тамашийна татанаш хезира. ГІарол а хийцина; ха дІадахара. Дукха хан ялале сийна алу

гIаттийра цо а: «Хезира, ца гира». Цецбевлла, цуьнан метта а кхин хIоттийра. Юха а герз къамеле делира.

Веана схьакхечира «дада», бIан декъан командир полковник Чечулин. ДIателлича а, схьателлича а гучудолуш хIума дацара, духе ца кхиналора. Милла а дIахIоттийча а, герз дара дуьйлуш. БIаьхошна юккъехь кхерам а баьржира: боьхнарш а бара, боьлхурш а карабора. Цу стешхалло марсабаьхна етташ хила а тарлора автомат. ХIун дича бакъахь ду техьа?

Командира, бIан дакъа дIа а хIоттийна, элира:

— Шеплаамхой оьшу. Берзан дог а долуш, IиндагI гича топ а кхуссур йоцуш, билггал ямартхо вуйла хиъчий бен. Иштта наш белахь, юкъара бовла.

«ГIарс-гIарс-гIарс» — аьлла, хьалха а ваьлла, дIахIоьттира Данилбек. Цхьаболчу кхечара а дира изза. ТIевеара «дада». ГIарчI аьлла, дегI дулуш дIа а писвелла, дIакхайкхира Данилбека:

— МагIархо Узуев.

— Мичара ву хьо? — хаьттира Чечулина.

— Нохч-ГIалгIайчуьра.

Полковникан юьхь серлаелира: иза ша а вара Соьлжа-гIалара.

— ДIавалахь-дIа, нохчо хуьлу мекхаш а доцуш, — хьовзийра самукъадаьллачу командира Данилбек. Цхьаболу салтий а бийлабелира, цо бегаш беш санаргIатдаьлла.

— Мекхаш а хир ду, накъост полковник, — аз айдеш дош делира Узуевс.

— Хьовсур вай цаьрга а, хьовсур вай.

«Дада» луларчунна тIевахара.

— Нохч-ГIалгIайчуьра, Нохч-ГIалгIайчуьра, — дара хезаш.

Командир велакъежира: кхин ялх нохчий, цхьа гIалгIай кийча лаьттар IуналлехIотта. Кхин вайнах бан а бацара цигахь. Кхечахьарнаш а бара, кхеташ ма-хиллара. Делахь а вайнаш массо а хьалхаваьлла хиларна, полковникан дог дозаллех дуьзнера.

— Суна хаьара, накъостий ледара хир боцийла... Массо а чу а вахана, наргIат дIавижа мегар ду. IуналлехIуьтту тешаме къонахой — сан махкахой.

ХIокхеран дог ирахIотто дуьйцуш хила а тарлора цо иза-м. Буьйса беттасе яра, къаьрзина хьоьжучу седарчаша кхин а Iаьржа хоьтуьйтура. Ларъен аса сирлачу стогарша къагайо, цундела гIаролла хала ду арахьарчу боданехь доллург зедала, ткъа ямартхочунна хIара вуно дика гур вара. И дага а деана, Данилбек ларъен асанна арахьашха лела велира, дикка дIа а хилла. БIаьргашна аьхна дара цигахь. Боданах воьлча, кхунна къаьстира баганан хьун: дечигаш яра тIамарш а яржийна лаьтташ, Iаьржачу юргIанах а хьаьрчина. Сакхаьлла дIатебира Данилбек.

8 ФИЛИАЛ с. Давыденко

Дийцар

ЖІаьлин оьмар, тов! Тахханалц суна хезна дош дац и... Хьуьна юккъехь лечкъина Іуьллу Іам, мох-хІо хьайча, гежа. Шортта дашо нур доьлху стиглара, Іоман куьзган чохь маьІ-маьІІехь цІераш туьйсу, чухьаьжча бІаьрса а дойуш; цхьана хІумнах самукъадаьлла, бер санна, ловзу малх, кегнйчу тулгІеш-на тІе а хиъна хехкало. Іаламат хаза хета суна хІара де, хІунда аьлча сакъераделла волу дела. Тамаша а бац: соьца ю сайн сил а суна дукхаеза Орина!

Малх гІерта догІмаш хьийкъинчу зІаьнарех дотта, шен баса дерзош, хаздан. Цуьнан аьхна йовхо синан орамашка кхочу, там бо, дог, лала а делла, охьадаххал.

Нека хьоькху ас, Оринна тІекхачахь хи-кад малор бу боху забар а еш. Цо хьалхара тІамарш етта. Со тІаьхьа ца кхуьучух, сихйинна тІаьрзенаш дІасакхуьссу ас. Цуьнан ког а лоций, мел-лаша буха озайо. «Ма, ма, Леша», — олий, ша кхераелла кеп хІоттайо йоІа. Тхойша гамхе долу. Ул-уллехь лаьтта. ЦІеххьана суна цинцаш а тоьхна, кІорге хьоду Орина. Со, ка хьоькхуш, хи детта вулу — йоІа соьгахьа букъ а берзабой, шинна а куьйга шен юьхьмарш дІалачкъайо: «Ма, ма, Леша». Иза Іаддалаьтта. Цин-цийн дарц а дахьаш, тІеоьху со. КІегара йолало Орина. ТІаьх-хьара а, букъ берзийна ма-хиллара, сан мара южу йоІ. Цуьнан ши накха сайн пхьаьрсашна кІела а нисбеш, тІехьаьрча со. Бат а, мара а цуьнан коьрта тІе а таІийна, ца Іебаш, месех доггаха хьожа йоху ас — шел хаза хир а юй техьа дуьненахь хьожа!..

Тхуна цхьа ткъех гІулч гена сецира тІехь дечиган черма а до-луш говра-ворда. Ворданахь дара ханъяьлло зудий, стаггий. Зуд-чо чийлака чохь хи а кхийдош, вукхо чу а дуттуш, шайн черма дуза хІоьттира и шиъ. Стага кест-кеста бІаьрг беттара тхо долчу агІора. Тхойша ховхачу бай тІе хьала а даьлла, бертал а дижина Іуьллура.

Цара шайн къамел долош сан тидам а ца хилира, амма цІех-хьана лерах кхийтира:

— Маса шо даьлча йолало жІаьлин оьмар? Кхузткъа я кхуз-ткъе пхиъ?

— Со-м ца кхета ахь дуьйцучух, — жоп делира зудчо.

— Ца хаьа хьуна? — цецвелира важа. — Стаг къан а велла, зудчуьнца юкъаметтиг хила де а доцуш, делахь а, йоІ гича Іен ца луш, пхьуьно «гІалх» санна, бага еттачу хенах олу-кх «жІаь-лин оьмар». Вайшиина-м тІекхаьчна и, ша ду хьуьлла Іуьллучу къоначийн гІуллакх. — ТІаккха тхоьгахьа а вирзина, соь элира:

— Хьо ледара ма хетийталахь, жима стаг, хІинца ца яьлла

хIонц тIаьхьа яккхалур яц хьоь. Кхано дохко девр ду шу, эрна эхийтинчу заманна. — Юха меллаша, шен меркIел: — Э-э, къоналла, схьаелира хIетте а...

Дуьхьала вист а ца хилира со, амма сан кийра туьйхира алу, массо а меже морцуш... Маьлхан нур а дайра, Iам а лекъира, дуьне а Iарждели ра. Дерриг а хьулдеш, бода буьйлира... ЖIаьлин оьмар... Деллахь, хIинца ма шен метте нисделла дош ду хьо!... Ларамаза салоцуш чов йи-кха цо суна. Хьуна мичара хуур дара и, воккха стаг, сел къоначу суна а жIаьлин оьмар тIекхаьчнийла?..

...ДегIана а, сина а хала чехка тIом иккхира. Со а, сол къона а, сол тоьлуш а хийла жима стаг хьаьдира цу кхехкаре дIаьндарг яхана я гериг кхетта вожа, кхин цкъа а ца гIатта, цкъа а кху хазачу дуьненах сирла бIаьрг ца тоха; вуьш чолакха, заьIапа бирзира юха. Ткъа со... Со ваьккхира цу тIамо кхалакхезиг. Синкхетамчуьра ваьлла а Iиллира дукха. Лоьраша воруш, этIош, тоьгуш, латош чу садалийра. Веллачуьра денвина лара мегар ду.

Со этIон лор Орина яра. Цу тIехула девзина а, цу тIехула гергарло тасаделла а ду тхойша. Хийла сан дог оьцуш дош аьлла цо. Цу хазчу хабаро а гIаттийна со меттара. ЧIогIа езаелира суна Орина, иштта соьца хьакхаелла ю йоI а...

Цхьана хазачу буса ул-улле а даьлла эвла йистерчу боьлака[1] дахара тхойша. Хецца шен нур тIедуьттуш тховша ловзура самукъадаьлла сирла бутт. Даладелла, цIарринехь бекара чилланаш, гIаддахана шакарш еттара олхазарша, вовшашца къийса а луш, вовшашка ла а дугIий, дуьхьала а кхойкхуш. Мела хIаваъчуоьзча, ша боллу синпхоша бузура, цIий чехка долура, марзонца лелара. ЙоI мара а къевлина, доггаха обанаш йохура ас, сайн йиш хилча, дIакхаьллина яъал и езаш.

ХIусаме дахара. Стогар ца латош, куьйга эшарца маьнга схьа а лехна, дIатаьIира. Луьйдиг санна, хьаьрчира со йоIах. Со гена вала воьлча, цо элира: «IадIе, вон ма лела», — амма со сацо ницкъ карор барий кху доккхачу дуьненахь? Орина «сан хила еза», кхин дерг дош дац. Орина малъелира, дуьхьало ечуьра сецира — вуьшта айса лехначу кхечи со аьлла суна хеттачу хенахь боккха тешнабехк хилира суна: ца ларавелира... ЮьхьIаьржа хIоьттина, дерриг а дуьненна оьгIазвахна, вист ца хуьлуш Iиллира со вехха. Мацца а халла меттаххьайра балдаш: «Со кхеташ хIума дац хIара. Хьуна хаьий и хIун ду?»

Оринас халла, дела балийца, схьаднйцира: суна тIамехь хиллачу чевина цIура[2] висна со. Толур ву-вац хаьттича, цхьа ах шо даьлча, гIора дуссур ду аьлла дагна хьаам бира. И хан чекхъяьлча, кхин оццул собарде элира. Кху деношкахь шолгIа тоьхна

[1] Жима, ша къаьсттина лаьтта хьун.
[2] Зудчуьнца гIуллакх ца догIу стаг, цIуьхIар.

* * *

Бlаьсте ю мlакьяьлла: беркате хьожанца марздина хlаваъ, зевнечу шакаршца дека олхазарш, дуьненан хазалла массарна а кхайкхош. Цlеххьана тапча яьлча, буьйса дlатийра, гlар-тата дижира... амма жимма lийна юха а айделира бlаьстен илли, хилла зен а, баьлла бохам а, lожаллин бага вахана цхьа а воцуш санна.

ГАЙТАМАН ДОВ ХАТТАР

Дийцар

Гуттар а лелаш ду адам. Цхьанаметта са ца туьйш санна массанхьа а кхиа, массанхьа а кхача гlерта. Мел дукха леларх а дог ца lеба, кlорда ца до: вайи мохк lаламат боккха хилла ца lаш, барам боццуш хаза а бу. Дlаевззина меттиг хазло, цигарчу нахаца доттагlалла тасало.

Хьаьдда йоьду цlерпошт Соьлж-гlала — Ленинград. Эмалк санна, чехка дуьхьала йогlу важа. Иштта — массо а маьlехь. Газа болу нах вовшахбеттало, ца бевзарш бевза. Генна эха деза цхьаьна. Вист ца хуьлуш lахь, некъ хьаьхар бу. Ша даьккхина хlума а доцуш, билггал хилларг дуьйцу некъахоша, сеццина бакъдерг.. Хийла ца хиънарг хаьа, ца хезнарг хеза! Цкъацкъа хабар доца хуьлу, делахь а, цкъа а дицлур доцчу кепара, хьан дагчу дуьжу.

Техкаш йоьду цlерпошт. Хlинца къона зуда Валя ю къамел деш. Ши бер, майра а Южно-Сахалинскехь дисна цуьнан, ехаш цигахь хиларе терра. Ткъа ша, балха тlехь мукъа хан елча, иттех де Къилбаседа Хlирийчохь, Бесланехь, шен хьешашкахь а даьккхина, хlинца ша йинчу, кхиинчу шахьара Ярославле йоьду...

Жимчохь дуьйна шайн шахьар еза а, цунах дозалла дан а lамийна яра Валя. Ярославль сурт санна хаза ю. Исбаьхьа, шира гlишлош... Килсан баххьаш тlехь lуьйренца, чуьппалгаш санна, кхиссалуш лелха маьлхан зlаьнарш!.. Шахьарна юккъехула доьду цlарна а цlеяххана Волга... Доцца яьлча, Ярославль башхачу шахьаршна юккъехь а ю даладелла. Иштта хаза ойла, цlена дог долуш ву и верриге а ахмиллион ярославхо а, бохур долуш яра Валя, нагахь санна гайтаман дов хоттуш гlарадаьлла осал хlума дийцар хьалха ца даьллехь.

...Товш, наха лоруш, хьуьнаре эпсар вара къона майор — цунах йоккха йийна ца йолура нана. Дуьххьал дlа цхьана хlуманна йогура — шира кlантстаг висина волуш воллура и. Нанас хьахийичу цхьанна а реза а ца хуьлура. И вешаш, цунна мегаш йоl дуьненахь а хир яц аьлла а моттийтина, зудаялийра майора. Кхаа дийнахь-бусий доккха ловзар лаьттира кхаьргахь. Дукха

хан ялале, Iедало массо а хIуманна кхачам болу петар а елла, боввелира майор.

Бо санна, цхьа йисира нана. ХIусам яссаелча, ша чIогIа гIийла хийтира. Къаьсттина базлора и бала сарахь.

Жеррахь балхара чуйирзина хIара, тийналло Iадийра. Чохь са а дукъделла, уьйтIа елира нана. Кора кIелахь цIе яьлла догура кхуо кхийна роза. И а дара деккъа ша. Зезаг орамаца схьа а даьккхина, дехачу Iай хаза хьожа чохь латтийта дагахь, кхаби чу доьгIнера, ткъа иза мархалдулура. Хетарехь, малх ца тоьара. ХIинца кхунна шен кIант санна. БIаьста юха а лаьттах дуьйгIира. Сиркхонаш лехьийнехь а, розина чу са деара: ботт а еллаелла, цIарула-цIен самаделира иза. Iийна иза басаделира, цIоьлла юьйжира, хьожа лахъелира. Амма зезаган пардош охьаэгале, гIаьттира кхин масийтта. Гуьйре тIаьхьенга яхча мIакделира роза — иеханаш гIурано хIаллакдинчу хенахь. Ховха зезаг, экам зезаг... Нанас лерина Iалашдора и, шел ца далийта буса тIелхигаш юккъа а хьарчош. Цундела хьалхарнаш дожа а кечдалале, керланаш кхуьура. Кхуьнаниг бен доцу дела делахь а, я роза боккъал а сел хаза делахь а, тIех мел волучо хестадора: ма томехь ду, балозан долуш санна!... Ловзаргахь, тIехь мел долу зезаг хьаькхина дIа а хадийна, дIацIанйира колл. Деккъа дисина зезаг. Ша йисира нана...

— Ринжа деллахь, ва нана, — кIеда аз хезара цунна цIехьана. Корта айбира: дитт а зIуздина, самукъане гIовгIа яькхина дохкура хьозарчий (къаръелла хилла техь и, хIинццалц ца хезаш?), лапдари санна, бес-бесара къилбехьа къегара анайист (бIарзъелла хилла тIехь и, хIинццалц ца гуш?). Кийрахь бIаьсте елира: цунна хьалха лаьттара уггар диканиг, уггар бакъахьарниг, уггар... цуьнан цхьаъ бен воцу воI. Жимчохь ша ма-Iаммара, туьканара мел оьшу сурсаташ а эцна, балхара ма-велли, нана йолчу веанера майор. Ненан дог зезаг хилла гIаьттира.

Иштта хIора сарахь хIуттура майор нана йолчу. Ша йиц цаярна, шен гIайгIабарна, дог дика хилла лелара нана. Амма къона несарий сутара хуьлу. Царна терго а, безам а шайна беза. И безам марнеиаца бекъа а ца лаьа царна. Нускал доладелира майоран садаа, ваьлча а, воьлча а ца вуьтуш: Iедалан кхеле а дилли, нанна хьайгара йогIург билгалъяккхийта, цул тIаьхьа вайн цуьнца бала а бац. Вайга хIун хIоьттина и кхаба? Де эшнах яций и?

Майор тIе ца тайра: дакъаделла га санна, дIахадо йиш яц шен ша вина нана. Ша ца хьаьжна, мила хьожур ну цуьнга? Юккъехула нахала даьлча а, ирча эхь ду ахь дуьйцург. Ахча лекъна хьан, гIело хуьлу, кIел йисна? ХIан-хIа, нана совъяьлла ца лела ша, и тесна йитар хьеха а ма де.

Вуьшта юх-юха делхош, социйла а, хIуттийла а дайина зудчо майоран.

— Хьо гIохьа цу кхеле, со а ца хьийзош, — аьлла майора, дог а даьттIа.

Дов дахьаш жима зуда еъча, кхелахочо хьехар дина, товш доцу хIума дола а ма дс аьлла. Вукхо лерган дуьхьиг а ца доьгIна. Шега и кхеталур йоцийла хиъча, гайтаман дов хаттар диллина кхелахочо.

Цу девне ладогIа гулбеллачу наха тIанк-аьлла чоь йоьттинера.

— Хьан хIун ду ала? — хаьттича, майора жоп делла:

— ХIумма а дац-кх. Дов кхеле делларг а со вац, кховдийнчо ала-кх шена лаахь.

«Куьг бехкечунна» дош делча, цо кхеле дехна, марнанна догIу ахча Iедалехула чусацадар — цул тIаьхьа цу зудчуьнца гIуллакх а дацара шайн. И ша ю, хIорш — шаьш бу. Шайн доьзална цхьа а юкъагIертийла ца лаьа шена. Нана бахьанехь хенахь чу ца воьрзу шен майра, ахча а духку. Цундела къастаде шайн дов.

ТIаьххьара нана а гIаттийра.

— Хьуна мел хIун дезар дара кхаьргара, нана?

Йоьхна, ойла дIаяхна лаьттара нана. Логах хорам хилла, къамел ца далора. Елхаран къурдаш а деш:

— ХIумма а... суна цаьргара хIумма а ца оьшу... кхин яла йоллуш-м яц со?... ХIара эхь, хIара юьхьIаьржо... — Цо куьйгаш-ца къевлира юьхь. Мацца а меттаеъча, дагахь доцург элира:

— ТIе шуна хаа лаахь, и сан воI а вац.

— Муха? — цецвелира массо а. ХIинца кхин а лерина догIа бевлира ла.

— Юьртахь Iаш дара тхо. ХIетахь къона яра со, тIехьийзаш кIант вара. Цкъа везарца жIаьлийн нускалш лахьо дахара — цу тIехь дика кайолура сан. Сакъераделла лаьттара хьун — шен хазаллех, тхан жималлех. Тхол а чIогIа ловза баьллера мела мох — генех тийсалуш, гIаш лестош, шабар-шибарш деш, марахьерчаш, чета лелхаш... ЦIеххьана — ладогIал, ладогIал, и хIун аз ду? Бер дара доьлхуш, цхьамма дIакхоьссина бер. Декъаза зама яра и — меца зама. Халла ка-мIараш етташ бохкура нах. Азбеллера, мацалла лера... Бер а карахь цIа еача, соьга схьахьедира: долчара а дIакхоьссина бер кхабар вайна тIехь дац, ваьшна а дан амал доцуш, хьайна карийначу дIахьо. Цара бохург ас ца дира — цIа дита дийзира.

Ярославлехь пенсех йоллуш неца яра, шен долахь цIа а долуш. Цуьнга кехат дахьийтира ас, ахь тхойша тIедитахьара, ас тIетаьIIина болх бийр бара, ма болх бийр бара ас, неца, гIо дехьа суна, аьлла.

Массо а ма вац дог доцуш.

ДIайола, гIо а дийр ду, хьо балхара яллалц кIанте а хьожур ю, аьлла, хаам бира, некъана ахча а тосуш...

Нана дIатийра.

— Хlинца мичхьа ю шун неца?

— Кхелхина-кх.

— Бакъ дац цо дуьйцург, бакъ дац! — мохь белира несе. — Неца елла, да-нана мичхьа ду а ца хаьа, цхьа а теш вац. Хlинцца кхоьллина цо и, къахетийта.

— Хьуна а дайна, цхьа а теш вац, — тlетайра нана. — Аьлча а, цхьа а теш дийна вац. Амма бан тешам бу сан: со хlинца а йоlстаг ю...

Цхьа а тайпа кхел ца хадийра. Хьашт а дацара. Майора куьйгаш тlехь ерриг а гlалахула цlа яьхьира нана.

— Зудчунна хlун дира майора? — хаьттира оха Валига.

— Шен нана къинтlера хьуна ца ялахь, вайша къаста дезар ду, — дlахьедира майора цуьнга. Нус ша а кхетта, ша шех кхаьрдира, ша айднячунна йогура. Цхьаднка, нана цу сохьта яста а елла, несана геч а дина, цхьаьна баха хевшира уьш. Цул бертахь доьзал-м наггахь а хир бац.

— И ю хьуна зуда, и ду хьуна адам! — иккхира соьгара.

— Цхьаъ осал хиллехь а, важа, деши санна, цlена ю, — йистхилира Донецкера къена хьехархо а. — Цундела шек а ма яла хьо, Валя, ярославхошна хlума ала стаг вац хьуна кху доккхачу дуьненахь.

* * *

Буса Москоха кхечира тхо. Валя кхузахь охьайосса езаш яра, кхечу цlерпошта а хиъна, Ярославле яха. Чамда охьаяккха гlо а деш, тlаьхьавелира со. Дlасакъастале хаьттира ас:

— Ахь йийцина нус... хьо ярий, Валя?

— Хьо муха кхиира цунах?

ДЕКХАЗА ЦА ДИТИРА

Дийцар

— Хьо мичара ву, кlант?

Датlа дог а, пах а ца дуьсу сан и барт хетта нохчий буьйлабелча. «Хьан хlун бала бу?» — бохург а дагахь, дlахьаьжира со, делахь а архаш юхаоза дийзира, хlунда аьлча, стаг къено вара. Сайна деле собар а дехна, тийна-таьlна жоп делира ас:

— Хаьмбн-Ирзера, Тlехьа-Мартанан район.

— Хаьа, хаьа, свза суна, — даладелира хаьттинчунна. — Хьенан ву хьо?

— Хьуна вевзар ма вац, — волавелира со, амма:

— Суна хlунда ца вевза? — халахийтира воккхачу стагана. — Хьенан ву хьо?

— Хьенехера, — дан хlума а ца хилла, вистхилира со.

Тlаккха гуттар а гlадвахара и, тамхилла, юьхь елакъежира; бlаьргашна гондахьа, гlоттучу маьлхан зlаьнарш санна, дlаса-яьржина хебарш йийшира.

— Ахь боккъал! Цхьаннан аматаш карладевлла, хьо безам хеташ ма гlертара со духе кхиа. Хийла шун хьаша лаьттина дегl ду сан...

Сан дог а дастаделира хlинца: цуьнан мокханца баьшна корта а, юьхь а сирачу юьхкаша луьста дlалаьцнера, амма шен жималла дагаеана, хазахетта дела делахь а, бlаьргаш чохь нур сегара, пхиттара ваьллачуьнан санна.

Вийцира сан да, «лом дара хьан деваша», ва кхин а, кхин а.

Цаьрца шен хилла юкъаметтигаш а хаийтина дог жимма пургlатдаьккхиичу муьрехь, цхьаъ дуьхьал иккхина, велакъежира воккха стаг:

— Ас цхьа хlума дийца хьуна? Хаза ду-кхи и дан-м. Гlеххьа пис стаг вара и хьан дешича Исмайл. Ахь дегабаам а ма бе, ас аьлларг ца тарах, хьажа юккъе шад а ма хlиттабе, и-м сан сайн а вай чlогlа верас: шиа. Цуьнан наний, тхан дай йиший, ваший дара... Гихта дlавогlий, Исмайла довла а, дола а ца дуьтуш хьийзадора тхо, мерза кхача хилийта шена бохуш, мух-мухачух вешар а вацара:

— Хlара морза-берам-м Хаьмби-Ирзехь а кlорднйнера суна, жижиг-галнаш хlиттадел хьалха.

Цкъа сарахьо схьакхечи хlара. Со, сиркхо а хьакхаелла, меттахь виснера.

— Цlе латоза хlунда ю? Цlийнана, аьлча, а хlара хьетlабехчалг мичхьаша кхерста? — мулкалмот санна, барт хатта хlоьттира соьга.

— Хьетlабехчалг кхайкхина, ден цlа яхана.

— Гlур яцара хьо стаг велахь-м: хьо-м велча а бен ца хета хьуна, зудчунна там хилчахьана, — со хьийзо ваьккхира Исмайла. — Яа хlун ю хlинца?

— Ламанан шовда санна, сирла цlолкъа а бу, коьртах тоьхча хье чу а хьур болуш, екъа сискалан юьхк а ю, — долчул а дакъаза даьккхи ас гlуллакх, кхуьнан хlуьттаренна.

— Кхин хlун хир яра хьо волчохь, — чуьравели Исмайл, — хьо санна, муьста берам, стохкалера сискал ца хилла? Цхьа а тайпа жижиг дуй кху чохь?

— Хилла меттиг а бац.

— И-м суна а, хьаха, хаьа. Кхалла мегар йолуш хlумма а яц?

— Эцна еана хорбазаш хила еза хьуна цхьанхьа, схьалахий, церан чоме хьажахьа.

Со хьийзаво ша бохуш йокх-йоккханиг ши-кхоъ йохий кхуо: дог дууш, дакъош дуьтуш.

— Гай тlеданйтар бен, токхо лац хорбазо а. Ахча дуй хьогахь?

— Карор ду.

— Схьадал ткъа, нал санна, керчаш а ца Іуьллуш. Ас хуьлуьйтур ду жижиг-м...

Нахарташ дІаехи:

— Хьох бала кхин пайда а бац, со АюбгІаьрга воьду.

Аюб тхойшиннан важа шича ву.

— Шаьш юург кечйина девлча, соьга бІаьрг мукъане а таІабелаш.

— Мохь а-м тухур бу, — дош делира Исмайла.

ВорхІ герка жижиг а, тоъал къаьркъа а данйтина, чубаьхкинчу накъосташкара а тІехь бол а оьцуш, несе дика жижиг-галнаш а дайтина, сакъера хевшина хІорш. Вез-везарг цхьаьна а нисвелла, рицкъанах кхеташ мел сакъерало хаьий хьуна? Массо а къона а, могаш а хилча хІете а. ХІе-э-э... Дууш, молуш, шайна кеп хилча, Іаччохь, меттах а ца хьовш, сох ца бешаш, бІаьрг а таІош, мохь биттина:

— Ва-а, хьенех, схьавола, жижиг-галнаш схьадевлла хьуна!

И хазлой, массо а какавоьдуш Іийна хІорш.

Суна-м ца хезий цара чохь детта цІогІа. Хаам ца беш, уьш хьебелча, шек а ваьлла, чуваха со — текха улле а ца вити — со хьийза а веш, шайх йиснарг суна а кхуссуш, бегаш а беш, чоьхьа йилли мел ерг а. Сан дуй-ткъа царна дан хІума?

Цу буса шаьш со хьийзавар ца тоьаш санна, цІа воьдуш Исмайла сан ирдина дика жаммагІа даьхьна хиллера. Кара ма ца динна, и цунах ца даьллийла хинра суна.

— Дала мукъалахь, и хьуна дІадекха, — дагахь дуй бинра ас.

Дижжалц собар а дина, вовшахтуьйхира ас тхайн мел волу шича-маьхча — кегий нах:

— Вай хІун дан дезий? Вай Хаьмби-Ирзе даха деза. Шуна ма-хаъара, хаза мехкарий бу Хаьмби-Ирзехь, уьш чу а гулбайтина, Исмайл а хьийзийна, самукъа а даьккхина, юха доьрзур ду вай.

Бан а бара хІетахь Хаьмби-Ирзехь хІуърлаІнаш санна хаза мехкарий, хІинца хІун доллу-м ца хаьа суна цигахь.

Массо а тІетайра.

Момса боху цІеяххана пондарча а цхьаьна, ши тачанка йоьттина дІатаьІира тхо шун юьрта.

Юккъехь керт-ков а доцуш, цхьа уьйтІе яра цу вежарийн, шичойн. ЛагІ ца еш тачанкаш чоьхьа а тесна, ма-йоьдду дехьа йисте а кхаьчна, юхахьовзийна ИсмайлгІеран неІара тІехь сацийра.

— Шу чу гІо, сан жимма гІуллакх дара, — аьлла, тІаьхьасецира со. Уьш салам-маршалла хоьттуш, хазахеташ, бІаьргаш хьетІа даьхна хьийзачу юкъана кхеран буьи чу а вахана, схьалоцуш, урс хьоькхуш, бархІ котам охьайиллира ас. Юха тхешан тачанки тІехьа йиллинчу алах йоьхкира.

Чоьхьавели со. Морза-берам, сискал, хох хьалха хIоттош йоллура Дургал, цу хенахь нускалара яьллий-ялазий жима зуда.

— Цунах кIелхьара яла йоллу хьо, ва Дургал?

— ХIинцца чIепалгаш а, хингалш а дийр ду, — йолаелира нус.

— Цунах гIуллакх хир дац, суна жижиг-галнаш деза.

— ВаллахI, Хаза КIант, вайгахь жижиган цхьа хьаса-м бац.

— Писалла лолда шу! Шу довза а девзаш, ас деъна жижиг, — деза туьйхира ас. — Яло, оцу тачанки тIерачу ала юккъехь яйина котамаш ю хьуна, уьш маса кечъян карахдалийтал хьайн!

Исмайлан юьхь серлаелира, шена хуьлуш лаьтта тешнабехк а ца хууш:

— Иштта дуьйлал шу моссаза догIу а.

— Иштта ца дагIахь, аша дузийна-м гIур дац, — тIех туьйхира ас.

Ткъа нус тохаелира ас аьлларг кхочуш дан.

Хьан нана а тIехь, гулбелла несарий, цIийдиичу хи чу а Iуьттуш, котамаш тило хевшира. Цец а йолий, Дургала олура:

— Хьажахь, Хаза КIант, сан берозачу котамах ма тера ю хIара!

— Хьан бен ма хила аьлла-м дац береза котам?..

— Вай даха, ду тап сан кIуж-меъ, — Iай-йй йистхуьлу Дургал юха а.

— ХIара-м дIадаккха а, тIетоха а хIума доцуш, сан нана-котам ю...

Иштта уьш шечарах тера хиларх йоккхаеш — тера а муха ца хуьлу! — котамех жижиг-галнаш кечдира; хьан вукха дешнчас, Мохьмада, сацийта аллалц къаьркъа а латтош, хаза молушдууш, забарш еш, синкъерам бина хелхадуьйлуш, мехкаршка дог дохуш, дикка хан дIатуьйхира оха.

Тхаьш дIадоьлхуш, Исмайл юьстах ваьккхира ас:

— Хьо, хIоа ду-дац хьоьжуш, котамна пIелг Iиттал бен стаг воцийла-м хаьара суна, тхо новкъа даьхча, ягар мукъане а елахь уьш.

Аса багах доккхушехь, кхиира Исмайл. Макхвелира, тIаккха корта а оллийна дIахIоьттира: суна и хIун дина доькхур дара техьа, бохуш ойла еш лаьтта-кх иза...

— Бехк ма биллалахь, со дIа ца вахча ца волу, — юкъахваккха дийзира сан воккха стаг. — Мукъа хан ма-елли, хьоьга ладегIа со Гихта вогIур ву. ХIинца бехк ма биллалахь...

Хабар

ДІадахар ца дайзача
Хурпдолчун чам хургбац.

Дж. Яндиев

Иза хилла...

ХІун бен ду и мацца а хиллехь а, хилла хилчахьана?..

Урамашца ца яьлла дІасаяьржина юьртан ши-кхо бІе саькхал. Церан керташкахь гуш ду тиллачу комарийн, акказийн, акхтаргийн дитташ. Диллинчу лайно саькхалийн тхевнаш а, дерриг латта а къарздина. Бузучу маьлхан зІаьнарша цІеран баса дерзийна дуьне.

Абубакар пхьоьханахь лаьтта. Цхьана а хІуманца къаьсташ вац и нийсархойх. БерхІитта шо, Іаьржо амат, нийса юьхь-марш, зІаьнаршлахь лепа буора ши бІаьрг, юккъерачул жимма лекха дегІ, шуьйра вампалан белш — цу кепара пах шортта ма бай Нохчийчохь.

Башха даладелла яц цуьнан бедар а: кхакханан сура куй, ламаройн машех тегна гІовтал а, чоа-хеча, басмин коч. Юкъах кхозу шаьлта. Пезагашна тІехула йоьхначу неІар-мачашна чуьра ча арагІерта. Цуьнан тІехулара духар дерриг а Іаьржа ду.

Шуна ма-гарра, Абубакар цу пхьоьханахь цхьаннах а къаьсташ вац. Амма накъосташа хийзо юкъаверзийна Абубакар.

— ХІинца-м дала доллалц кІалдаьтта дуур дара вай, — боьлура уьш.

Цхьа ша-шаха, можа юккъе, велавелира Іасанна тІе а тевжина лаьтта воккха стаг.

— Жима къонах, — вистхилира и Абубакаре. Массо а дІатийра цо бага гІаттошехь. — Ас цхьа хьекъал лур дара хьуна, ахь дІаоьцур делахь.

— Дера оьцур ду-кх, сайн схьаэца хьекъал кхачахь-м, — жоп делира Абубакара.

Воккхачу стага меллаша, хІор дош а къастош, охьадиллира шен хьекъал.

— Етт тайп-тайпана хуьлу, — элира цо. — Етт дашо а хуьлу, етт йоьзан а хуьлу. — Кегийрхой акъбевлла бисира. — Дера хуьлу. ТІе и хаа хІумма а хала а дац. Хьайн къамела юккъехь ала: «ПІерасканан дийнахь базара а бигна етт бухкур бу ас», — алий. Нагахь санна: «И-м бен а, бохка а вайн бу», — аьлла жоп лахь, етт дашо бу хьуна; ткъа нагахь: «КІорІаннора, бухкур бац иза-м, и-м, хьаха, бу ас ден цІера балийна», — алахь, етт йоьза бу хьуна.

Цу тІехь чекхдаьккхи воккхачу стага шен къамел, Абубакар

ойланашка а вожош. Пхьоьханара цIавирзича а хьийзавора Абубакар цу ойланаша. Кхуьнан сесаган Зулайн жоьпах дозу етт дашо я йоьзан хилар. Абубакаран коьрта чохь ца соцуш дека: «Дашо етт — йоьза етт». «Дашо етт» — бохучу дешнаша, кхуьхан дог серладоккху, хазахетий. Ткъа хIара: «Поьза етт» — бохучу ойланна тIехь сецча, хьаж хебаршка доьду, халахетий, оьгIаз а воьдий.

Дечигпондарх гIайгIане пIелгаш детташ суьйренга вахара Абубакар. Пхьуьйранна, ша хирг хир ду-кх аьлла, дIахьахийра цо зудчуьнга:

— ПIерасканан дийнахь... базара буьгур бу ас етт.

Зулайс жоп ца делира. Ур-атталла хIунда бухку а ца хаьттира.

«ХIинца хIун аьлча бакъахь дара техь? — дагатесира Абубакарна, амма кхин вистхила ца хIоьттира.

Абубакар бIаьргаш а хьаббина Iуьллу, набаран суй а ца кхеташ. Буьйса генна юкъал тIехъяьлла, амма Абубакаран хьено тIетаьIина болх бо. ДIанхнарш карладуьйлу...

Ялхийтта шо кхаьчча цхьалха бо висира Абубакар. Цуьнан долара къен пал дукха декъаза бара: тхов тIехь лекха татеш а евлла лоха саькка; тIера поппарш охьаэгарна, къарзделла пенаш, жимачу пешах хоттало тиша черт а, тIехь беркъа мотт болу паднар, терхи тIера кхийрачу пхьегIашна а, лаьнгара чуьра гомаца диичу Iайгашна а, чадарчашна а маццахехь маза[1] тесна хир бара, нагахь санна Олхазаран зуда Байсари ца хиллехь чуян а, чуьра дезарш дан а.

Береша кIезга туьйсура уьйтIарчу гоьзанах дуьрстанан генаш.

Абубакаран уггар мехала хIума дех бисна цхьа йоккха гай йолу дечигпондар бара. Кхуьнан маьхча волчу ОлхазаргIаьрга чугулло нийсархой, Абубакара пондарца, иллешца самукъа а доккхуш, хан тухуш Iара...

Цу заманчохь дейттара яьлла йоI кхиира ШахIидан. Цунах, Зулайх, Маьлх-аьзни олура мел гинчо. Ховха дегI, шура-чопа санна кIайн юьхь, кIеда Iаьржа бIаьргаш, тIамарш дIасатесна Iаьржа цIоцкъамаш, еха Iаьржа чIабанаш йолуш тамехь яра йоI. Иза ерриг а шина басах йина яра: кIайчух, Iаьржачух. Дарийн гIабалий, ехачу чечакхел лаккахь полланан кепахь тIамарш йолу можо-кIайн хIирийн бой, когахь еха пазаташ, кIайн носкеш, царна тIехула лакронан пошмакхашший юьйхина. Зулай ловзарга хиъча, массо а кIентан бIаьрг цунна тIехь соцура. Хийла кIант хир вара и гIенах дуьхьал хIуьттуш...

Цхьана башхачу суьйранна Олхазарий, Абубакарий шовдана йистехь Абубакаран гIуллакх а дийцина, дуьненан синкъерам тIелацийтира оцу Зулайга.

---

[1] Дуткъа пардо.

Амма цхьа Абубакар хилла ца Іара Зулай езаш. Совдегаран кІантана — Тутин МуцІина — Зулай кхочург хиларх тешна бара дукхахболу юьртахой. Долахь туьканаш, бархІ урд, шортта даьхний, даккхий утармн тІехь туркойн ахбутт биллина цІенош а долуш, дика бохкуш бара ТутигІар. МуцІа ша а вара куьцехь, йоІ Іехалу кІант. Ткъа цуьнан да Тутн вара къаьсттина чІогІа Зулайх шен нус ян гІерташ. ХІунда аьлча, цкъа-делахь, хаза а, дикачу бенара а яра Зулай, шолгІа-делахь, и йоІ бен кхин доьзалхо воцчу, амма хьалдолчу ШахІидан бахам МуцІин караберзаре сатуьйсуш. Тутас йоІ еха нах бахкийтира ШахІидагІаьрга. Амма ШахІидан жоп доца а, кхеташ а дара: Зулай шена луъучуьнга бен лур яц ша, кІант мел дикий, вехашший хиларх, аьлла. Цу сохьта и жоп ерриг а юьртахула даьржира, Абубакарна там а хуьлуьйтуш...

Абубакара тІаьххьарчу хенахь гуттара а цхьана хІуманан ойла йора: нагахь Зулай шега ягІахь а, мича хьола тІе ялор ша и, хІун хьоьгуьйтур цуьнга. Цкъачунна Абубакаран цунна дала хІума дац, шен безам боцург, ткъа беккъа безамах вахалур вуй, цхьа сал-пал ца хилча?

Олхазара, шен бала кхо балхийча, хьекъале хьехар дира. Абубакаран цхьа урд латта дара. БІаьстенан юьххьехь юьртахой гул а белла, кхаж баьллачу меттера кхочу и. Цундела дика метниг кхаьчча а, цига хьаьжкІаш а йийна, царна асарш а деш, уьш кхион ницкъ бац Абубакаран. И дага а лаьцна, Олхазара хьехар дира, урд дІа а доьххина, цхьа дико шуста эца, аьлла. Говраш эца-м кІезга хир дара цунах делларг.

Абубакара кхочуш дира и. Кхуьнан урд ТутигІеран дола дирзира, кхунна шуста ма беллинехь...

Говраш йоьжина Олхазаран салаз хьалхий, стерчий доьжна Абубакарнг тІаьхьий, сатаса геннахь долуш орца хьалайолаелира. Ала тІехь назма олуш Іуьллура Абубакар:

Весан дела,
Хьо вара тхан цІена эла,
Хьуна лиъиарг хилла дара,
Дахалахь тхо балех хьалха...

Шелоно гІоравора. Охьавуссий, уьдура и шиъ, вохвала гІерташ. Делккъехь орца кхечира; хьуьна чохь мох-хІо а доцуш, тийна йовхо яра. ГондІа цхьа-ши чкъор ло дижинера. Дниийн генаш а сирделлера. Шуста дІа а хецна, царна йол а йиллина, балхана тІевирзира Абубакар, Олхазар.

Шингге а мара доллалур доцуш стомма, баххьаш мархашка гІоьртиний техь аьлла, лекха дара дечиг. Болх дІаболийра. Херх чІагІбелча, схьа а боккхий, дагарца потта а йоккхий, юха а тІе-

таьIира и шиъ. Вохвелла ца Iаш, хьацаран кIур хIоьттинера. Амма садаIа ца лаьара, бодваларна кхоьруш.

ЦIергахь сискал, кIалд ястаялийтина, хIума а кхаьллина, жимма са а даьIна, гул божийра цу шимма. ТIера генаш а хедийна, пIан деш нисдина охьа а дехкина, гулах диъ дакъа а дина, шустаций, говрашций орцара шерачу метте такхийра. Салазан барамца нисбеш, хедийна валале, бода къовлабелира. Латийнчу цIерашна гонах дIатевжина яьккхира буьйса. Iуьйранна дечиг салазаш тIе а доьттина, делкъал тIаьхьа цIехьа волавелира. ЦIа сарахь кхечира.

Дечиг ца дассийра. Мехкадаьттантlе а даьхьна, дохка дезара. Дечиган мах ялтанчул а дикаха хуьлура...

ХIета дуьйна ца хIуттуш и къахьоьгуш схьавеара Абубакар. ГIуллакхаш жимма тоделира. Кхо сом — пачхьалкхан шеран ял шен хеннахь дIатокхура. ТIера чкъор а цIинделла догIура. Ткъа кху шарахь Iаламат дукха ялта кхиина берриг а махкахь, цкъа а дуьйцу а, ца хезначу кепара базарш а юттуш. Дорах а ду и. Цундела, тIаьхьалонна а аьлла, Абубакара дика тоъал ялта ийцира.

Оцу шарахь Абубакаре яхара Зулай. Тутин МуцIа шен шамали а ловзош висира.

И ялийна хIинца а бутт а ца кхаьчна. ХIетте а, кхарна атта хилийта, нускал ден цIа дахча луш болу етт, ШахIида лулахочуьнга хIинццехь схьатохийтира. Иза бара Зулай йоIстаг йолуш дас цунна цIетоьхна. Юьртахь гIарабаьлла бара и: цуьнан шура, тIо санна, юькъа яра, тIе чийлик дуззий а лора цо и. Чопа тоьхна схьаяьккхинчу шурина тIехула, бIаьстенан тIедарчий санна, можо басахь даьттан тIадамаш лепара. Иштгачу атто хьанйнйр ю бат...

Сатоссуш цхьа жимма наб озийра Абубакарна. Амма гIенах а дуьхьал туьйсура можа юкъа воьлу воккха стаг, коьрта чохь ца хедаш декара: «Дашо етт — йоьза етт». Тутин МуцIа вара ца вешаш, кхунах воьлуш: «Шуьшиннан безам чIогIа бу? Хьа-хьа-хьахьа! Белахь, зудчо етт безамал лакхара ларарна хIунда кхоьру хьо?». — Сел дукха сибаташ, ойланаш, догкхнарш лан ца делла, корта эккха боллура, лозура, борз-морзахо юкъаIаьвдича санна...

Абубакар дIасакерчаш, корта хьийзош, узарш деш сахуьлунга ваьлча, бIаьргаш муцIадоьлла дара, массо а меже лозура, дегI доьхнера. Амма ара а ваьлла, Iуьйренан шийла цIена хIавань чуоьзча, Абубакар вогI-вогIуш меттаван волавелира.

Гуттара а санна, салазна шуста а боьжна, Олхазарца орца вахара Абубакар, гулаш такхо. Амма, гуттара санна, илли ала я къамелаш дан догдогIуш вацара Абубакар. Гуттара а санна, ши дей, ши буьйсий а даьккхина, цIа кхечира хIара шиъ.

Шуста дIа а хецна, чувахара Абубакар. Зулай дезарш деш хьийзара.

Мацца а шаьш хIума йиъна, паргIат а даьлла, Абубакар пондарх пIелг бетташ Iаш, Зулайс мухха а хьахийра:

— Ванах, стаг, ахь етт бухкур бу бахарий?

— Бахара, — Абубакаран кийра цIе летира.

— Деллахь, бухкур бац иза-м, и-м, хьаха, бу ас ден цIера балийна.

Эккхал догдетIира Абубакаран. Ша а, етт а, дерриг дуьне а динделлера цунна. ДуьххьалдIа Зулайн жоп дара цхьа дегаза декаш.

Абубакара гIиба яллалц йиттира къоначу сесагна. ПIелг билал меттиг хир яцара цуьнан дегIа тIехь Iаржъялаза.

Кхин цIахь Iен ницкъ бацара. Маса шуста дIа а боьжна, Мехкадаьттантlе вахара Абубакар. Цигахь делира ши дей ши буьйсий. Абубакар цIа кхаьчча, чохь хIуп аьлча бIаьрга эккхал хIума дацара. Диснарг а дог даьттIа, тоьпан хьокха коча а тесна, араиккхира Абубакар.

Невцалгlа ваххалц стундех лечкъа декхарийлахь вара. Амма эхь-бехк динделлера цунна хIинца. И хьаьккхина ШахIндагIеран уьйтIа вахара.

— ШахIнд, — мохь туьйхира цо. Воккха стаг араваьлча, оьгIазе хаьттира: — Цу чу тапча тоьхнарг мила ву?

И дукха кIоршаме дара. ШахIнд воьхна хьаьвзира.

— Валол чу, — элира цо невце.

Абубакар чувахара.

ШахIнда хIара охьа а ханйна, догIа санна, велха а воьлхуш, къамел дира:

— ЛадогIалахь соьга. Эвхьаза хIинца хIети а, вети а ваьлла вайша. И йоI йоцург хIума дац сан кху доккхачу дуьненахь, цундела хьо сан кIант санна хета суна. ПоI-м хIинца а жима ю, сонта ю. Зудчух йича хуьлу зуда, ца яхь хир яц. Шена етт безарна, муха жоп ло аьлла, кхо хьекъал дехча, цхьамма хьехар дина хир ду, етт ма бохкийта аьлла, шуна юккъе питана таса дагахь. И Iовдал хиларх, хьо кхеташ хила веза.

Стундас шега иштта хаза къамел дича, эхь хетта вагийча санна, хьалаикккхира Абубакар. Лаьтта хьаьжинчуьра бIаьргаш хьала ца айлора цуьнга. Шегара и гIалат даьлла ца хуьлуьйтург, шен аьтту куьг доккхуьйтур дара цо. Амма...

— Со кестта лийр ву, со велча хьо воцург и тергал яи стаг вац. Хилларг диц а дина, бертахь даха деза шу.

ШахIнд ваьлча, Абубакара элира халла мотт а хьебеш:

— Етт ма балабайта. Дерриг а цунна тIехула доладелла.

Абубакар, Зулай юха а даха хиира. Ткъа ШахIнд, цо ша мабаххара, дукха хан ялале велира, шу марша. Етт цунна маха беш бийра, цунах ца даьллачу беркатан доь цуьнца дайа дагахь.

Дийцар

Урамновкъа ма-яллу йогІура къаьхкина говр. Лаьттахула текхаш яра архаш, гІудалкха тІехь тасаелла Іара кхераелла зуда. Ма-кхуьъу тІаьхьауьдура цхьа стаг: «Ма яхийталаш и, пахана зен дийр ду цо!» — бохуш, мохь а бетташ. Хьалхахьа, ченалахь, ловзуш дохкура кегий бераш, жимма Іийча хьаьшна дІадоху долу.

Пиъларa яхана йогІу алаша гича, сан виъ накъост, Хизир а тІехь, юьстахъиккхира. Суна Маждадас Іамийнера къаьхкина говр сацо. Цундела со дуьхьал хьаьдира. Катоьхна, дуьрста а лаьцна, ма-хуьллу юхаозийра ас. Говр, хур а деш, тІаьхьарчу шина кога тІе хІоьттира. Соьгахь иицкъ дукха хилар дац и, гаьллаш багахь ма яцарий цунна, амма адамана тІе ца кхета, саца а гІуртий и деш Іедал ду говран. Иштта сурт шена гича, бІаьргаш хьаббира Хизира: «КІилло, Іовдал кІилло, хьераяьллачу говра кІел а иккхина, ша вейти-кх цо...»

КІилло сох олура. Бакъъерг йиц а луш, цхьана хенахь дуьйна и цІе юьсуш лаьттара суна. И хІунда тиллинера а дуьйцур ду шуна.

Доьшучу муьрехь гуттара а цхьаьна Іаш схьаведна тхойша: сой, Хизиррий. Каникулш йолаелча а къаьстина хан кІезга йоккхура — ловза а, кхарста а цхьаьна воьдура.

Ткъа тхо, пхи кІант, цхьаьна а кхетта, шийба баккха вахара. Изу хьуьнан хох бу. Цуьнан сийна буц а, маж яьлла кІайн корта а Іаламат чомехь хуьлу. Сискал, туьхий а даьхьнера, мац ца луш, сарралц лелархьама. Шорта шийба баьлла меттиг а карийна, гІаддахнера тхо. Церан гІад тІеттІа а таІадой, буй буззий схьадохура. ТІера латташ, ластийча охьа ца оьгуш диснарш, хечийн когех а хьоькхуш, дІадохура, тІаккха чкъуьйригех цІанбора. Туьхала а Іуьттуш, тІе сискал а кхоллуш, дІатуьйхира шийба. Шийла шовда мел дукха маларх ца Іебара, сел мерза и долуш.

Шийба, куьрсаш еш, дІабоьхкура. Уьш юхкура. Ткъа цу шайнех сирпикаш оьцура. Уьш тхуна дукха оьшура, хІунда аьлча, цІестан хІупъэриган юьхьиг а яьккхина, дечиган макъара тІехь йина тапча яра тхан. Саьмгалх тапча а юзий, юха, аьтту агІор даькхничу Іуьрга лата а йой, сирник Іуттура. Тапча йолура, гІеххьа тата а доккхуш. Тхаьш бакъдолу герз кхуьссуш санна, самукъадолура тхан.

ТІаьхьа-хьалха мила хуьлу хьожуш, кхаж а тосий, кхуссура. Со тапча юза хІоьттича, сирникаш чекхйовлуш юйла а хиъна, Хизир къовсавелира: «Ас кхуссур ю хІинца», — «ХІан-хІа, хІин-

ца сан рагI ю», — тIе ца тайра со. Эццахь дош дашера а даьлла, летира тхойша. Боккъаленна а летира.

ГIеххьа лекхий, тоъал кадей велахь а, эгIаза а, ницкъана кIезга а ву со. Сан нийсархо Хизир дегIана сол ву, амма меженаш дилхах йоьттина ю. ДIатасавеллачу охашимма дика буйтIарий йира. ТIаьххьара а гIодаюкъ караеанчу Хизира, айа а вина, лаьттах валийтира со, тIаккха бишка оза велира. Хуьлучух кхетталц хьоьжуш а лаьттина, эшнарг билгалваьлча, тIебеттабеллачу накъосташа Хизир тIера дIа а ваькхина, къастийра тхойша. Къар а велла, ас къурд ца аьлча, тоам ца хуьлура Хизирна. Цо элира, шиъ вовшахлеташ хилча, юкъагIерта хьашт дац. Со а резахилира, яхь ца ялархьама. Юьстах а бевлла, дIахIиттира накъостий. Тхойша чучча вахара. Садоцуш волу со хьалха гIелвелира. Дуьхьало ян де доцийла хиъча, дIа а иккхина, лаьттара тIулг схьайцира ас, цунна тоха дагахь. «Хьай кIилло яI, стаг ца хуьлу кIилло, тешнабехк бан воллий-ца хьо», — тIехтуьйхира суна Хизира. ТIаккха тIулг охьа а кхоьссина, со ведира. Ведира, эшнийла хууш. Къурд багахь ас эр а дацара, ткъа эрна уппадаваккхийта соьга хIун хIоьттина?

«КIилло, кIилло! Стаг ца хуьлу кIилло!» — бохуш, тIаьхьа бетташ мохь а бара бухависинчу веаммо. ХIуъу аьлча а, дан хIума дацара. Карарнаг тIетоха цара ца магадора, ткъа ницкъ Хизирехь алсам бара.

ЦIахь гIийла ойланаш йира ас. ТIаьххьара а сацам бира: сайн дегIехь ницкъ IaIo беза. Цуьнан дуьхьа хIора Iуьйранна сатосуш гIоттуш, хьацаран кIур хIотталц уьдуш, садеIар жимма меттадеъча, хьалий-охьий хуьйшуш, шина а буйна гIеххьа чхеранаш а эцна, уьш уьйуш, сайн массо а меженан пхьид чIагIъеш, юсуш вара со. Сайн вахчаваларах мел пайда баьлла хьожуш, пхьаьрсийн пхьидаш Iовдура ас кест-кеста, уьш тIеяьхкина хиларе сатуьйсуш. Амма хийцам кIезга бара. Иштта сиха ца дуссу хир ду-кх и гIора.

Накъостех дIакхета лууш са а хьийзара, амма царна тIеваха юьхь яцара. Иштта а тхан кетIахула хьийзара уьш дийнахь мосуьйттазза: «КIилло, кIилло, зудаберийн молла», — бохуш... Боккъаленна дIадекха доьналла дацахь а, гIенаха пес юлура ас: сох зоьртал стаг а хуьлий, Хизирна тIе а воьдий, аьрру куьйга цуьнан чет-кач лоций, айавой, аьтту куьйга буй тухий, хIаваэхула и генна дIавохуьйтура. Цунах тамаша беш, цецбуьйлуш гонаха хьийзара сан накъостий. ТIаккха, сайн дог Iабийнчул тIаьхьа, вовшийн къинтIера а волий, юха а ши доттагIа хуьлура тхойшиннах... Цкъацкъа самах а хIуттура суна дуьхьал иштта сурт. И мерза бIарлагIа дIаяйча, сайн хIуоралла гора. Наггахь кертах гIаж а йоккхий, и букъа тIехьа а лачкъайой, кIелонна хуура со, юха а сайга аьлла: «Тешнабехк бан воллурий-ца хьо», — дага а догIий, гIаж дIакхуссура.

Цкъа со тIулгаш уьйуш воллуш, нана тIекхечира: «ШайтIана-ша Iеха-м ца вина хьо, ва тентиг, и хIун ду ахь лелориг?» — «Сайга ницкъ банйта, еза хIумнаш уьйуш ву-кх», — жоп делира ас. — «Цулла а Маждада волчу гIо, цунна гIо дан, кертахь-уьр-дахь накъосталла дан, бажа бажо. И ду хьуна ницкъ боуьйту молха».

Кестта сайн ненада волчу лома вахара со. Цигахь евзина су-на говран амал.

Вухавирзича, сайн хьалхалерчу накъостех ца кхетча ца Iевелира со. Ца гуш хьеваларна, со хазахеташ тIенйцира цара, де-лахь а дукха хан ялале кIилло элира сох, иза суна вешшехь тил-лина цIе йолуш санна...

ТIемаяла гIерташ санна, сиха йогIура урамновкъа къаьхкина говр. Лаьттахула текхаш яра архаш, гIудалкха тIехь тасаелла Iара кхераелла зуда. Ма-кхуъу чехка тIаьхьа уьдура цхьа стаг: «Ма яхийталаш и, нахана зен дийр ду цо!» — бохуш, мохь а бет-таш. Хьалхахьа, ченалахь, ловзуш дохкура кегий бераш, жимма Iийча цо лазон долу. «Сацаелаш и, нахана зен дийр ду цо!» — стеган аз доьхна дара.

Дуьхьал иккхинчу ас дуьрстанан генаш лецира. Суна тIе ца кхета, тIаьхьарчу когаш тIе хIоьттира къаьхкина говр. Амма ишттa дукха латталур яц иза, хьалхахьа дIакхоссалур ю. Эццахь дан дезарг ца хаахь, хьаьшна дIавоккхур ву. Суна хаьара дан дезарг. Дуьрста дIа а хецна, шина а куьйга цуьнан айбина болу дехьара ког сайна тIеозийра. Гапъаьлла, дIанехьа охьакхийтира говр, Iаьрч а кагдеш.

Акъбевлла сан накъостий бисира, цецваьлла тIаьхьандда стаг а вара, беран тIорзано оццул йолу говр йожорах.

«Валлах-биллахI, йиллира-кх, сту санна, йоккха говр, эсан меха ца хеташ, охьа-м», — дуьйцура цо юьртахошка.

Цул тIаьхьа «кIилло» бохург дижира, мелхо а тхан юьртахь, къонах хир ву цу кIантах, аьлла, цIе яхара сан. «Хиндолу хьоза бенахь дека», — олий, тIетухура наха.

Хизирс тохарчул а чIогIа доттагIалла леладо соьца. Со шена къинтIера а ваьккхина. «Хьо ца хиллера кIилло, кIиллош, хьаха, хиллера тхо, нпцкъана эшна хиларах, кIилло лара мегар дац, доьналла дерг ву къонаха», — аьлла кхайкхийра цо, ас динчун-на чIогIа муьтIахь хилла.

КЕХАТО ДАГАДАЙЙТИНАРГ

Желтойн иллийн мукъамаш

Боккха кхаъ хилира Мамед Салмановична дагахь а доцуш деанчу кехатах. Махкара воцчу хьешера, генарчу Грецера. Ул-улле а хинна, шаьшшимма дагара дуьйцуш санна хетара.

Юьртарчу школехь болх беш ву Мамед Салманович. Берашна чу садиллина ву, ша ца кхоаво бохуш цIе йоккху цуьнан наха. Ткъа хьехархо ша тешна ву: дуьне ца дуу хьуна, хьо балха воьдуш хьан самукъа ца далахь, ахь хьоьхучу хенахь берийн бIаьргаш чуьра беркате нур ца сегахь.

Кехат дешча, дикка ойланашка вахана а, шена Тасос вовзар дуьхьалтуьйсуш а вехха Iийра хьехархо...

Масех шо хьалха шена тIечIагIйиначу классаца цхьа суьйре кечйиера Мамед Салмановича...

...Совчоь юьзнера баьхкинчара. Кхузахь кхуьнан уьтталгIачу классернаш хилла ца Iаш, кхин дешархой а бара. ГIанташ тIехь хевшина а, цхьацца жIуганаш йина шайн къамелаш деш а бара кегийрхой. Сцена йолчу агIора пенах кхозура гура чохь Марксан, Ленинан дехкина даккхий суьрташ. Лахо цIечу кIади тIе яздинера зорбанан кIайн элпашца: «Ве-м лур ву стаг. Амма цхьана а заманчохь, цхьана а тайнана лай-м валур вац цунах, нагахь цо лолла ша тIе ца лацахь. Роберт Страуд».

Берашна дика хаьара, Страуд Американ бакъволу воI вуйла. Цул дукха набахтехь ваьллина стаг вац дуьненахь а. ТIаьххьаре а Iедалчаш къера хилира, шовзткъа шо сов заманчохь шаьш Роберт Страуд бехк боцуш чохь валлорна. Дог а иккхина валлал хIума дац и? ХIетте а доьналлех-м тешна а ца ваьллера иза, мелхо а лаьцна волуш шайн пачхьалкхера харцонаш Iора йохуш тептарш яздина цо. Оццул шена ницкъ барх, оццул ша хьийзаварх къар ца велла иза, лай ца хилла цунах. Цундела цуьнан бакъо хилла и деза дешнаш кхайкхо...

Мамед Салманович бIаьца а йина, Микис Теодоракисан эшарш тIехь йолу экъа йолийра цхьана кIанта. Дерриге а дуьненахь вевзаш волчу композиторан шен аз а декара — хестабора жовхIар санна хаза хIорд, леча санна маьрша хIорд, адамчул башха синтем боцу хIорд, шен паргIато къовса гIаьттинчу халкъаначул башха буржал тоха йиш йоцу хIорд...

Гулбелларш охьахевшича, сцени тIе а ваьлла, цIен шаршу тесначу стоьла юххе дIахIоьттира Мамед Салманович. Уггаре а билгалдолург хьаж дара лекха. Диснарг а доккха хетара иза, корта гIеххьа тилабелла богIу дела. Шайн хьехархо гича, дешархой дIатийра:

— ДоттагIий, вай тахана кхузахь цхьаьна стенна кхетта массарна а хаьа. Грецера хьал а, халкъера бала бийца дохку вай... Сов хаза Эллада, къар ца лун эллинаш... «Эллада, эллин» аьлча «эла» боху иохчийн дош хезий шуна? Дикачу маьIнехь? Оьзда, гIиллакх долуш, хьекъале хилар чулоцу? Суна-м хеза. Эллада — Греци ю, эллинаш — грекаш бу. ХIинца-м дуьненан мичча а маьIIехь хIуъа а даьлча а, массаьрга а дакъа кхочу, хIунда аьлча, вайн заманахь некъаш дацделла, геналла гергаеана дела.

Цундела цецволийла дац вай тховса Грецера хьал дийцарх, вай цуьнан гІайгІа барх.

Амма иштта ца дерзийча а, грекашний, вайнаханий юккъехь кхоччуш уьйраш хиллачух тера ду. И стенна тІедоьгІна боху ас? ХІинца а вайн къеначу наха олуш, ткъа вайна, къоначарна, ца девзаш а, дицделла догІуш а дош ду: желтой. И бохург хІун ду? Грек, грекаш. Кхузара — «Желтойчоь», «Желтоймохк» — хуьлу. Муха туьдур дара вай иза? Нийса лоь: Греция, Эллада.

Вайн гІараевлла бІаьвнаш, ломара сов исбаьхьа бІаьвнаш вайн дайша ца йина боху къеначара-м. Ткъа хьан йоьттина уьш аьлла хаьттича, желтоша йоьттина олу. Цу тІехь-м галбевлла вайн сийдолу баккхий нах. Делахь а цо гойту вайнаханий, желтошний юккъехь дикка кІорггера уьйраш хилла хилар.

Доцца дерзийча, желтойх доглезна, цаьргара хьал-де муха ду хьажа гулделла-кх вай тховса.

...Бай-й мела мох хьоькхуш бІаьстенан хаза суьйре еара Афина-гІала. 1967-гІа шо, ткъолгІа апрель, еара. Кхин билгалдаьлла де а ма дацара иза. Іуьйранна малх къаьрзира марха йоцуш цІеначу, лилула-сийначу стиглахь. БІаьргашна хьаам бора дитташ тІера ховхачу соьналло. ДІасаоьху нах, хаккаелла йогІу машенаш. Къахьоьгу адам, гІуллакххой. Іилма Іамош бохку студенташ, дешархой. Йиллина туьканаш, арахь духку бІаьстенан зезагаш.

Сарахь бес-бесарчу стогарша къагийра гІала. Урамаш, майданаш сийсайо гІашлоша, сакъераделла хьийза кегийрхой — мехкарий, кІентий, вовшашка дагара далхош, дагахь безам къуьйлуш.

Буьйса юьйлира, гІала жим-жимма дІатийра. Къехойн хІусамашкахь хьалхехьо бийшира: сатосуш гІовтта беза балха баха. Хьалдолчеран стогарш кхин а дикка марсадийлира — цераш ма-тов сакъера а, кІордадаллац меттахь керча а таро ю. ТІаьххьаре а ерриг а гІала набарх хьаьхира.

Дукхахболу афинхой ког хецна Іоххура, шайна хуьлу тешнабехк а ца гуш. Бакъду, цхьаболчарна тІаьхьо дагадеара шайна набарха санна цхьацца гІовгІанаш хазар, амма цу хенахь тидамаза дитира цара иза. Ткъа хилларг хІун дара? Къу-берзан буьйса... Афинхой сапаргІат бийшина Іоххушехь, нехан бахамна теба ямартхо санна, гІар-татанех ларлуш, тийна-таьІна дІалецира урамаш, майданаш андийчу танкаша, герз тІедуста кийча салтий тІехь болчу бронетранспортераша. Ма-дарра аьлча, уьш баш а бара къуй, ямартхой, уггаре а хьарамчех, уггаре а зуламечех: цара лачкъийра адаман уггаре а мерза зовкх — паргІато.

Самабевллачу нахана гира десачу урамашкахь герзах доьттина эскар, дуьхьало ян дагадеанийла хаахь а тІелата кийчча; болх беш яц телефон, ара ца девлла газеташ. Хилларг хІун ду хууш стаг вац. Нах боьхна. Радиос хаам бира, чоьхьарчу кхерамна тІе а доьгІна (цунна, кхеташ ма-хиллара, «коммунисташ

бехке бу»), Желтойчохь Iедал шайн кара оьцу тIемалоша аьлла.

Иштта йижна желтойн дахарехь кIарула-Iаьржа буьйса. ХIета дуьйна Iазап латтадо жимма а «хьарам» ойла дагаеанчуьнгахь, паргIатоне, нийсоне а гIенах а сатесинчуьнгахь. Цунах лаьцна-м аша шаьш дуьйцур.

Дешархоша боккъал а дика кечам бина хиллера. Цундела и дерриге а шайна гуш лелийча санна, цара ма-дарра дийцира Грецехь тIеман диктатура дIахIоттарх а, хунтина коьртехь лаьттинчу полковниках Георгиос Пападопулосах а, и ша санна къизачу цуьнан гIоьнчех а, маршонехьа къийсаме бевллачу Элладин майрачу кIентех а лаьцна. «Iаьржачу полковникийн» и Iаьржа гIуллакх дан аьтто хIунда баьлла хьовсархьама, Греции истори кегийра цара, США-с къайллаха дина гIо а, куьйгалла а дийцира... Махкара хьал — луьра хьал бIаьрла долуш сурт хIоьттира кегийрхоша бинчу хаамех.

— Кхин цхьа а вуй вистхила лууш? — хаьттира Мамед Салмановича. ХIинццалц схьа наггахь юкъа-кара дош а кхуссуш ладоьгIуш Iийнера и.

Цхьанне а ала ца дисинчух тера дара. Массо а тийна Iара.

Эццехь гIаьттира Мамед Салмановична тховса хаавалаза висина Тайсумов Ширвани. Оза а, лекха а вара и, дукхахболу лекханаш санна, уккал таIийна а лелаш. И цхьана хенахь хIара школа дика чекх а яьккхина, хIинца Москохарчу пачхьалкхан университетехь журналистикан факультетехь кхоалгIачу курсехь доьшуш вара. Мукъа хан а яьлла цIа веъча, шен хьехархо ца гуш ца Iара студент. ЦIеххьана дийкира цуьнан аз:

— Соьца махкара воцу хьаша ву — Тасос Христопулос. Ша желто хиларе терра, аша дуьйцучуьнга лерина ладийгIира цо, нохчийн маттахь аьлларг ас кхета а деш. Цунна дош делча муха хетар дара шуна?

— Цкъа хьалха хьо мичара ваьлла дийцахь, — цецвелира Мамед Салманович.

— Делкъал тIаьхьо кхаьчнера тхойша. Шун нанас хьо ишколехь ву а, хьевала а тарло аьлла, схьаведнера. Шун суьйре дIайолаеллера, цундела дIатебна, шуьга ладоьпIуш Iийра тхойша.

Махкара воцу хьаша юккъерчу дегIехь, шуьйра белш йолуш, Iаьржочу аматехь вара. Коьртахь а, юьхьтIехь а чIогIа ваьлла а вара. Ца вовзийтинехь цхьаммо а нохчий вац эр дацара цунна — иштта вайчаьрца догIура аматаш. Амма и желто вара. Мамед Салманович дуьхьал а вахана, куьг лоцуш, маршалла а хаьттина, сцени тIе дIавигира Тасос.

Вистхилале, корта охьа а бахийтина, жимма ойла еш лаьттира хьаша. ТIаккха дIадолийра шен къамел:

— Со желто ву, — элира цо. — Сайн да санна, коммунист а ву. Со шун махкахь доьшуш ву. Дешар чекхдаьлла, цIа а вирзи-

на, сайн ницкъ ма-кхоччу фашистийн Iедална дуьхьал къийсам латто дагахь а ву. Тахана сан дас а, шортта кхечу демократаша а латтош ма-хиллара.

Ткъа тахана де эшна, хIетте а къар ца лун тхан халкъ тоьларг хиларх шеко яц сан цуьрриг а. Желтой шайн паргIато дIа а елла Iийр бац. Iийна меттиг а бац. Цу тIедоьгIна тхан халкъана хала киртиг тIехIоьттича хилла цхьа хIума дийца луур дара суна.

...Диъ бIе шо гергга заманчохь Желтойчоь дIаяьккхина шайн карахь латтийна туркоша. Амма цкъа а ког хецна бийша, сапаргIат лела таро ца яьлла кхайкхаза баьхкинчу хьешийн: царна дуьхьал тIом бан, шайн башха, мохк азатбаккхархьама лата а, бала а кийча къонахий гIуьттура гуттара. Къаьсттина гIарабевлла шийтта шарахь луьра къийсам латтийна болу сулхой, ламанан кIезга охIла. Верриге а пхи эзар а ца хилла уьш. Царах ах Сули гIалахь баьхна. Цу тIера тилина церан цIе сулхой (тхан маттахь: сульйотес). Биснарш цхьайтта юьртахь Iаш бара.

Ткъа хIинца, доттагIий, шайн бIаьргашна хьалха ишшта сурт хIотто хьовсалаш.

...Ши стаг ши тIемало вогIу готтачу, лаьхьа санна, хьийзачу гIашлойн новкъа. Хьалхарниг ву лекха, шуьйра белш, готта гIодаюкъ, бай ког болуш. Хаалуш ду кху меттигах и воьлла хилар, кхузаша лелаш цунна цхьа а тайпа ницкъ пахилар. Иза къона сулхо Лукас ву. Цуьнан хаьнтIехь тур кхозу, ткъа карахь еха топ ловзу. Букара а сеттина, цунна тIаьхьагIерта туркойн геланча. Са мере кхаьчна цуьнан. ХIора гIулч моссаза йоккху, вожа ма вожахьара ша олий дагадогIу, оццул ша хIоьттинашехь, хIинций-хIинций кхачориг хир ю-кх ирхе бохуш, дIагIерта. Са хедаш доллу, делахь а яхь дIаяла ца лаьа. Ишшта хала дела балийца эвлайнстте кхаьчча, даккха са а ца хуьлий соцу, мерах чудогIучух тоам ца беш, йоккха бага а гIаттайой, вехьа а вехьаш, чууьйзу хIаваъ. Амма диккачу хенахь гIолн ца хуьлу, са кхачийна, сих лелхаш, гIеххьа хан йолу. ТIаьххьаре а кийра буззуш хIо чудоьду, пехаш хьаладузу, дегIана там хуьлу. Жимма ша меттавеъча, бехкала а вахна, сулхочуьнга вистхуьлу:

— ХIарра лам боккхуш санна цкъа а гIелвелла вац-кх со. — Мекхаш тIехула схьаIийдалучу хьацаре-м дIа а ца хьожу.

— Суна хIара хьал тосаделлехь, садоIур дара вайша, — жоп ло Лукаса.

— ХIинций-хIинций бохуш садиттира хьуна аса-м...

Юьртахь пхьоьха гулйира. Геланчас дийцира ша деана гIуллакх: сийлахьчу Iела-пашас маслаIат кхийдадо. Майрачу сулхоша турпалаллийца тIемаш бо. Ишшта доьналла долуш, тIахъаьлла, барт болуш нах кхин бан а бац. Цунна къера ву сийлахь Iела-паша. Делахь а гуттара вовшахлетта, вовшийн дайина девр дуй теша вай? Девр дац. ХIара гIуллакх ишшта дIадодахь, шун

хIу кхачадаларна а кхерам бу. Цундела хIара тIулгаш, хIара беркъа лаьмнаш а дитина, герз охьа а диллина, хIордайисте Iен охьабаха сулхой реза белахь, машар хуьлуш бу...

Геланча новкъа ваьккхира. Ткъа ламарой вовшех дагабовла хевшира. Дера, Iела-пашин аз долалуш хиллачуьнга хьаьжча нийсса бIостанехьа ма дирзина. Iела-паша кхузарчу махкана тIевиллина хьаькам вара. Цуьнан коьрта шахьар яра Яхьина, цундела цунах Яхьинера Iела-паша олура. Изий, цуьнан кIант Вели-паший воьллера сулхой эша а бина, хIаллакбан. ГIа-буц санна, доккха эскар гулдира цара. Цхьа эскархой лерича а бархI эзар, царал сов, юкъа-кара тIекхойкхуш болчу салтех а тоьхнера вовшех йоккха гIера. Ша кхачам боллуш тоьлург хиларх тешна волу Iела-паша, ша къаьхьа де дийр ду, ша дуьне гатдийр ду, ша бойур бу, ша бохор бу сулхой аьлла, кхайкха а дина, вотанца, зурманца новкъа велира. Сулхойн ярташ лаьмнийн буьххьехь Iоххуш яра, шайна тIебоьдуш готта, лаьхьа санна, ситтина цхьа гIашлойн некъ а болуш. 1792-чу шеран 20-чу нюлехь оццул долу и эскар цхьаъ бен боцу и некъ дIалаца дуьйлира. Цу дийнах лаьцна даьккхина халкъан илли ду.

...ЛадогIал цкъа, зударша орца доьху, орца доьху Аварико юьртахь: «Мичхьа ду шу, ва Лабросан кIентий, мичхьа ду шу, Боцарисан бераш? Iаьржа бода бу вайна тIегIерташ — яккхий тоьпаш, говраш, адамаш. КIезга бац уьш, берхIийтта эзар хир бу, дика хьаьжча — кхин а алсам хир бу». — «ТIебахкийта тхо ца кхоьру туркойх, тхо царах кхоьруш дац, зударий. Хьовса шайна, сулхой муха лета, мел каде ду Лабросан ира тур, топ мел нийса кхуссу Боцариса, муха лета Хайдо, къонаха зуда!» Цхьа луьра тIом шигахь иккхина! Тоьпаш йохъелла. ТIаккха вистхилира Цавеллас, турпала Лаброс Цавеллас: «ХIей, Боцарис, хIей, Зервас, хIей! Тоьпашка са а доIуьйтуш, тарраш меттахдаха вай, туркой хьалха а берзош!» Амма тIе ца тайра Боцарис, лекхачу тIулга тIера мохь туьйхира цо: «Тарраш тIе рагI ца кхаьчна хIинца а, топ нийсса кхосса аш. Тархаш тIехьара тIом бе, ирхе дIа ма ло. Дукхе дукха бу туркой, ткъа сулхой кIезга бу». Юха а тIом кхехка, тоьпаш цIийелла. Юха а Iе а ца велла мохь туьйхира Цавеллас. Магийра Боцариса а. Тарраш баттара даьхна чухьаьлхира сулхой. УьстагIашна юккъе лилхина берзалой санна, дера каетта бевлира уьш. Жа санна, дIахьаьлхира туркой. ТIечехара Вели-паша, юханехьа ма ида бохуш. Амма белха а боьлхуш салташа элира: «ХIара дера гIала ца евза хьуна, хIара-м Сули яй. Кхузахь Зервас, Лаброс, Боцарис лоьмаш санна лета. Церан тарраш вайн цIийлахь луьйчу. Вай девдда кIелхьара ца довлахь ерриге а Хонкарехь тезет хIуттур ду, зударий марош боцуш буьсур бу, ткъа наной, шайн кIенташна тIаьхьабилхина, бIарзлур бу!»

Сулхойн напой бара шайн кIенташна уллохь тIом беш, шайн

майрошна гIо деш, тIаме хIиттира зударий; гIаж таккхол мел волчо, баккхийчара санна, топ етта; Цавелласан зуда Мосхо ю шена тIаьхьа дийина гIера а яьккхина тIеман кIуьрлахь хьийзаш; аьрру куьйга дакхош долу жима бер мара къуьйлу цо, аьтту куьйга еха топ ийса етташ, туркой тIекIел кхуьссу; цуьнан четахь патармаш ду, ткъа багахь йоллуш мисарболатан гIама ю, иштта лета Мосхо, майра зуда...

Иштта дуьйцу илли тIехь. Вай яьхна цIераш а боккъал а хилларш ю. Сулхойн цIеяххана тхьамданаш, сий довр доцу зударий хилла уьш.

Зуда а, бер а, жима а, воккха а — массо а сулхо лерича а, хIора сина дуьхьла виъ салти ваьккхина Iела-пашас. Амма ша бохург хилла вуха-м ца вирзина. Ма-дарра аьлча-м, шен эскар хIаллак а дайтина, шен кIантаца ведда иза. Дукха юьхь Iаьржа хIоьттина, Яниинерчу бахархошна ша дIасавоьдучу хенахь, арабовла хьовх, корехула арахьовсар а дихкина Iела-пашас. Шена динарг декха гIерташ хийла тIемаш латтийра цо сулхошца, амма хIоразза а хIара эшна доьрзура гIуллакх. ТIаьххьаре а массо а гIашлойн а, ца гIашлойн а некъ къовла аьтто а баьлла, ялтех а хадийна, мацалла кIелбитира сулхой Iели-пашас. ТIаккха маслаIат дан резахилира...

Пхоьханахь гIугI доллура: хIорамма шен-шен хьесап хIиттадо. «Вайна бугIуш гур бу, — дека аз. — Шен сил мерза хIума дац, вина мохк боцург, паргIато йоцург. Цу дуьхьа са ца кхоош къийсина вай хIииццалц, са даллалц лата деза вай мостагIчух кхин дIа а. Я толам баккхалц. Сан даго хьоьхург бакъделахь, цхьа тешнабехк кечбеш бу туркой. Церан дош дош ду, я дуй дуй бу? Ма сиха дохор ду цара шайн дош, вайх хIумма а эхь а ца хеташ. Ма теша вай мостагIчух!»

Цунна тIетайра Лукасан ойла, кхаьрга къурд алийта гIертачу туркошна дуьхьала кийрахь оьгIазло а гIоттуш.

Кхечарна охьадахча бакъахьа хетара. ХIунда аьлча хIорда йистехь токхе латта ду, шортта ялта кхуьу цигахь, берашка дика хьегийта йиш ю. Ткъа кхузахь юург къеела, доьзалаш гIелбелла. ГIе дIадахарх сий а ца дов. Шега сулхо эша ца баларна къера ма ву Iела-паша.

Иза а ийса хетара Лукасана. Цуьнан шен а вара хьаьддийведдий лелаш жима кIант Маркос. Цунна дуьхьал хIоьттира сийна хIорд, хьена латта, хьийкъина ялта, буьзна доьзал. Мухха а, шина даггара ладоьгIура Лукаса. Дерриге а кхачийра воккхачу стеган хьекъало:

— Адам тIом бан кхоьллина дац. Сакъералуш ца оьцу кара герз. Ца ваьлла доккху мостагIчун са. Делахь а адаман сибатахь йилбазаш даьржина нахана юккъехь, массарна а тIе нуьйр тилла а лууш. Царах мохк цIанбархьама, паргIато яккхархьама бо тIом. Амма тIаккха а кIордадо цIий Iено. Вай шийтта шарахь

тийсаделла туркойх. Ваыш муьлш ду дIа а ханйтина. ХIинца вай охьакхалха деза. Вайна гIело ца ян, вай вешан лаамехь дита дош делла Iела-пашас...

Масех юьртарчу бахархоша герз охьадиллира. Берриш а вовшах а кхетта, охьабуьйлабелча, йоккха тоба хилира. Царна юккъехь ша воггIушехь, цхьа а тергал ца вора Лукаса. Цуьнан даго хьоьстура шен жима кIант Маркос а, хIусамнана Лула а. Берана наггахь гилгаш дохура дас. Важа гIаддоьдий делалора, ша долчарна дерриге а маьлхан дуьне къегина а моттадолуьйтуш.

ДIакхечира Залонгос олучу метте. Цигахь дуьхьалделира туркойн эскар. Хьалхаваьлла вара мацах веана хилла геланча. Иза цхьа хьаькам волчух тера дара.

Тоба саца а йина, божарий юьстаха бехира. ТIакхка ца моьттинарг доладелира: герзах боьттина болу туркой ур-аттала цхьа а тайпа иралла а йоцчу сулхойн божаршна тIелетира. Хьийзина тарраш детташ боруш охьабохкура. Чехкачу тIемашкахь ламароша шайна динарг тешнабехкаца нисдан гIертара мостагIий.

Акъваьллера Лукас: сел нахбоцуш туркой бу ца моьттинера цунна. Ткъа хIинца хIун дийр ду ца хаьара. Цхьа а тайпа дикане сатуьйсийла яц. Амма, уьстагI санна, туркоша урс хьакхаре хьоьжуш, шен рагI ларъеш муха лаьттар ву? Лукас онда вара, мох санна, чехка водура, къовса а лой, тIаьхьий-хьалхий хIиттинчу еа говра тIехула кхоссалора. Хьаькамна сакIамделла лаьттара и: дерригенна а и бехке хетара — геланча хилла а веана, хIорш Iехийнарг и ма вара. ХIун дича тIекхочур вара техьа цунна? ЦIехьана хьаькаман бIаьрг кхийтира кхунах. Вовшашка хьаьжжинчохь висира и шиъ. «Хьажахь, хIара боьха ламаро а вайц кхаьрдаш! Лома хьалавуьгуш са а хадийна, ахь сан холча хIоттавар-м, хьаха, суна диц ма ца делла. Хьоьга лалург сайга ца ладаларна сайн юьхьIаьржа хIоттар хьо велча а инслур дацара...» ЦIийх дуьзна тур а айдина чухьаьдира турко.

Къонаха дуьхьало еш ле. Цкъа а догдиллина Iен мегар дац. ДIакхоссавелира Лукас. Дог Iабо вогIучу хьаькмана дагахь а дацара къона сулхо меттахъхьан ваьхьар ву аьлла. ТIекхочушехь, барзо санна, лаг лецира. Хар-хир а деш вуьйжира турко. Цуьнан туьрца корта баькхира. ТIаккха салтех тасавелира. ВорхIанан садаькхира цо. Амма вуьш дукхе-дукха бара. Цара ца Iебаш цистина дIаваькхира Лукас. Массо а божарий аьтта охьабехкира.

Iадийча санна, лаьттара зударий. Царах а, берех а пIелг ца туьйхира. Уьш лай бина дIахIотто дагахь бара туркой. Мега ерг-м ловзо а дика яра. «Амма сох куьйгаш-м деттар дац туркочо», — бохуш ду илли тIехь.

Иисна тоба охьалаьллира, бежнаш санна. Шайгара даьллачу

«хьуьпарх» баккхийбера туркой. Тийна, корта оллийна йогIура хIора зуда. СхьахIоьттира готта некъ, чухьаьжча бIагор а богIуш кIорга Iин.

Ламароша эццахь цецбехира туркой. Зударий, хIинцца марой а байина бисина зударий сакъераделла болчух тера дара. Iина йистте а хIиттина шайн хелхар дIадолийра байлахь бисинчара. Цхьа йиш а яра цара лоькхуш. Амма туркошна ца хаьара цу «акхачу адампйин» мотт, цундела цара дуьйцучух а ца кхетара. Ткъа и дешнаш хIинца а дехаш ду, желтойн халкъе паргIатонехьа къийсаме а кхойкхуш:

Хи доцуш ца беха чIара,
ГIамарлахь зезаг ца долу,
Сулин зударий лоллехь ца бахало.
Шу маьрша дехийла, шовданаш, лаьмнаш.
Хьо маьрша лаьттийла, Сули.

Боккъала акха хийтира туркошна ламарой, цара кхиссина шайн бераш, шайн сил а дукха деза бераш Iин чу а дахийтина, вовшийн куьйгаш а лаьцна, хелха буьйлуш лаьтташехь шаьш а тIаьххье чулилхича.

Амма акха хилар я дуьне ца дезар дацара иза: сулхой бала кийча бара, лолла тIелоцучул...

Тхан махкахь Iаьржа бода бижна, бохура хIета Тасос Христопулоса. Амма со тешна ву, кестта аьхна малх — паргIатонан малх гIоттург хиларх. Цо серлабоккхур бу тхан башха мохк. Иштта ца хила йиш а яц, хIунда аьлча маршонан чам дика бевзачу тхан халкъо лолла ловр доцу дела.

И дерриге а дагадеара Мамед Салмановична Тасос Христопулоса шега данйтина кехат доьшуш. ХIета сикъерам биначул тIаьхьа дикка хийцамаш хилла Желтойчохь: фашистийн Iедал доьхна. Амма халкъан бала байбеллехь а, дIабалаза бу. Къелла, бан болх цахилар, кIезга бакъонаш.

Дешна а ваьлла, цIа вирзинчу хенахь болх бан меттиг ца карош вехха леллера Тасос а. ДоттагI Димитриос — иза суртдилархо ву — дика хилар бахьанехь нахала ца волуш висина: вукхо сурт а дуьллий, иза дIа а духкий, цунах воллура къона ши коммунист. ТIаьхьо Тасосана а карийна болх, тIе шен салаьттачохь: иза дIаэцна «Ризоспастис» газете — Желтойчоьнан Коммунистически партин ЦК-н орган долчу. Газетахь уггар коьртачех ларалуш йолчу кънихьегамхойн редакцехь а ву ша, цунах воккха а ве, хIунда аьлча белхалой муха бохку, церан дагахь хIун ду, мича гIайгIано уьш буу хаа йиш хиларна. Сатоссуш волалой буьйсанна итт сахьт даллалц къахьоьгу ша, бохуш яздора махкара воцчу накъоста. Амма цо хьегна къа эрна ца дов: цо яздинарг кест-кеста газета тIехь хуьлу, «капиталисташний, Iедалчашний коьртах гIеххьа хIума туху ас».

Дийцар

Вуно хаза бу малх.. Хезний шуна мехкарийн йиш: «Маьлхал хаза ду сан кIорни!»

Вуно дика бу малх. Цо кагдо буьрса Iа, хьалаболуьйту сийна бай, зезагашца хазйо аренаш, ховхачу гIашца кхолу хьаннаш, — доцца, дерриге а Iалам дендо. Массо а са долу хIума меттахкьов. Самалха долу стеган а, юха дуьнентIе ваьлча санна.

Хьалхарчу заманахь а гина и. Цундела Маьлхах дела а вина, цунна корта биттина наха. Дуккхаъчу къаьмнийн дахарехь нисбелла ншта мур. Нохчийн-м хIинца а магош дац маьлха дуьхьал хьажар. Цунна сужда деш хиллачу хенара схьадогIуш дуй техьа иза?

Мухха делахь а, вуно снйлахь бу-кх малх. Дуй бууш ца хезна шуна: «ДIо-орчу дашочу малхора!» — аьлла? ТIаккха, дела санна, цIена лерина-кх и нур дашо малх! Цхьа а мода-мекха йоцуш!..

Амма 1610-чу шарахь, ша телескоп а йина, Малх тергалбан волавелира веза воккха Iилманча Галилео Галилей. Сел базбинчу Маьлха тIехь цунна карийна гIенахчул башха дагахь доцург: хьоькхнаш. Шена хааделларг цо гIара а даьккхина, Iесаваьлла хьо бохуш хьийзийна и цIарна а цIеяхна волу хьекъал-да суьпачу наха, нуьцкъаха керста а дайтина шена гинчунна. Делахь а «маьлха тIехь а ю хьоькхнаш», — боху кица хIетахь дуьйна дисина вайна.

Хьоькхнаша го тосу, 27 дийнахь шен семанна тIехь хьаьвзачу Маьлхаца.

ДIадаьллачу бIешарахь Дессау гIалахь ваьхна синтем боцу немцо, цхьа тамашийна аптекахо Генрих Швабе. Цуьнан тхов тIехь дIахIоттийна хилла жимо телескоп. Шовзткъе кхаа шарахь, цхьа а буьйса тIех ца туьлуьйтуш, стигал зийна цо. И воцчун сатоьра дарий сел къар ца луш нахана кароза болу керла седа леха?.. Шен дикане ца кхаьчна миска. Амма эрна а ца дайна цо хьегна къа. ХIоразза а кехата тIехь билгало йора цо ша теллинчун. Мацца а цкъа вовшашца дуьстича, иза духе кхиира мехалчу цхьана хIуманна: хьоькхнаш шайн балггалчу гIиллакхехь хийцало.

ТIаьхьо и гIуллакх тида велира кхин немцо, Берн гIалара астроном Рудоль Вольф. Зорба тохаза бисина шортта нехан тергамаш а теллина, хьесап дира цо. Цуьнан дика каелира: хьоькхнаш кхоллаяларан карлабуьйлу мур карийра цунна — юккъерчу декъехь цхьайтта шо...

Инзаре сурт хIутту наг-наггахь Iилманчашна хьалха: Малх карзахбуьйлу: Iетто болало, дийнна цIеран Iаламат хьала а тухуш, Iеторийн барам вуно боккха болуш меттиг а йогIу, 900 эзар километре дIакхоччуш. Цу кIуркIумани юккъе вайн Латта нис-

делча, дийна хIума дисаре сатуьйсийла дацара, ткъа хиш, хIордаш бIаьрган негIар тухучу юкъана кхихкина дIадевр дара, цIийеллачу экъана тIе боьжна хин тIадам санна.

Хьоькхнаш кхоллаяларх, церан яхарх, Малх Iетторах Iилманан маттахь «маьлхан жигаралла» олу. Жигаралла юьжуш а, алсам йолуш а хан йогIу...

Ткъа вайн хIун бала бу Малх карзахбийларца, я и тиэрца? Вайн хIун гIуллакх ду 150 миллион километр генахь йолчу цу йовхачу жоьжахатехь доллучуьнца? Кхин вайх хьакхалуш хIумма-х даций иза?

* * *

Цхьа дика доцуш вон хир дац. Вуно ийса карийна суна и кица.

Некъ юххьабаьллера сан. Схьа мел йогIу автобус йоьттина хуьлура, цундела саца а ца еш, тIехйолура. Кхуо а ца вигахь, доьхна де ма ду хIара аьлла догдиллинчу декъехь куьг айдичз, киралело машен сецира. Цу кIеззигчух сакъераделла, кабини чу а хиъна, гIала дIатаьIира со. Грозни — Баку некъ бекъалуччохь ГАИ-н пост ю. Цигахь дуьхьалъикккхинчу милцочо сацийра тхо. Шоферан кехаташ талла тIевеара шолгIа белхахо, къона автоинспектор. ДIахьаьжча, жимчохь дуьйна соьца цхьаьна левзина Iела хилира иза. Со оззийна охьа а ваькхина, машен дIаяхийтира цо. Чардакх санна, айдеш дина а, чуьра готта а долуш, цхьа цIаьлг дара цигахь лаьтташ. Цу чу вигира со:

— Газа дикка зама а ю, дийца-далхо доцуш а хир ваш вайша. — Сиха велахь а, тIуьллиг ботта карах ца далахь а, юхагIерта товш а ца хетта, малвелира со. Амма тхойша могаш-пергIат хаьттина валале, нехан долара «Жигули» а сацийна, мохь банйтира милцочо:

— Iела, хIокхуьнца дерг къастаделахь!..

Чувелира Iаьржочу аматахь, юккъерчу дегIахь хаза тайна жима стаг. Салоццуьйтуш цигаьрка уьйзура. ПIелгаш а дара гIиро маждина — тIамарх йоьлла хиларан билгало. Чохь цхьа стол, цхьа букътуху гIант бен дацара, цундела сан, шоферан прахьлатта дийзира, ткъа Iела охьа а хиъна, шен папки чуьра протоколаш схьа а яьхна, кхуьнан кехаташка хьаьжира:

— Висарханов Сайда, — дийшира автоинспектора. — Маларх кхетта хьо?

— Со дитина ма ву, — тIекаре велакъежира важа.

— Иза-м массара а олура аша, — гIам-гIим а деш, стоьлан гIутакх схьа а диллина, чуьра сенара доккха стака схьадаьккхира Iелас.

Доккха хIума ца оьшу стагана хазахета а, халахета а. Цатам хилира хьешана шех ца тешийла хиъча.

— ХIара хIун ю хаьий хьуна?

— Стака дац и?

— Хьуна стака хир и, ткъа тхуна стаг мелла ву-вац къастош гІирс бу, — Сайда вохийта дагахь, даздеш элира автоинспектора. — ХІуп алал кху чу.

Шофера шега бохург дира. Цул тІаьхьа стака шен меракІел а даьхьна, хьожаяьккхира Іелас. ГІиран доцург, маларан хІо ца кхийтира. Суна хазахийтира жимачу стагера хІумма а ца даьлла, амма Іела стенна делахь а дарвелира. Цо шофере бехк баькхира цигаьрка ййзарна. Вахаран кеп къайлаяккхархьама уьйзу ахьа сел тІетаьІІина, цундела ца къастало. ГІалитІе экспертизе ца вигча вер вац.

— ХІинца йиш яц сан, — элира Висархановс. — Шуна лаахь, цхьа-ши сахьт даьлча со вухавогІу, тІаккха миччахьа а гІур ду-кх вай.

Іела, мера чухула шок а тухуш, велакъежира:

— Хьан йиш ца хиларца бала бац тхан.

— Дика ду, лоьрашна тІе-м гІон дай, ткъа со мелла ца хилахь? — собарх ца вала гІерташ, хаьттира Сайдас.

— ТІаккха оха тхайна къинтІера валар а дехна, дІавохуьйтур ву-кх хьо, — догдатІийра автоинспектора.

— Хьовзам бина шу девлча, цо хІун инсдийр ду?

— Цо хІумма а ца инсдахь а, кхин хьуна дан шапаІат дац-кх сан. Тхоьгара догІург цу тІехь чекхдолу.

— ЛадогІал, накъост, шу нахана хІуьттаре ян дуьхьал даьхна-м дац? Хьайга кхаьчначух дозалла а ца деш, хьайх безам бийа а ца гІерташ, со дІавахийта. Кехаташ а хьоьгахь ду, номер а дІаязъе, кхин а хьайн дан дерг де, со вадарна хьо кхерахь. Сан хІинца хан яц, хьо адамийн маттах кхетахь.

— Ахь новкъахь авари яхь? ХІан-хІа, сан хьо дІавахийта бакъо яц.

— Ой, авари хІунда еш ю аса? — кхохкавелира шофер.

— Мелла волу дела...

Суна къахетара жимчу стагах. Цо мел дуьйцучух тешара: и молуш а вац, хІинца мелла а вац, цуьнан сиха гІуллакх а ду. Ца теша цхьа а бахьана а дацара. ТІехьаьжча а бакъахьара кІант вара иза. Ткъа Іелас хІитто кеп сун хьалха вазлуш хила а тарлора. Мухха а, Іе а ца велла, сайн бала боцчу кхевдира со:

— Ма хьийзавехьа и къонах, — элира аса меллаша, вукхуна ца хазийта гІерташ. — Суна хІумма а хаахь, эрна дог эший-кх ахьа цуьнан.

— Ахь боккъал? — хаьттира цо соьга.. — Ахь цунах жоп лахь, со реза ву-кх.

Кехаташ дІа а делла, дІавохуьйтуш вара жима стаг. Со тІаьхьа велира: хьуна дегаза ца хетча, Соьлж-гІала кхаччалц шуьца вогІур вара со. — Аса иштта кІеда хІунда дехна аьлла суна резавоцуш бІаьргаш карчийра Іелас: ца лпъча а, дІа ца вига шех ваьхьар вацара бохург дара цуьнан иза.

— ХIумма а новкъа ца хета, — жоп делира вукхо.

Сайдица цхьа къона зуда а хиллера. Иза лохочу дегIахь хьаьрччина а йолуш, хаза товш яра. Тхойша машена чу ма хиънехь:

— Цара хIун бохура? — аьлла, хаьттира цо.

— Цара-м доьхна хIума ца бохура. Со мелла а хилла, вайша харцарна кхоьру-кха.

— Хьо молуш воцийла ца ханйтира ахь?

— Уьш тешиг ткъа?..

Автоинспектора догдатIор бахьанехь, гIиллакхах боьхначарна жимма лен а лийна, наха ца оьшучохь а халахетар деш хилар а далхийна, вовшийн довзийтира оха.

* * *

Ингалсан сийлахь-воккха астроном а, оптик а вара Вильям Гершель. Ткъаесналгlа бIешо чекхдолуш цо кхайкхийра цкъа, кху шарахь ялта механа деза хир ду, аьлла. ХIунда бах ахь аьлла, хаьттира цуьнга. Дера, бах, Маьлха тIехь хьоькхнаш дукха йолу дела, жоп делира гIараваьллачу Iилманчас. Цо йийриг самукъане забар а лерина, белабелира и хезнарш. Ма цецбевллера уьш тIаьхьо: цу шарахь боккъал а буьрса йокъа а хIоьттира, ялтанан мах Iаламат лакхара а хилира...

Кхечу гоьваьллачу ингалса Мура 1886-чу шарахь арахийцира шен механа цхьа болх. Тамашийна дара цу тIера дешнаш: цхьаболчу талламхошна хетарехь, Маьлхан хьоькхнаша гIолоцу уи даржарехь. Цу кеппара, иштта зIе зорбанехь хьахийначех дуьненахь а дуьххьара Iилманча хилла дIахIоьттира Мур.

* * *

Эскарехь артиллерист вара Висарханов Сайда. Хиларал сов, Iалашхо вара. И бохург хIун ду? И дера ду йоккха топ, ийсалла хьажориг ву бохург. Куьйга лаг дожийча, лазорна кхерам бу, цундела леррина тесна бехха муш бара. Иза а озабой, кхуссура Сайдас. Iалашо ийса лацахь, хIоъ оьшшучу кхета. ХIара гIалат валахь кхечара хьегна къа эрна дов.

Висархановна говзалла дика карайирзинчу хенахь гайтаман Iамораш дIадаьхьира, хьовсуш доттагIаллин эскаршкара векалш а болуш. Караделларг бакъдолу тIеман герз дара. Кхеран батарей кухнина хьалха дIаоьхуш, кхо де-буьйса меца даькхира. Бакъду, масийттанхьа туьканна тIе-м кхечира хIорш, делахь а чубахана кхоллург эца дола хетара: кхана Iуьйрре тIом эккхахь и аьттонаш ца хила а тарло, ткъа муьлхха а хало лан тахханехь Iама веза. Цхьаъ деш хилча-м сискал дага а ца йолIура, ткъа кIеззиг а мукъа дисча, сабIарзлора.

Доьалгlачу дийнахь Хуьта лаьмнашка кхечира. Церан цlе ншгта тиллинера генара хьаьжча аьрцнаш шекъанан басахь хута диллича санна хета дела. Цигахь лаьттах буьйлира: шайна тоьла охкуш, йоккха топ хьулъян меттиг йоккхуш. Гlеххьа герга веана хьаьжча а ца гуш, къайлабелира хlорш. Цу дийнахь луьра «тlом» а иккхира кхеран: яьлххе а йоккха топ яра дlаестташ. Висарханов кхоалгlачу, уггаре а коьртаниг лоручу, тоьпа тlехь вара lалашхо. Гlаькхнаш гена йолуш гуш яцара, амма дамар-дарц лоьлхуьйтура уьш дlа мел хьажийначу хlоьънаша.

Хала нах хиллера тlеман хьаькамаш. Цхьана йоккхачу тоьпа тlера lалашхо «вийна» аьлла юкъараваьккхира. И боккъал а вийча ден дерг дан дезара. Иза а шена тlелецира Сайдас. Цхьа хан яьлча важа а юкъара ваьккхира. Мухха а, ялххе а топ цхьа lалашхо волуш йисира. Иза вара Висарханов. Цхьана тоьпа тlе водуш, вукхунна тlе хьодуш, хьацарап кlур хиллера. Хlетте а харцахьа ца кхетара цхьа а. Дагахь кхуьнгахьа хилар бен дан гlо доцуш хьоьжура «белла» аьлла юьстаха баьхнарш а, командираш а... Мацвеллий, гlалвеллий сахаьддера Сайдин, «гапп» аьлла охьа а воьжна, паргlатвала лаьара цунна тlаьхьа хlуъу а хилахь а. Амма хьаьдда воьддушехь тергалбича, когаш тlехь гора накъостий, хlара санна, шаьш хlиттинехь а, ма-хуьллу «тlом беш» бохку. Цаьрца яхье волий чlагlлора. Дукха хlоьънаш кхиссинера. Массо а lаламат ийса а кхеташ. И бахьанехь кхунна тlаьхьо «бlан декъан тоьлашха волу lалашхо» аьлла цlе а тилира, цlа ван хан а кхайкхийра.

Хlинца цкъачунна мукъа висира. И доккха ниlмат хетара. Лекхачуьра дика гора тlемалоша лелориг. Дика ларабора бlаьхой шайна тlедиллинчуьнца. Делахь а кхуьнан тидам шена тlебахийтинарг вара цlарна а цlеяхана салти Михаил Насека. ПТУРС-аш тlехь «болх беш» ву иза. ПТУРС[1] — ирбинчу къоламан куьцехь хlоъ бу, кхачалуччохь пиллигаш а долуш. Михаила арахецна хlоъ боьдура ган а гуш, ткъа кхин а дика къастийта, цlечу кlуьран лар а юьтуш: бlаьрг тlера ца тилош и тергалбеш оператор а вара. Радиочухула урхалла а деш, шена луъучу дlасаберзабо цо хlоъ. Насекина чlогlа шарделла и гlуллакх. Берриг а мехкан къийсадаларшкахь а шен говзаллехула хьалхара меттиг яьккхина цо.

Делахь а дела ма вац Насека. Цундела хlинца-м цуьнан а ницкъ кхочур бац киртигах вала: цlеххьана ПТУРС-ана дуьхьала иккхира корпусан командир инарла — майор Ососков лелон машен. И муха кхаьчна кхуза? Гонаха массанхьа а хlоттийна ха ма ду. Хlора некъа уллехь лаьтташ жима цlелиг а долуш, чу хlоттийна телефон а, тховх хьалатоьхна беха гlуркх а болуш. Тоьпаш

[1] Танкашна туху урхалла ден хlоъ.

кхуьссучу заманчохь цIен байракх ирах йохуьйту, кхин йолчу хенахь — кIайниг.

Кхано дерриг а дIадирзича теллира и гIуллакх. Тоьпаш етта йолало аьлла шега телефон тоьхча, кIайн байракх охьа а яхийтина, цIениг хьалаяхийта гIоьртира салти. Амма байракх хьала-охьа йохуьйту гIирс цIеххьана телхира. ХIун йоьхна а хьаьжна и тоян салти волавеллачу хенахь тIехъиккхира машен. Цу тIехь вара Сайдин шича Висарханов Iалви. Хиллачух кхета а, ур-атталла кхеравала а ца кхиира иза. Царний, хIоьъний юккъехь бIе метр кхоччуш меттиг яцара. Ткъа хIоъ секундехь 350 метр боьду. БIаьрган негIар тухучу юкъана машенах доь дуьсур дац. Доь муха дуьсу, танк а йохош болчу хIоьъно. ХIинцийхIинций бохуш къаьрззинчохь висинера Сайда. Изза хьал кхечаьргахь а хилла хир ду-кх.

Цхьа Насека ца вуьйхира. Цу сохьта радиочухула омра а дина, айббина машена тIехула баьккхира хIоъ, юха тохарлерчу хорша а берзийна, дуьхьала шершачу фанерах йинчу танках кхетийтира. ХIуй-пака елира «танк». Цул дика лаьцна Iалашо хир яцара! Доккха садаьккхира массара а. Инарла а дийна вири, цуьнан шофер Iалви а могаш-маьрша ву, и гIакх йохон Михаилна белллачу кхаа хIоьънах шиъ а кхоабели! Ткъа хIора ПТУРС-ан мах бу — Iале-лай.

«Цул хьалха а вара тхойша вовшашца хьакхавелла, ткъа хIета дуьйна нанас дена вина ваша санна хета суна Насека, — бохура Сайдас. — Эскарера хан чекх а яьлла, тоххарехь цIа дирзина тхо, амма хIинца а хьошалла леладо. Тахана а Миша вогIуш, цига дуьхьал доьдуш ду тхойша. Цунна вара со сиха а...»

* * *

КIеза санна, хьестало Iаьржа хIорд. ЧIеран пиллигаш тIехь ловзу зIаьнарш санна, бес-бесара нур догу цуьнан боддела Iуьллучу дегIа тIехь. Дагна хьаам беш схьадеттало хаза хIо. Иштта ю Сочи. Цигахь берда йисттехь лаьтта наха башха тидам беш а доцу жима кIайн цIа. Цу чохь Iаш цхьа а вац. Цу чохь лаьтташ ю магнитограф — маьлхан жигаралла билгалйоккху чарх. Дукхахьолахь цо сих ца луш цхьана эшшара нийса сиз хьоькху, ша-шах дIасалелачу кехатан асанна тIехь. Амма цкъацкъа зил сетта болу, чIогIа ирах а оьхуш. Иза хаам бу схьабеш — тIебогIуш бу номер йиъ йолу хенан хIоттам. Нах самукъане луьйчуш белахь а, хIорд тийна Iиллахь а, малх къаьрззина хьежахь а — лоьрашна хаьа тIегIерташ лаьтта зулам: тIешершаш бу мисарболатан йилбазмох. Массо а лазархо — дагца я цIийца, я хьеца цамгарш ерш — маса чу а бигна дIалачкъабо, ларбаларан раже берзорхьама. ХIорда чохь лийчар а, малхехь бахчабалар а дуьту, метта бовлу, хьалххе молханаш доькъу, доцца аьлча, шайн ма-хуьллу

дуьхьало йо кху деношкахь чIагIлун йолчу цамгаршна. И ца дахь — садукъделла, пхенаш къовладелла Iазапе хIуьттур бу.

И кънйсам вайн пачхьалкхехь дуьххьара дIаболийна Сочин курортехь. Маьлхан декъехь гIуллакх дечу лоьраша массо а санаторийга хьалххе хаам бо маьлхан жигараллех лаьцна. Мисарболатан йилбазмох гIаьттича кхайкхадо номер йиъ йолу хенан хIоттам бу, олий. Говзанчаш кхуьу бохучух, ткъа лазархошна, кхеташ ма-хиллара, и ша дерг хоуьйтуш дац. Туосаделча, доцург а шайна тIеуьйзуш, хорам хир бара мисканашна.

* * *

Iаморшкахь совгIатна шена кхайкхийна итт де даккха цIа веара Висарханов Сайда. Нохчийчу кхаьчна воккхавеш хьйизара иза. Массанхьа а бIаьрг кхачо гIертара, мел вевза-везарг ган лаьара, цхьана меттехь са ца тоьра. Кхуьнцанна веана кхуьнан шича Iалви наггахь бен чуьра ара а ца къедара, цхьанхьа а ваха са а ца кIамлора цуьнан— шен кIайчу нускална уллехь сакъераларо, цунах тоам бора. Цкъа цаьрга веана Iара Сайда. Кхунна там хуьлу агIо лоьхуш нус а хьийзара. Iалви-м дуьненна а велавелла вара, ша санна виэкхна массо а ву а моьттуш. Марвешина шайн суьрташ гайта елира Хазбат, кхунна ца бевзарш а буьйцуш. ЦIеххьана кIентан синкхетам дIанйцира хазделлачу гIаларто: бос тамехь дара генарчу ойлано нуьре къагийна меъ, кхоччуш тайра цуьнан юьхь-сибат а. Цунах хьаьрчира кхуьнан деган ойланаш, хIетахь суртхIоттарх марзъелира йоI. «Жимма а лартIехьиг наха хьалакхна а ца юьту, иза-м хьала а, охьа а марехь хир ма яй», — аьлла, гIайгIано мерцира кийра, амма хIумма а ца хаадалийта дерриг а къовлуш хаьттира несс, йиш а хедаш:

— ХIара... хIун... жеро ю... хьуна уллехь Iийриг?

— ЙоIстаг ма ю иза, Дика КIант. Сан ца хилча ца тору дотгагIа а ю.

— Iалви-и, хIе, цахуьлу, маса гIаттадел хьайн элдар дегI! — Важа тIевеара. — Бага экъантIа стенна яьккхина ахь, ас аьндерг а ца хууш? Хьох хIиинца, зуда санна, велха хуур ву? ХIара вайн нус йита еза вайша...

— Хьуна луьъург дийр ду-кх ткъа, — тIетодира хIусамдас.

— ХIун даьлла соьгара, ва Дика КIант? — цецъелира Хазбат, цо забар йойла хуъушехь.

— И хIун къамел ду, хIун даьлла бохург? Дукха кхета а йоллий? Иштта хаза доттагI хьайн хилча, суна хьаха а ца еш хIун деш Iийна хьо? — бехк биллира марвашас.

— ХIиинца нисдан мегар дац, Дика КIант, и гIалат?

— Дукха дика мегар ду... ХIе, тутмакх, вало, хьо дIатаIа, хьайн гIуллакх доцчу ла а ца доьгIуш, — эккхийра Iалви...

ЧIогIа тайра Сайдина йоьIан цIе а: Румиса. Цо ittт класс чекхъяьккхина, чIогIа дика а доьшуш. ХIинца оццу школехь, библиотека карахь йолуш, болх беш ю... Берахь дуьйна да Iаламат дукхавеза цунна. Непал а чIогIа везий техьа аьлла. Дас хьоме хеташ кхийна дела хила а мега.. Мухха делахь а, божабер санна, тIахъаьлла яра йоI. Церан тхьамда хилла лелаш а яра, дог даьтIча царех лата а леташ. Цкъа кхеран тоба хьуьнха яхнера кхораш даха. Дитта тIе а яьлла генаш лестош йоллура Румиса. ТIаьхьа тIевеанчу цхьана кIанта мохь туьйхира: «Румиса, шун дада велла хьуна!» — аьлла. И шийла кхаъ шена хеззашехь бIаьргашна дуьхьал Iаьржа бода хIоьттира йоIана, дог а гIелделла, цу буьххьера чуеара. Да могаш-маьрша цIахь лелаш вара, ткъа кIанта кхуо хIун до хьажа Iовдал забар йина хиллера. Амма эццахь, пхоьалгIачу классехь, лазаккхина дог доьрзуш дац хIинца а. Дукха экаме ю: дагахь хIума доцуш а цунна цатов дош хьан багара далахь цомгуш а хуьлий, яла юьжу. Цундела атта хир дац цуьнца Iен, гуттар а дог хьоьстуш лело езар ю. «ХIинца а хьо резавелахь, ас захало дIахьахор ду-кх», — чекхдаьккхира шен хабар несо.

ТIаккхий бен-м шен ойланехь чIагI а ца велира Сайда. Дуьххьара ирахьIен хIорш кхоъ дахара: Хазбат, хIара шиъ. КIант, йоI вовшийн довза а довзийтина, дуьненан синкъерам тIелащийтира. Маттана говза хиллера кхуьнан накъост. Шен шина ишгта шера ву аьлча, тешар а вацара Сайда, цо дина къамел шен лергашна ца хезнехь. ПоьIан корта хьовзо хуур долуш вара. ХIетте а шолгIа дуьйна ша эха велира куьг бехкениг: цхьа а теш воцчохь далхо лаьара цунна шен дагара...

Синхха тIекхечира эскаре вухавоьду хан. ХIора дийнахь бохург санна вовшашка кехаташ кхоьхьуьйтура йоIий, кIантий. Юьхьдуьхьалчул а дика девзира и шиъ йозанехула, хIунда аьлча ишtта къийла а ца лора, эхь а ца хетара, цундела ма-хеттара дийцалора.

ЦIа веара гуттаренна а. Хьалхарчу кхаа дийнахь-бусий цхьанхьа а дIаса ца валийтира: доттагIий а, гергарнаш а, беза-бевзарш а хIуьттура кхеран кетIа хIара декъалвархьама. Цул тIаьхьа синбилгало хаалушшехь новкъа велира кIант: хала сатоьхнера цо хIинццалц Румиса ган лууш...

ГIуллакх хан йилларна тIе даьллера. КIант дохковаларна а кхоьруш, делахь а бакъдерг лачкъо дола а хеташ, йистхилира Румиса:

— Цхьана дахалур дуй техьа вайша, Сайда? Со дагца цамгар йолуш ма ю. Ткъа нахана могаш зуда а, каде нус а оьшу. Кхин вовшийш йина вас а йоцчуьра, кху тIехь дIадерзийча муха хетар дара хьуна? — бохура йоIа. Амма везар шена тIетарна кхоьруш чохь са дацара. Сайдас шена хаза а ца хезначух дитира цо хьахийнарг.

— Гена а ца тоьттуш, ахь де къастадойла луур дара суна. ХIунда аьлча, вайша дахдича юкъа цхьаъ дуола а тарло. Цхьа йист яьккхича атта дара вайшиина.

Иштта нускал далийра Сайдас а.

Ловзар чекхдаьллачул тIаьхьа Сочи дахара хIара шиъ: цигахь вехаш вара Насека Михаил. Эскарехь волуш дуьйна цо марзйиинера Сайдина и меттиг. Делахь а цунна гучу а ца долуш, шайна петар а лаьцна, садаIа, сакъера доладелира хIара шиъ: хIорда чохь луьйчуш, гила-кема хоьхкуш, Кавказан лаьмнашка кхарста оьхуш. ГIеххьа зама а ялийтина, элира Сайдас:

— Насека волчу хьошалгIа гIо вайша? Жимма самукъа а даькккхина, Iодика йийр ю вайша.

Румиса тIетайра. Амма кхара хIиттийна хьесап дуьйхира. Миша дегабаам бина вара шен доттагI воггIушехь ша волчу ца воссарна. Кхин къамел а ца дойтуш, шайга схьадалийра шийа: вижа меттиг вайгахь шорта бу. Салтичун деха кIира туьйхира цара, вовшех чIогIа даккхийдеш, дIадийлларг дагалоьцуш.

* * *

Дуьххьара маьлхан декъехь дарба лелор кхолладелла дуьненан шоллагIа тIом болабалале дикка хьалха Франц ехь. Ницца олучу цIеяхханчу курортехь. Муха хилира иза?

Цхьана хIуманах цецбуьйлура лоьраш: цIехххьана кхета цамгарш ерш цхьатерра цхьаьна хенахь оьгу. Дог лазадалар, дог малдалар, дог гIелдалар, коьртаца дерг, салецар — цхьана муьрехь тIетаьIа, ткъа ши-кхо де даьлча цIеххьана гIоли хуьлу масарна а. Кхетий нах лара. Вовшийн Iаламат генарчу меттигашкахь хIуттуш дерг цхьа сурт дара. Ткъа и тида хууш стаг ваша ра. Ниццехь Iоттаделлачу цхьана хIумано гIо дира духе кхна.

ГIалара телефоннийн автоматически станци ледара болх бан елира. Говзанчаш мел лерина хьовсарх цхьа а тайпа дерт ца карийра. Уггаре а доьхнарг дара телефон уггаре а оьшучу хенахь болх ца беш дуьхьалъялар. Лазархойн хьал уггаре а вон долчу хенахь, царна цамгарш гIори-гIоддаха тIетаьIначу хенахь, мухха а уггаре а ца торручу заманчохь, шайтIано хIуьттарс еш санна, зIенан болх телхара. Иштта гIуллакх мосуьйттаза цхьаьна нисделча дукхах берш цIеххьана шекбевлира, цамгарш чIагIъяларан а, электрически аппаратийн болх талхаран а бахьана цхьаъхиларх. РадиозIенан а, телефоннийн автоматически станцин а талхаран бахьана хьем боцуш карийра — иза дара маьлхан жигаралла алсамъялар. Цигара-а лоьрашна дагадеара адамашна хуьлуш йолчу халонна а бехке Малх бу-кх ткъа аьлла.

Тергамаш дIаболийра дуккха а пачхьалкхашкахь. Къаьстина доккха гIуллакх дина вайн махкахочо, воккхачу Iилманчас Александр Леонидович Чижевскийс. Эзар дийъ бIе шарахь хилла

цамгарш а, маьлхан жигаралла а теллира цо дерриг дуьненан статистиках пайда а оьцуш. Цунна гучудаьлларг цецвоккхуш ду: Маьлха тIехь хьоькхнаш IаьIначу шерашкахь Лаьтта тIехь Iаьржа ун кхета, цIоз догIу, кхин а, кхин а. Iилманан шен масийтта балха тIехь цо билгалдаькхира Iожаллин барам Маьлха тIехь хьоькхнаш кхоллаяларх бозуш хилар. Маьлхан жигараллин бохь баьллачу шерашкахь нах дукха ле, жигаралла йижча — Iожалла юхайолу.

Кхин а цхьаъ а ду. Цхьадолу хIуманаш 27 дийнан мур болуш дара. Иза Малх шен семанна тIехь хьийзарца доьзна лерина Чижевскийс. ТIаьхьо и бакъдира кхечу Iилманчаша а.

Цу декъехь боккха болх бинчех бу французийн Iилманчаш М. Фор, Г. Валло. Цара гулдина дуккха а бакъдерш, Маьлхан, юккъерчу меридианехула хьоькхнаш чекхйовлучу заманахь Лаьтта тIехь дукха хьолахь — 84 процентана — цIеххьана кхетий нах леш хиларх, дагца долчу а, цхьадолчу кхечу а цамгарш хорам беш хиларх. Ткъа шарахь (1922—1942) цара чIогIа лерина теллира и гIуллакх. Цара Францехь вовшахтуьйхира Маьлхан, Лаьттан, Космосан сегар толлуш йолу дуьненаюкъара институт. И дуьненахь а дуьххьара Маьлхан декъехь дарба лелор дара. Дукхах йолчу больницашна, клиникашна хаамаш бора институто, маьлхан амал юьйцуш. ТIаккха хьалххе кечам бан кхуьура, цундела дуккха а эзар стаг Iожаллех хьалха ваьккхина лоьраша.

Царна гIоьна шайн лаамехь тергамаш беш шортта лоьраш бара. Цара тидам латтабора лазархошкахь мича хенахь хIун хьал ду. IОха шайна зеделларг хоуьйтура Форе. Масийтта шарахь дагца хилла цамгарш юьйцуш долу хьесапкехаташ цо хьовсадора Чижевскийга. Вайн пачхьалкхехь халачу цамгарех лаьцна терахьаш Чижевскийн караделира советан лор-статистик волчу П. И. Куркина. И шадерг и Маьлха тIехь долучу хьолаца нисдича, Александр Леонидовича хьалха баьхнарг бакъ карийра.

Цул тIаьхьа вежарша ДюльгIар теллира Европан тайп-тайпанчу гIаланашкахь нисделла 200 эзар стеган валар. Цара гайтинарг а изза ду: хьоькхнаш Маьлхан юккъера меридиан йолчохь IаьIча нехан баларш дуьненахь кхаьсттина алсамдовлу. Холча хIуьтту дагца а, пхенашца а лазар дершший, ун долу цамгарш ершший а .

ТIаьххьарчу ткъех шарахь Томск гIалахь вехачу лор-Iилманчас В. П. Десятовс теллина цIеххьана охьакхеташ валар а, маьлхан жигаралла а вовшашца дустуш. Билгалделира уггаре а кхераменг Малх Iеттийна шолгIа де хилар. Малх Iетта ма-бби ца таьIа лазарш тIе. Мисарболатан йилбазмох вайна схьакхочу юккъерчу хьесапехь 26 сахьт даьлча. Сов а йолий, Iаьткъа радиаци, юха шина-кхаа дийнахь туьй. Цу юкъана Лаьтта тIе иийсса схьа охьасега Малх, юха, семанна тIехь ша хьийзаш хиларе терра,

тIехъэккха, зIаьнарш кхечанхьа дIайоьрзу. Мисарболатан йилбазмехан гIора лахло, вайна беш болу ницкъ а дIаболу.

Хууш ма-хиллара, коьртачу декъана-м цамгар пачхьалкхан дIахIоттамах йозуш ю. ТIом, къелла, мацалла, унахцIена ваха таро цахилар, валахIотталц бен болх — ду бахьанаш-м. Амма, царал сов, Iалам а ду бехке.

* * *

ХIун дича толур яра техьа Румиса? ХIун дарба товр дара техьа цунна? Насеких дага а ваьлла, бIаьстенан юьххьехь Сочи санаторе дIанисйира иза. ГIоли ца хилахь а, зулам-х хир даций... Дагахь доццуш телеграмма кхечира зудчуьнгара, балха тIехь мукъа хан а яккхий, тIаьхьавар доьхуш. ХIун хилла техь цигахь? Дага ца тосуш хIума ца дисира. ДIакхаьчча коча хьаьрчира Румиса: хьуна сагатлуш молханех а пайда ца болу. Ша кхузахь мел ю, уллехь Iен веза хьо. Иш яцахь, ша а дIайига вайн Нохчийчу. МихаилгIаьргахь сецира Сайда, зуда санаторехь Iара.

Уггаре а хьалха Румисас хаьттира, Шабазов муха ву аьлла. Иза массеран а хьоме школан директор вара стомма дегI а, дагца цамгар а йолуш. Сайда воьхна висира: Шабазов кхелхинера. И дIадийцича Румисина халонга дер ду, ца дийцича а кхунна цхьаъ тосаделла, ткъа аьшпаш ботта-м Iемина а вацара. Корта оллийна, хIорда йистехь гIамарлахь Iара кIант. Кхунна тIе махьаьжжинехь кхиира Румиса: дика вевзинера цунна шен майра. ХIинца цIергара схьадаьккхина цIийдар Iоьттина дагах чекхдаьккхича санна, холчу хIоьттира. Амма хилларг хийца йиш яцара. И дара доьхнарг. Балхара могуш-маьрша цIа а веана, дIатаьIиичохь дIаваьлла. Иштта цIеххьана дIаяла тарло хIара ша а. Кхузахь ца хиллехь, лоьраш каде ца хьаьвзинехь, хьанна хаьа, хIара дийна хир яра-яцара. Ткъа лаккахь вай дийцина Iаламан тамашийна гIиллакхаш Румисина девзинера, ларамаза библиотекехь Iилманан цхьа болх карабар бахьанехь.

Сайдас ойлайора, массарна а юккъера хаьржина Шабазов коьртах хIунда ваьккхина Румисас, хьаьнгара хIун хааделла цунна бохуш. Ша ца кхийтира. Хаьттира зудчуьнга. Вукхо хьалха биллира тайп-тайпанчу газеташ тIера кхо хаам:

— Къилба Iаьмиркехь лам а Iеттийна, хиш а дистина, адамашна даккхий зенаш а деш.

— ГIажарийчохь къилбехьа чIогIа мохк бегийна. ХIаллакхина вуъ эзар стаг, шовзткъа эзар — хIусам йоцуш висина. Цхьайолчу меттигашкахь латта лилхина ткъа километр йохаллий масех метр кIоргаллий. Дохийна тIеш, кегдина бIеннаш хурманан дитташ.

— Iаьмиркан, стигал-кема Малх Iеттор бахьанехь шена тIедиллина гIуллакх кхоччуш чекх а ца даккхаделла, духадирзина.

— Хlара кхо хаам ма-кхеччи, дагавеара суна Шабазов.

Сайда геннахь вара кхета. Сел даккхий гlуллакхаш Шабазовх муха хьакхало? Тlаккха дийцира цунна Румисас, вайна а хlинца хууш дерг.

— ...Стаг дера, оьгlазе хуьлу, Малх карзахбаьлча. Некъаш тlехь авареш доьазза тlекхета, доьазза алсамдовлу наха деш долу зуламаш. Лам Iеттор, хиш дестар, зуламе мохк бегор маьлхан жигаралла айлучу шерашкахь хуьлу. Масала, 1966-чу шарахь Ташкентехь мохк бегор. Ца кlордочунна дийцина ца валлал дукха ду Малхо бечу Iаткъамах лаьцна дийца...

* * *

Малх санна, хаза ду адам. Малх санна, дика ду адам. Маьлха тlера хьоькхнаш санна, зуламе бу дог Iаьржа нах. Вовшийн лазо гlерташ бохку. Халонга долу кlоршаме дош, цо кийра мlараш туьйсу, хье чу зlок етта. Iилманчаша шаьш ца кхоош хьегна къа, пачхьалкхо дарба лелош йина харж — дерриге а дов цхьамма муьста дош ма эллинехь. Цунах чов хуьлу, йирзина муо бича а, даI дуьсу. Доккха хlума ца оьшура вовшашца мерза хила — хаза дош а аьлчахьана, хаза пlиллакх а хlоттийчахьана. Ма атта хир дара вайна иштта даха. Хьовса дезара вай ваьшка хlун дало... — дерзийра Сайдас.

* * *

Цхьа дика доцуш вон хир дац. Хlетахь сан некъ юххьа ца баьллехь, аса кхузахь мел дийцинарг хуур дацара суна.

АСХЬАБА ДУЬЙЦУ

Х а б а р

Хьалха а хьажий бен ког а ма баккха, тlехьа а хьажий бен дош а ма ала.

Нохчийн кица

— Дахар дукха хийцаме ду, — вистхилира Асхьаб, — цкъа нана хуьлий хьосту, тlаккха десте хуьлий човхаво, шен нуьцкъала тlара дуьллий юьхь-марш цlийх юзу.

Асхьаб жима стаг ву. Махачкалахь мединститут чекх а яькхина, тхан юьрта лор веана и. Цо къамел долийча, тхо тlехилира; куьйга чlенга а лаьцна, тlедуьйгlира бlаьргаш. Ткъа Асхьаба дуьйцу:

— Мамед Халилов бохуш цхьа доттагI вара сан, тенор. Азербайджанехь гlараваьлла эшарча вара и, сол а жима воллушехь.

Шайн уггаре гоьваьлла эшарча Бюль-Бюль санна, везара и азербайджанашна. Мамедан сурт тIехь мел долу, цунах лаьцна статья тIехь мел йолу журнал гулдича йоккха туп хир яра. Тбилисехь, Москохь, Ленинградехь дика евзара цуьнан цIе. Цо Берлинехь эшарш лекхарх даьккхинчу киножурнале хьаьжна со. Диктора дозаллица дуьйцура «азербайджанийн халкъан хьуьнаречу воIах» лаьцна. Массо а тешна вара Мамед Халилов вайн заманан тоьлашха волу эшарча хилла дIахIуттург хиларх. Дерриг а цу тIе догIуш а дара.

Амма Мамедах цIеххьана пехийн цамгар кхийтира. Аз дуьйхира, сцена йита йийзира. Шена гIоле ма-хилла, тхан институте веара Мамед. Цигахь вевзира суна и гергга.

Тхойша цхьана петарахь вехара. Хийла къамелаш дора охашимма, сарахь волалой буьйса юкъал тIех ластталц. Тхаьшшинан дIадахана дахар, хIинца дерг, хIораннан сатийсамаш...

Мамедана чIогIа лаьара шен боккха, кIорггера безам хьакъдолчу йоIе кховдо. Со кхоьрура и сих а велла, гIалатваларна. И Мамеде дIа а къадийра ас... Цкъа Мамед тIаьхьо вирзира цIа. Цуьнан буора бIаьргаш там хилла лепара, юьхь елакъежачуьра ца сацалора цуьнга. Соьга сиха дагара дийца цунна лаьийла а хууш, сайна хIумма а ца хааделлачух IаддаIара со, цуьнга мел сатохало хьажа. Мамед, вагийча санна, хьийзара, цкъа охьахуура, юха хьалаоьккхура, тептарш кхечухьа дахка вулура. Со IаддаIара. Кхин Iен а ца велла, Мамеда кхайкхийра:

— Суна евзина йоI!.. Цуьнан цIе муха ю хаьий хьуна? Аьлмира! Цо суна хIун дагайоуьйту ала ас хьоьга? Тейиб Демирови хелхаран йиш!

Тейиб Демиров цIеяххана азербайджанийн композитор ву. Цо яькхина кехатпондар тIехь локху цхьа башха йиш, цкъацкъа чехка, сникъераме, юха тийна, гIийла ю. Шен йоьIан сийина «Аьлмира» тиллина цо цуьнан цIе.

ХIета дуьйна дIахьахориг а, схьахьахориг а бакъ болу безаммий, Аьлмирий яра тхойшинна. ХIора дийнахь цунах лоций цхьацца керланиг дохьура суна Мамеда. И йийца цкъа а кIорда ца дора сан доттагIчунна. Аьлмирас кхунах лаьцна цхьа дош а тIехь мел долу газет, журнал IаIийна хиллера. Хетарехь, хIетта Мамеде сатуьйсуш, цуьнга безам болуш хилла Аьлмира. Цу гIуллакхо виснарг а марсаваькхира Мамед... Шина шарахь дIакхийхьира цо Аьлмирина тIехьийзар. ТIаьххьара а Мамеда аьллера йоIе:

— Аьлмира, соьга йолахь...

Жималлехь стага ийсса, шен дагахь ма дарра, тIаьхьалонан ойла а ца еш, дIаолу хIуъу а. Аьлмира а яра къона. Цо жоп делира:

— Мамед, со йогIур яра хьоьга... бехк ма биллалахь: сайна хьох уи даларна ца кхерахьара.

Ма хуьлда вай, доттагIий, Мамедан хьолехь, ма дуьсийла вай цкъа а цуьнан дагара довза... Цу дешнаша ца йоьрзу чов йинера Мамедана. ХIун хетта цунна, хIун дагадеана? Я шен массо а хIуманна тIехь ка йолу зама, я шех туберкулез кхетар, я шена Аьлмира евзина де? И цкъа а хуур дац цхьанна а стагана. ХIунда аьлча цу бусса Мамед цIерпошта кIела а иккхина, велла дела.

ШолгIачу дийнахь, Мамед дIавуллуш, дуьне Iадо санна, мохь хьоькхура Аьлмирас, амма тIахьа дара... дукха тIаьхьа.

КИРТИГ ТIЕХIОЬТТИЧА

Дийцар

Къаьсташ хаза дац. Къаьсташ дог Iаьвжа. Цу бахьанехь юьхь кхоьллина ву матрос Тулаев Зилавдин: иза тахана гена новкъа волу. Хаза мохк а, биэза хIорд а, деган доттагIий а буьтуш.

Iуьйрре гIаьттина, аравелира иза кхузарчу меттигийн Iодика ян. Мох-хIуо детталора хитIера, кхоьллина яра стигал, дерзах Iийдалора тIуьна мархаш. Iалам шена тIаьхьа доьлху моьттуш висира.

ХIорда тIе боьдучу гIашлойн новкъахь хатт бацара, хIунда аьлча иза гIум йол-йолчухула биллина хиларна. Кхунна хьалхха охьа а хуьйшуш, тайп-тайпанчу цIазамех зIок еттара хIуьрцIалдиго. Iаьржа туьта, кIайн лога кIело, хаддаза лесто дуткъа деха цIога. Берцан буьртиг санна, жима ши бIаьрг лерина кхунна тIе а бугIий, хIара улле кхаьчча тIам тухий серан боьххье хуура, кулла тIера хин тIадамаш а эгош. Каде и олхазар шеца ловзуш, санна а хетта, гIеххьа самукъаделира кIентан.

ЦIеххьана гIовгIа алсамъелира. Зилавдин кхийтира ша хIордана герга кхаьчна хиларх. Иза сецира, бIаьрг тохархьама. Безамехьа сурт хIоьттира цунна хьалха: хи тIе кхаччалц гуш берг баьццара куз бара. ТIесерсачу дерзо къага а биннера иза. КIалбелла Iуьллу хIорд а, куц тайна лаьтта буц а иштта хаза ца хеттера кIантана хIинцалц схьа.

Хазахетарх пайда буй ткъа, вайн пачхьалкхана доза тухуш болчу кху махках, безачу накъостех а тахханехь вала везаш хилча?

Зилавдина хIорд марзбинарг да вара. ХIунда аьлча цо дийцина цхьа хIума кIентан дагчуьра ца долура.

1944-гIа шо доладелла итт де бен ца даьллера, Iа юккъе а дахана, уггаре а чIагIделлера. МостагIчун букъа тIехьашха йоккха десант йоссо сацам хилира вайн бIо-хьаькамийн. ГIашсалтан дийнна полк яра, немцойн карахь долчу лаьтта тIе къайллаха дIа а кхачийна, цIеххьана немцошна тIелатийта езаш. Жоьпалле гIуллакх дара Зилавдин дена Мовлина тIедиллинарг: координаташ билгал а йохуш, мостагIчун ницкъ Iаь-Iаьйинчу вайн

яккхий тоьпаш тӀеюстийта езаш вара иза. Цуьнца вара кхин ши радист а, ши таллархо (разведчик) а.

Буьйса а йолийтина, хин-кеманашна тӀеховша буьйлабелира салтий, эпсарш. Кхетта бутт, тийна хӀорд, хи чохь догу нур. Массо а воккхавера: иштта хазачу буса цхьа а некъахьовзам боцуш дӀакхача беза уьш. Амма эрна аьлла дац: воьдуш динарг хьесап дац, вогӀуш динарг бен. ХӀорш новкъа бевлла ши-кхо сахьт далале, сурт хийцаделира: стигал кхоьлира, чӀогӀа мох белира, хорша сара хӀордана. ЧӀешалг санна, ловзадехира кеманаш. Дикка ирах а йоьдий, тӀехаьрцара тулгӀе, бага а дуръеш. Бедарш а тӀехь башийна, массо а шеллора.

ХӀорд карзахбалар бахьанехь тӀаьхьа бисира бӀаьхой: бода баржале цигахь хила беза хӀорш, сахилча а дӀакхачаза бара. ТӀаккха чухьаьлхира немцойн хӀаваъ-кеманаш, тӀеетта йолийра бомбанаш, немцойн пулеметийн, автоматийн гӀовгӀа гӀаьттира. Берд гӀеххьа генахь бара, хӀетте а кемана тӀера охьалилхира десантан дакъалацархой. Ша санна, шийла дара хи, дерачу тулгӀеша корта хьулбора, бухара тӀулгаш шера долуш когаш шершара. ТӀебечуьра лахлуш тӀом а бацара.

Хийла дика кӀант вуьйжира цигахь кхин цкъа а ца гӀатта. Хи чохь а, юха бердайистехь а. Хан ца кхачарна, Зилавдин да Тулаев Мовла висира. Амма Iазап-м лайра. Цо а, кӀелхьара бевлачара массара а. Лелхачу бомбанел а, тӀедеттачу хӀоьънел а, цӀийзачу дӀаьндаргел а новкъа яра Iаьнан шело. Милла вала воллура: тӀадийначул тӀаьхьа, гӀора а йина тӀеюху хӀума меттахавала а аьтто бацара. ДегӀах чекхбуьйлуш хьоькхура шийла мох. Пхенаш чуьра цӀий а шелделла, сецча санна хетара.

ХӀетте а мостагӀчун дуьхьало а кагъеш хьалха дӀаоьхура вайн тӀемалой. Хьалхарчу саьнгарш чуьра а, цул тӀаьхьа шолгӀачуьнчуьра а этира фашисташ, бевдда кӀелхьара бевлларш бен а ца буьсуш.

Бердана дукха гена доцуш аьрцнаш дара. Церан басешкахь Мовлина хааелира немцойн саьнгарш, дзоташ, кхин йолу тӀеман чӀагӀонаш. Чехка Iалашонийн хьесап а дина, рацичухула вайчаьрга хаамбира Тулаевс. Цу сохьта вайчара тӀе тӀом болийра. ХӀоьънаш нийса кхетара. Немцой боьхна-а хьаьвзира. ЦӀеххьана гу тӀехьара гучуевлира танкаш. Мовлас алу царна тӀеерзаяйтира. Шиннах цӀе летира, вуьш юхаевлира. «Иштта бакъахьа ду, — резахилла вистхилира десантан командир подполковник Полосухин. — Баркалла шуна, артиллеристаш».

ТӀелетира вайн гӀашсалт. Басенаш схьаехира.

Шина дийнахь-бусий лаьттира луьра тӀемаш. Дийнахь а, буса а яккхий тоьпаш тӀейоьттуьйтуш, гӀуллакх дора Мовлас а, цуьнан веа накъоста а. Цу юкъана пхеа бӀенне дӀаГӀоьрташ хӀоьарахийцира. Цара ялх танк йохийра, кхоъ миномегийн а, шиъ як-

кхийчу тоьпийн а батарейш хIаллакйира, маснйтта бIе салти вийра.

Шена тIедиллина гIуллакх кхочушдира десанто...

Деза ду ден дош. Жимчохь дуьйна хIорд безабелира Зилавдина.

Ткъа эскаре вуьгучу ваьлча, ша хIорда тIе хьажавар дийхира Зилавдис.

ТIемашкахь лаккхара хьуьнар гайтинчу бIан декъе а нисвелла, цунах воккхавера Зилавди. ТIе тахана, маьршачу заманчохь, хIордахошна тIедиллинарг а дара, тIом бар санна, жоьпале гIуллакх. Хин агIонца долу вайн доза лардеш бара хIорш. БIаьрга IуналлаДина ца Iаш, ямартхочун хинкема вайн берда йисте гIорта там бол-болчу хIиттийна минаш яра. Якоран зIенах дIа а тесна, ахметр а, ши метр а кIорге хи бухахь дIанисйиннера уьш, тIедан тарлучу кемане хьаьжжина: дезанг алсам буха таьIа.

Дуккха хан яц и хилла. Шен накъостех — матросех хьаьггинчохь висинера Тулаев Зилавди: тоххарехь мерзачу набаро Iехийнера уьш. Маьнги тIехь хIара керчаш Iуьллу дикка хан яьллера. Вижа ца вуьтура сарахь ловзабаьллачу хIордо. Цкъа алмаз хуьлий угIа хIуттура, юха, дуьне Iадо гIерташ санна, шок лоллура, тIаккха, дегIе зуз доуьйтуш, цIийза болура. Хи тIехула шайтIан-мох керчачух тера дара, берд санна, лекхачу тулгIенийн рема йистехьа а лоьхкуш. «Къарш-къарш-ш» олий юкъа-кара тата оьккхура, стомма хен, тIе ког а хIоттийна, юккъеша кагбича санна. И ерриге а гIовгIа Зилавдин хье чу йирзинера. Наб-м, тешна а, ца йогIура.

— КIант, киртиг тIехIоьттича вевза стаг, — бохура Зилавдин дас хIара новкъа воккхуш. — Кхералой, вохий юха ма вала, вон цIе гуттаренна а юьсу хьуна. КIилло а хилла вехачул валар гIоли ду хьуна. Диц ма де хьуо ТIулин некъех хилар, — «тIула» — «тIулг» бохург дуйла Зилавдина шена а хаьара. ТIулг санна, тешаме хила накъосташна. ТIулго санна, дуьхьало е мостагIчунна. Вай бен ТIулин цIе лелош стаг вац, цундела хьоьгара яьлла ледарло билгала хир ю хьуна.

Ден дош деза ду. Даго къобал дора иза. Амма цхьана хIуманах цецваьллера Зилавди. БIан декъе дIакхаьчча, хIорш могIара дIа а хIиттийна, цIерш кхайкха йолийра. «Матрос Тулаев!» — дийкира цхьа хан яьлча. «Со ву!» — мохь туьйхира Зилавдис. «Со ву, со ву!», — хезира кхин а. Зилавдил сов, казах Айтхьамид а, оьрси Олег а хиллера изза фамили лелош. ГIалатваьлла хиллера да. ТIулин цIе лелош хиллера кхин а, ур-атталла цхьана къомах а боцуш. Бакъду, нах тIаьхьо, вовшийн дика бевзича, хаза уьйр тасаелира царна юкъа. Боккъала а цхьана доьзалера схьабевлла уьш болуш санна.

Кхана шоьтан де ду. Кхана доттагIашца гIала ваха дагахь ву Зилавди, командирера мукъ а баьккхина. Сурт санна, хаза йоI

ма ю цигахь кхунна сагатдеш. Лила басахь ши бlаьрг а, кlайн юьхь-марш а, малх санна, можа месаш а йолуш. Цlе а ю цуьнан хаза — Злата. Цуьнца цхьаьнакхетарг хиларх воккхавера Зилавдн.

Садаьржира. «Орца дала!» — бохучу маьхьаро массеран а наб яйира, маса дlахlиттийра моггlара.

Хаза кхаъ бацара кхаьрга баькхинарг: сийсара эргlадечу тулгlеша хьулйина йолчу минех цхьаъ, якорша тlера а яькхина, ловзош хlорда чу дlаяьхьна. Иза кхераме ю. Цундела гейна дlа а такхийна, бlаьхаллин хинкемана тlера йоккха топ тоьхна эккхийта еза. Сихха дан а деза и, хlунда аьлча кестта хlорда чухула гlур ду кхечу пачхьалкхан хинкема, тlехь шортта пассажираш а болуш. Ткъа и минина тlеlотталахь, цунах доь дуьсур дац.

Хьалхаша дlасаволавелира кхеран взводан командир лейтенант Тарханов. Ханна матросел дукха воккха вацара иза, тlе эгlаза а волуш, виснарг а жима хетара.

— Кхераме а, жоьпалле а гlуллакх ду вайна тlедиллинарг, — элира цо. — Уггаре дика и кхочуш далу дерг харжа декхарийлахь ву со...

Тlаьххьаре а Зилавдина хьалха сецира эпсар. Лохочу дегlахь, шуьйра белш, готта гlодаюкъ а йолуш, тlулг санна, чlогlа, дахка санна, каде вара матрос. И дика хаьара лейтенантана. И шена тlевеъча дегl нисдира Зилавдис: «Матрос Тулаев муьлхха а гlуллакх кхочушдан кийча ву!»

Шен дагахь цхьа сацам а бина, взводан командир вистхилира: «Матрос Тулаев!» — «Со ву!» — хезира кхаа маьllера, хьалха гlулч яькхира кхаа доттагlчо. Уьш бара Зилавди, Айтхьамид, Олег. Юьхьанца дагахь кхин хиллехь а, лейтенант а реза хилира.

Дукха ца хьелуш шлюпка хlорда чу дlаяхара. Хlинца кхо доттагlа дерачу тулгlешца цхьа висира. Царал совнаха, цхьанхьа ловзуш лелаш lожалла а яра. Цундела доьналла шорттий, бlаьрг сирлий, тlулг санна, ницкъ болушший, напас дена бина вежарий санна вовшин дагара хуушший хила беза кlентий. Ткъа жимма а ледарло ялахь а хаьрцар ду я минех хьакхалур ду кхеран гилакема. Цул тlаьхьа даха дог а дац-кх.

Уггаре а кхераме мур тlеккхечира. Тулгlеша ловзо миний, прах кхуьссу гила-кемий вовшахкхетийта йиш яцара. Хьалха юьххье дlахилира Зилавди, цунна тlехьа охьахира Айтхьамид, ший а пийсак Олегехь дара. Чухаккаелла масех тулгlе тlех а ялийтина, хи цlенкъан кепа дирзича, гила-кема мина йолчухьа герга таlийра. Бертал а вижна, дерриге а дуй техьа аьлла дегl чу а кхазош, хlорда чу кхевдира Зилавди. И чу ца вожийта цуьнан ши иост дlалаьцна воллура Айтхьамид.

Мина якорах зlеца дlатосу. И зlе горгачу минина тlехь йинера. Чlогlа ларлуш цу зlенах буткъа сара тесира Зилавдис.

Тlаккха дегl дерриге а гила-кеман чу даьккхира.

Сара жим-жимма дlа а хоьцуш, гила-кема гена доккхуш бохкура доттагlий. Амма ма-луъу гlуллакх дlа а ца доьдура, хlунда аьлча тlеетталучу тулгlех ларвала везара. Ма-хуьллу шлюпка ловзо гlертара хlорд. Хьалий-охьий кхуьссуш мина а яра. И кхераме мохь тlаьхьа а уьйзуш, хlорда юккъехьа дlагlертара кема. Дикка гена баккха безара иза. Амма и дан матросаш ца кхиира. Цхьана йоккхачу тулгlено нуьцкъалха тlекхетта эккхийтира мина. Шаьш дlасакхуьссуш а ца хиира Зилавдина: иза кхетамчуьра велира. Буха ца вохуьйту коч яра хlоранна тlехь. Цо дика гlулакх а дира.

Зилавди метта веъча, цхьана агlора Айтхьамидий, вукху агlора Олегий лаца а лаьцна ша бердехьа текхош хааделира. Иза халла велакъежира: уьш бакъ болу вежарий бара цуьнан. Уггаре а хьан де эшча орцах вериг вац бакъволу ваша?

Дикка лазартиехь Iиллира Зилавди, цул кlезго — ши доттагlа. Лоьраша бlан гlуллакхана ца магийра кlант. Хlорд а бисира, доттагlех а цкъачунна къаьсташ ву, йолах а вала деза. Цундела хьийзара цуьнан коьртачу гlийла ойланаш.

...Цlехкьана маьхьарий девлира. Кхуьнан ши доттагlа вара ведда вогlуш. Шай-шай хьалхавала а гlерташ, цхьаъ бохура цара. Тlаьххьаре а кхетийра: «Маса лела: хьо новкъа волийла хиъна еана Злата ю».

Зилавдин юьхь серлаелира.

ДАГАХЬ А ДОЦУШ ВОВШАХКХЕТАР

Хилларг

Тlом дlабаьлла дикка зама ю. Амма дийна бу дакъалацархой, хlинца а хlумма а диц ца делла, хlинца а, хlиицца хилчэ санна, юьхьадуьхьал лаьтта царна и чехка тlемаш.

Тlехьа-Мартанан районерчу Бумтахь Iаш ву Мерзоев Умат-Гири. Аьхкенан цхьана хазчу сарахь, малх чубуза гергга баханчу хенахь, юьртан туьканан уьйтlарчу бай тlехь шортта нах цуьнга ладоьгlуш Iара...

1940-чу шарахь Цlечу Эскаре вигна Умат-Гири. Ленинградехь цхьайтта баттахь лахарчу командирийн дешар дешна. Кхуна уллохь лаьттачу маьиги тlехь вуьжуш-гlоттуш вара белорус Бобровник Петро. Умат-Гирис бlаьхаллин некъаш дитталц, чlогlа доттагlалла лелийна цу шимма.

Тlом баьлла ворхlалгlачу дийнахь кхеран яккхийчу тоьпийн 52-гlа полк Каунас гlала ларъян хьажийна. Мерзоев йоккхачу тоьпан Iалашхо (наводчик) хlоттийна. Каунасал малхбузехьа, хlорш дlачlагlбеллачохь, баганан юькъа хьун яра, дlанехьа ирхе

а йолуш. Меттиг Iаламат хаза яра, маьрша зама хилча дика самукъадер долуш.

Дехьа, лаккенгахь, яра немцойн позицеш. ХIоккхул стаммий дечигаш эгош, чугIерташ хуьлура церан танкаш; вовшах а йихкина кхо-йиъ граната дIакхоьссича, болар жимма лагI а дой, юха а чухьолхура. ДуьххьалдIа саьхьар-шиша тIекхетахь, цIе летий, йогура уьш.

Ма декъаза а вара-кх мостагIчунна каравахнарг! Вайн устав хуьлура церан хьаькмана хьалха Iуьллуш, цу тIе хьаьжча хаьара, хьаьнгахь мел герз-гIирс хила деза. Хьоьгахь маса патарма ца тоьъна хьожий, оццул шайн тIемалой хIаллакбина ахь олий, хьийза а вой, вайчарна гуччу диттах ирах уллура. Оьхучу маьхьарша лергаш Iададора. Юха радиочухула кхайкхадора цара оьрсийн маттахь: ша каравеанчух, тIом чекхбаьлча, воккха хьаькам а вийр ву шаьш, ца веанчуьнга — изза де а хIоттор ду олий. Хьаькам хила сакIамделла цхьа а вацара...

Шина кIирнах буьрса тIемаш лаьттира цигахь. Ца тоьу герз, байина накъостий, наггахь бен кара ца богIу кхача, — цу дерригено гIелдинера. Юккъехула, шайн буьзна забарш еш, дог этIадора немцоша. Кухни еъча а, цунна тIе а вахана, бовха кхача схьаэца ваьхьаш да кIезиг волура, хIунда аьлча тIетеккхашехь топ тухий дIахарцаво дела. Ткъа немцоша вайчеран духар а духий, боьлхий шайна юург а хьой, гай датIо санна боьлуш, мохь беттара: «Рус, зуппе карош», — бохуш...

Цкъа делкъал тIаьхьа, тIехула а хьаьвзина, кхарна тIехьа мостагIчун ши кема хиира. Чуьра биссира эпсарш. Забарш еш, кхахь-кхаххьиехь боьлуш, меттигийн хазалле хьоьжуш, безама-на суьрташ дохуш лелара уьш, хIорш тергал а ца беш. Кхеран полкан штабан хьаькама лакхарчу лейтенанта (цуьнан цIе йицъелла Умат-Гирина, куц-сибат хIинца а дагахь латтахь а) тIедиллира Мерзоевна, шен отделенех дийна висинарг а эцна вахана, и эпсарш карабалор. Амма и омра кхочуш дан хIорш ца кхиира: тIехьашха тIестта йолийра минометаш, дерриге а дуьне гатдеш. Цу хенахь вайн командованис рацичухула хайтира Каунас немцоша дIаньккхина хилар, тIедожийра, герзан меженаш цхьацца йохуш дIаса а кхиссина, гуона юкъара довлар. И хазарца кхерам боьссина массо а дIахьаьлхира.

Амма эццахь дийкира лакхарчу лейтенантан нуьцкъала аз: «Чехка — со волчу!» Тапъаьлла севцира, гобира цунна. Цо омра дира, йоккха топ мостагIчунна ца юьтуш шайца дIайига аьлла. Йоккха топ текхон елла цхьа ЧТЗ олу трактор хуьлура цу заманахь. ХIинца и трактор а латийна, цунна тIаьхьа йоккха топ а тесна дIагIерта дезара. Шайн бовда кийччачу кхара элира: «Ягориг ма яц», — «Сихха хилийта!» Дан хIума дацара, ягориг а карийра, трактор а латийра, йоккха топ а дIатакхийра. Гехьа ор а доккхуш, кхарна хьалхха йоккха топ а тухий, и аре екош белало-

ра немцой. Кхара лелочух ца бешаш. Юьхьанца кхоьруш са легашка кхочура, хIоъ моссаза оькккху а. ТIаьхьо дIа бола а боьлла, бен а ца хетара, лайн мижаргаш деттачул башха. МостагIий биэлахь а, кхин къар ца луш, хьуьнаха тилира хIорш. Забара тIера дIадаьллийла кхетча, тIебирзира вуьш, амма тIаьхьа дара: хьуьнах дIа а кIаргбелла, дIабахара хIорш.

Масийтта де даьлча, беш санна, жима хьун а, ирзо а долчу цхьана кIотарна тIекхечира. КIотарахь мостагI ву-вац талла Бобровник, Мерзоев хьажийра. Къарш-къарш деш а хезна, ладоьгIча, чIийшаш гулдеш хенаро цхьа литовхо хааелира. Цо элира, немцой луларчу кIотарахь севцца, шун некъ маьрша бу. Кхалла хIума хир ярий шуьгахь аьлла хаьттича, цо элира, аша кхузахь жимма собар де, ша яхьаш йогIу.

ХIара шиъ хьежа велира. Хьеелча, шекваьлла, ларлу-уш тIаьхьавахара. Картолаш кхехко хIоттийна яй, баьхьна подвала чу кхоьссина хиллера. Мацалла корта хьийзачу кху шиина цу сохьта схьакарийра и. Цхьанхьара довхачу баьпган хьожа а етталора. Кара ца дора. Iуьрг дIа а хьаьхна лаьтташ яра пеш. Дог кхиъна, поппар бохийра. Пешахь карийра доккха бепиг. Iаьржачу кIах даькккхина дама лийса а ца луьйсуш, дитташ а цхьаьна дина бепиг. ХIусамнана немцошка мотт тоха яханчуьра ерзале, шиъ бепиг, картолаш а эцна шайнаш болчу хьуьнах ведира. Цхьацца картол, шина пIелггал бепиг-цастар кхечира хIоранна, и кхаьллича а жима чу са деара. Цигара бевлла уллохь лаккахьо Iуьллучу хьуьнах буьйлира. ХIорш мегарг къайла а бовлале, хIинцца кхара йитиичу хьуьнна го тийса бевлира мотоциклаш тIехь болу немцой. Шакарш етташ, кхаьрга карадуьйла бохуш. Дуьхьал жоп ца хезча, тIе гранаташ лаьхкира, даш далхийра, ерриге а хьун цостуш. «Дика ларало шу-м, кIентий, дика ларало», — ца вешаш, немцой хастийра кхеран лакхарчу лейтенанта.

Шайн йоккха топ цхьацца меже йоккхуш дIа а лачкъийна, кхин хьовзам ца болуш вайчарах дIакхетта хIорш.

Кхаа дийнахь-бусий са а даIийтина, кхечу полкашка дIасабийкъира. Мерзоев, Бобровник церан дехарца цхьаьна витира...

Цхьана чехкачу тIамехь, массо аьлла, хIаллак а вина, шаьш-шиъ висина хиллера Умат-Гирий, Петрой. «Дан хIума дац вайшиина, беллачарна кIел ца лачкъахь», — элира Бобровника. И цунна дагадар бахьанехь кIелхьара велира хIара шиъ йийсар ца веш. Кхарна тIехула буьйлуш дIанхира мостагIий, шайна хазъелла эткаш оззайой схьа а йохуш. Уьш тIехбевлча, текха-аш цхьана таьIначу меттехь коьллаш тIе кIайн байракхаш, аьлча а шаршош а оьхкина Iачу нахана тIекхечира. Царна немцоша хIума ца дора, цундела царах дIакхийтира хIорш а. Иштта Iаш кхин а хиллера вайн масех салтий. Цигахь са а даьIна, шайца вогIург

а эцна, малхбалехьа таьIна хIорш. Карахь дика герз а долуш — цу хенахь цул дукха-м хIума а дацара.

Оьху-уш, гIадбахана бела а боьлуш, чIогIа къамелаш дечу фашисташна тIеIиттабелира. Вукхарна хIорш хаа а ца беллера.

Мерзоевн чин лакхара хиларна, кхуо хIун олу хьоьжура салтий. Шиъ, аьтту агIора тIе а гIой, цIеххьана тIелата аьлла вахийтира. Цхьа дика аьтто а баьлла, гергга тIе а текхна, герз тIекхарстийра цу шимма. Сийна алу мостагIчо а гIаттийра. ЧIагI а белла, шайн пулемет а йолуш, тIамна кийчча Iаш хиллера уьш. «Ура!» — бохучу маьхьарца тIе хIорш а летира. Немцо пхиъ хиллера, царах цхьаъ дийна висира, пхьаьрсах чов а еш. «Цхьа доккха совгIат тхаьш дахьаш санна, лерина и текхош фронтан зилал дехьа девлира тхо», — бахара Умат-Гирис. И бахьанехь кхарна массарна а баркалла кхайкхийра командованис...

Вайн эскар юхадолуш, хан-зама яллалц мостагI сацо битинера хIорш Старая Русса цIе йолчу гIалахь. Цигахь кхетта дIаьндарг касканах чекх а яьлла, йист дилха чу а ерзош аьрру бIаьргана лаккахь хьаьжах яхнера Мерзоевна. Юьхьанца чов хаа а ца елира, кхано цхьа тIеда хIума ю-кх юьхьа тIехула охьаоьхуш. ДIа куьг хьаькхча, цIий дара. Каска схьаяккха воьлча лазавора, тоха са доцуш. ГIеххьа и Iазап лан дийзира, цу тIеман кIуьрехь висина говза лор ца хиларна. Юккъехула контузи а хилла, воьжна висира Умат-Гири «цхьанне а боцчу» махка тIехь. Кхуна тIетекхна салти тухий вуьллура, ткъа кхуьнан шен меттахвала де дацара. Бобровника, шена дуьхьала дакъа а лаьцна, текхаш тIевеъна, дIаваьхьнера шен доттагI. ХIара лазартне дIа а кхетийна, къаьстира кхунах Петро.

Лоьро лаза а ца веш схьаяьккхира каска: «ХIара-м чолхе хIума дацара». ТIус а бина, чорда киса Iоьттича бехделира. Ши чайнан Iайг хиллал соьла а, ноткъа а яьккхира лоьро чевна чуьра. Корта бистинера. ТIаьххьара а хьаьира иза а. ВорхI бутт ах бутт Иваново гIаларчу лазартнехь баьккхира. Бутт мукъа хан елира Мерзоевна цIа ван. ЦIахь чевнаш юххьа а евлла, кхин тIаме вахар ца нисделира...

Цу кеппара Умат-Гирис цхьацца хIумнаш дагалоьцуш дикка Iийра нах Бумтарчу туьканан уьйтIахь. Мел хьахорг Бобровник Петрос кхунна гIо деш я цо хIара Iожаллех воккхуш хуьлура. Кхо дIа а дина хуьлучух тера ду дика, дуьххьалдIа ша динарг айдан тамехь ца хеташ Iийна хир ву-кх и...

— ...ТIаккха Петрох хIун хилла хаьий хьуна? — хаьттира Умат-Гирига.

— Ца хаьа, деллахь. Вийна хила мега, тIом дукха луьра ма бара, — ойла йора Умат-Гирис.

Цу хенахь йоьттина тIехь салтий а болуш машен сецира туькана хьалха. Салти туькана чубахара, царна юккъера эпсар тIе а веана, къамеле велира. Кест-кеста лерина хьожура и Умат-Ги-

рига. «Бехк ма биллалахь, хьоьга хьажа мегар дарий?» — хаьттира эпсара. «Хьажахь», — велавелира Умат-Гири. Цуьнан хурашка хьала а айъина, хьаьжтIерачу муоне а хьаьжна: «Мерзоев вуй хьо?» — хаьттира цо. «Ву. Хьуна мичара вевза со?» — цецвелира Умат-Гири. «Капитан Бобровник», — шен цIе яьккхира эпсара. Iаччуьра кхоссавелла, марахьаьрчира Умат-Гири. Шо гергга кхунна дукха гена воццуш бIогIуллакх кхочуш деш хиллера Бовровник Петро. УьстагI а бийна, хаза хьошалла дира Умат-Гирис...

НОХЧИЙН НУЦ

Дийцар

— Алло, весник? Весник «Грозненский рабочий»? — лаьтта бухара схьадолуш санна, къора декара аз, зIе генара йогIуш йоцушехь.

«Весник» болгарийн маттахь «газета» ду. Делахь-хIета, кхетийра ас, велахь а вацахь а зIе еттарг Соьлж-гIаларчу ГIишлошъяран болгарийн тобанах цхьаъ ву-кх.

— ХIаъ, весник ду, весник! — цунна а ца хеза моьттуш, мохьтуьйхира ас.

— Хьенех, хьо вуй иза? — сан цIе яьккхира дехьа маьIIехь.

— Со ву, бай Крестю, — элира ас, цуьнан тийна-таьIначу, дукха пергIатчу лерах шекваьлла.

Кхузахь билгалдаьккхича бакъахьа хета суна: цIарна хьалха диллина «бай» воккхачу стаге вистхуьлуш олу. Бай Крестю ГIишлошъяран тобанах волчу хIора болгаринна вевза. Амма фамилица ахь лахахь, мила вуьйцу а хуур дац.

«Бай» тIетоха дезаш, хан дIатилла-а ван а вара иза. Фашистех шайн пачхьалкх а, лулара Югослави а дIацIанъеш тIом бинера, шегара доьналла а, майралла а гойтуш. Маьршачу заманчохь хьуьнаре къахьоьгура. Шорта гIишлош йина цо дакъалоцуш Болгарехь а, ткъа тIаьхьарчу шерашкахь — вайн махкахь а. Тоххара пенсехь хила везара бай Крестю, амма болх беш бен мегаш вац иза.

Ша лелочух кхачам ца хуьлуш, атта доцу кхин цхьа дукъ а дIакхоьхьура цо: юкъа-кара шайн тоьлла болчу белхалойх болгарийн маттахь язйой йоккхо хIума йохьура тхан газете. Суна ледара хаьа церан мотт, кхин даладелла ца Iемина цунна оьрсийниг а. ХIетте а, цхьана охьа а хиъна къахьегча, гIеххьа дика гочдалора тхойшинга цо яздинарг. Юха и зорбане даьлча, боккха кхаъ хуьлура бай Крестюна.

Цул совнаха, хасто хьакъ верг схьа а къаставой, тхоьга хаам бора. Доккха гIо дац и ткъа тхуна, редакции балхахошна?

— Хьо лаа варий, бай Крестю? — хаьттира ас зIенехула.

— Шун нуц цIавеънийла ханйта гIертара со-м, — велавелира бай Крестю.

— ХIун нуц? — юьхьанца ца кхийтира со.

— Нохчийн дуьххьарлера нуц Любомир Захариев.

— ХIа-а! — дагавеара суна бай Крестюс вуьйцург.

Дукха вийцинера суна иза, мало йоцу говза белхало, хьуьнаре вовшахтохархо. Иза коьртехь лаьтта гIишлошъярхойн бригада йохьаллехь хьалхара меттиг цхьанне а кхочуьйтуш а я кхочуьйтур йолуш а яц, бохуш. Амма со болгараш болчу веъча, цкъа а бухахь ца нислора. Украине я Гуьржеха, Суьйлимахка я Къилбаседа ХIирийчу, Воронеже я Волгограде командировке хьажийна каравора шен бригадаца. Болх сиха кхехкачохь хила везара Любомир Захариев.

— ХIинца хьуна ган лаахь, аьтто баьлла-кх хьан, — бахара бай Крестюс.

— Ган муха ца лаьа... Делахь а цхьа хIума-м ду.

— ХIун ду техьа и? — хаьттира воккхачу стага.

— Тхан Iедалехь, нуц хьажа веза стунцахойн гIуллакхе... Из редакце схьавеъча, вайн гIиллакх а ца духуш, ткъа суна хало а ца хуьлуш дIадоьрзур дара-кх хIара.

— Iовдал-м, хьаха, вац, — велавелира бай Крестю. — Амма тахана цунах гIуллакх хир дац: кхузахь, Маяковскийн городокехь, пхоьазза тIекIелдина цIенош чехка чекхдаха гIерташ сихбелла бохку уьш.

— Делахь со дIа ца веъча вер вац...

ГIишлошъяран болгарийн тобанан конторехь соьга хьоьжуш Iаш бай Крестю карийра суна. И гIиллакх лелош Iедал гуттар а дара цуьнан. Суна Любомир цкъа а гина воцу дела, и хоьттуш со ца лелийта, хьалхавелира воккха стаг. «Воккха стаг» цунах ас бахахь а, болар-м санчул чехка дара цуьнан. Ма-дарра аьлча, дукхах долчу хIумнаш тIехь хIинца а гIеххьа гIеметтахIоьттина стаг хеталора бай Крестю. Цуьнан шортта IаьIна шераш хьулдан гIертара дуткъа, цхьаннахьа а тIе мохь йиллаза оьзда дегI, жима хаза юьхь-сибат, цIарула-цIен йогу беснеш, мокханца шера дIадаьшна маж-мекх. Делахь а къеналле и ластарна айкхболура тIех сирла кортий, гондахьа дукха хебарш йийшина, баса бала болабелла сийна ши бIаьрггий.

Гена ваха везаш а ца хиллера тхойша, иттех минот а ялале дIакхечира тхов тIеберзош бохку белхалой болчу. Бай Крестюс болгарийн маттахь оха деана гIуллакх дIадийцича, сихха охьа а воьссина, тIевеара Любомир Захариев.

— Хьелур дуй вай? — хаьттира цо. И дешнаш харцахьа тида тарлора. Цундела сихвелла тIетуьйхира: — Бехк ма биллалаш, ас хIунда боху аьлча, вайн къамел дахлур делахь, цхьанхьа чугIур ду вай, дацахь — ховхачу байтIе охьаховша а мегар ду. Шуна хIун лаьа?

Аьхке мIакьяьлла зама яра и. Екхначу стиглахь хаалуш марха яцара, меттаха ца хьоврa хIуо, буьххье хьалабаьллачу малхо кхехкабора хье. Ткъа тхо массо а коьртаIуьйра вара, цундела наггахь хьеюккъе куьг дуьллура, и, цIе санна, йовха зIаьнарш цхьана юкъана мукъне а чекх ца йовлуьйтуш совцон дагахь.

— Самукъне-м арахьа хир дара, IиндагI долуш меттиг карийча.

— Лохур ю вай...

Лекхачу пено луш IиндагI кIезга делахь а, сийначу бай тIе охьалахделира тхо, кIела газеташ а дехкина.

— Хьо тхан советан махка маца веъна а, ахь балха тIехь хIун кхиамаш баьхна а, хьо нахаца тарлуш хиларх лаьцна а сона дийцина, — дIадолийра ас. — Ахь нохчийн йоI йигна боху маре, и тамашийна хетта араваьлла со. Оьрсийн, эрмалойн, украинцийн мехкарий-м шортта кхийлина шун кIенташа, хаза бертахь Iаш а бу уьш. Мацца а цкъа-м замано дIанисдийр дара иза, делахь а цкъачунна нохчашна юккъехь эвхьаза далаза гIуллакх ду-кха.

— Ма-дарра аьлча, со муха ваьхьира а ца хаьа суна, яло хьовха, тIехьовза а, — ойланашка велира Любомир. Ткъа суна дагадеара цуьнга хьаьжча: дегIана кIезга ву, лоха, эгIаза; делахь а дилхе хьаьжжина декъна дац доьналла. — Тхоьга чIогIа буьрса ма дуьйцура нохчийн гIиллакхаш. ДIа ма хьовсалаш церан мехкаршка, забар ма елаш... Церан божарша вуьйр ву, вокхур ву, бохуш. Делахь а, дагахь а доцуш, цхьаьна нисделира-кх тхойшиннан рицкъа.

...Дуьххьара и суна гира С. М. Кировн цIарахчу паркехь. Тахана санна, довха кIиранде дара. ЦIеяхханчу тхан поэт-революционеран Христо Ботевн сийнна цхьаьнний концерт хIоттийра аьхкенан («баьццарчу») театрехь болгарин, советан кегийрхоша. Дагах кхеташ екара болгарийн, оьрсийн, нохчийн эшарш, са иракара хIоттадора тайп-тайпанчу къаьмнийн хелхарша. Цигахь дагчу йижира суна нохчийн йоI. ПетIамат Темирханова. Мехкаршца цхьаьна а, ша а эшарш лийкхира но — сиинан орамашка кхочура цуьнан кIеда, хьоьсту аз. Гуттара чIогIа тайра суна (со вуцчунна а) нохчийн забаре хелхар. Божарех кечъелла, дIаьндарг санна, каде хьийзара и сцени тIехь.

Ма эрна дууш хилла ас дуьне, хIиццалц и ю-яц а ца хууш! Iелур вацара со цуьнга вист ца хилча. Со воха ца вохийта, улле накъост а ваьккхина, концерт дIаяьлча тIевахара со. Хазчу мехкаршна юккъехь лаьтташ яра и — массарел а хазаниг.

— Ма дика хелхаяла хууш а хилла хьуна! — даггара декъала йира ас иза. — Тхо Iамор дуй ахь иштта хелхадовла?

— И хала доцу хIума ду... — Куралла а ца еш, и дуьхьала йистхилла воккхавера со.

Зудаберийн тоба новкъа яккха дахара тхо. Амма шайн-шайн

цIа уьш дIа а кхетийна сихха къаста ца лаьара: цхьаьна яькхкхина хан мерза хетара. Цхьа бехказло лаха езара. Иза а карийра. Дист а хуьлуш, жимма самукъадоккхур вай аьлла кафе чу а дирзина, морожени яа хевшира. Цхьадика, ПетIаматана дуьхьала нисвелира со. Ши бIаьрг цунна тIебоьггIинчохь виснера. Боккха кхаъ хилира сан бала кхочуш йоI а юйла хиъча. Дол-долуш, тхойша а къамеле делира.

— Кхуза балха ван дага муха деана хьуна? — хаьттира цо.

— Со хаъал хилчахьана, суна беза буьйцуш хезнера шун мохк. ТIаккха сайна ган лиира-кха, — жоп делира ас.

— Хьаьнгара хезнера хьуна?

— Дуккха а нахера. Царна юккъехь — Тодор Живков а волуш.

— Шайн пачхьалкхан куьйгалхо вуьйций ахь? — цецъелира ПетIамат.

— Вуьйцу.

И тамашийна хетара йоIана. Амма иизара яллал хIумма а дацара.

— И тхан лулахо ма ву, — кхетийра ас ПетIамат. — Софияна гена йоцуш йолчу Этрополэ гIалахь Iаш ду тхо, ткъа Тодор Живков Пранец юьртахь вина (хIинца-м гIала ю иза а). Тхуна юккъехь ворхI километр бен меттиг яц. Цундела тхо долчохь дика вевза иза. ТIехула тIе тхан гIалахо Продан Марков, «Элпром» заводан директор, тIом болчу хенахь «Чавдар» бригадехь Тодор Живковца цхьаьна партизан лелла. И шиъ хIинца а вовшашка хьошалгIа воьду.

Йоккха яц тхан Этрополэ, хIетте а советан мехкарий маре бигна болгараш дукха бу. Цу тIе а доьгIна Продан Марковс кхайкхам бира: гIалахь болгаро-советан доттагIаллин клуб кхолла еза. Нахана тайра цо дагалаьцнарг. Вовшахтуьйхира клуб. И схьайоьллуш Тодор Живков а веара, Продан Марковс кхайкхина волу. БIаьхаллин доттагIашна дагаоьхура, гитлерхошна а, болгарийн фашисташна а дуьхьала бина тIемаш, Болгарин уггар де эшначу хенахь советан халкъо дина вежараллин гIо. Церан къамелашка ладийгIина аса а.

...Деха хIунда дуьйцу вай и, со кест-кеста ПатIамат йолчу кхочура. Хабарш дахлой, хенахь цIа дерза а ца кхетара тхойша. Дагчохь деккъа цуьнан сурт хьостуш вуьжура со, самукъадолий самаволура: «Тахана а гур ю суна и!»... Наггахь сан воккхавер дохадора йоIа: ахь дуьйцург тIаьхьало йолуш хIума дац. ЦIераниш берта богIур бац. Тхан гIиллакхаш дуьйцуш ца хезна хьуна?

Суна хезнера. Цундела дог Iовжадора цу дешнаша.

Цкъа ПетIамат, сой лаьттара гIали юккъехь. Къамеле а даьлла, тхойшинна цхьа а ца гора. ТIевеара жима стаг. Йоlе барт хатта хIоьттира и нохчийн маттахь. Со ца кхетара цо дуьйцучух, цундела айса хIун дича бакъахьа ду ца хууш лаьттара. Цуьнан

хабар лахделча ПетIамата тхойша вовзийтира. Иза цуьнан ваша хиллера, Вахита.

ЙоI цIа яхара, тхойша тхаьшшиъ висира. Цхьацца дуьйцуш-олуш, урамновкъахула леллачул тIаьхьа, ресторане вигира ас кIант. Жимма мала а мелла, цунна кеп хиллачул тIаьхьа цуьнан дагара хаа хьаьжира со. Да воккхаве хIума дацар схьагучудаьлларг: сатийса а ца оьшу. Ткъа со вара хьуна цунах дегайовхо йолуш, иза сайгахьа хир ву моьттуш. Цуьнан берхIитта шо бен ма дацара, ширачух бухадисина хIума а хила ма ца дезара цуьнца.

Амма юхавала йиш яц. Вехь вуьйр бен вуй цара? ЙоIаца барт бира, мукъачу дийнахь, сархьо, доттагIашца и йиэха вогIур ву аьлла. ПетIамат дуьхьала яцара.

ТIедеара ас дукха сатийсина шоьтаде. Бедаршна иту хьоькхуш, маж йошуш, IатIар детташ воллура.

— Хьо ма чIогIа кечлуш ву, хьуна хIун дагадеана? — хаьттира сан накъосташа.

— КIентий, — вистхилира со сайн бригадан декъашхошка, — со зуда яло воллу...

— Ма дика ду иза! — хазахийтира вукхарна. — Цхьа ловзар дуур ду вай, дерриге а дуьне хелхадоккхуш...

— Мила ву шух невца накъост хила лууш? — хаьттира, сайн накъостех бIобоьлла волчу, ас.

— Со!

— Со!!

— Со!!!

Бахка луурш шортта бара.

— Бакъду, нохчий-м ю иза, — билгалдаьккхира ас.

Тапъаьлла дIатийра массо.

— Айхьа хIун дуьйцу хаьий хьуна? — со лартIера ваьлча санна, цец а буьйлуш, бохура цара соьга. — Цуьнан гергарчу наха вайна хIун дийр ду хаьий хьуна? Церан IедалIа девза хьуна?

Доцца аьлча, суна тIаьхьа хIуттуш цхьа а вацара. ЧIогIа халонга делира суна иза.

— ХIинцца сайн доттагIий бу моьттуш вара со! — мохь хьекха велира со. — Тахана хин суна, суо гIалат ваьлла хиллийла. Кхул тIаьхьа со бригадехь болх беш вац шуна.

ЮкъараIойли чуьра араиккхина, айса хIун леладо а ца хууш, хьаьдда воьдура со. Тхан контора йолччохь хIара бай Крестю дуьхьала нисвелира суна.

— Хьо ма бос баьхьна ву, хьуна хIун хилла? — сан бала кхечира кхуьнан.

Сайна Iаьткъинарг дийцира ас.

— Кхин хIумма а хиллий?

— Ца хилла.

— Н-м хьо воххал доккха хIума дац, — дог хьаьстира бай Крестюс.

— Дага догIий хьуна и, бай Крестю? — хаьттира Любомира воккхачу стаге. Вукхо, безамехьа вела а къежна, шен сира корта охьатаIийра...

— Хьуна магахь, со ву-кх хьан накъост, — элира хIета бай Крестюс, кхин дIа а дуьйцура Любомира. — Вай гIур а ду йоI еха, я цара вайна хIума а дийр дац. Кхин нохчий акха адамаш даций. Нохчий — къонахий бу, шайна тIедаьхьна хIуъа а гIуллакх дан а лур долуш. Делахь а хьалха ваьлла царах стаг хилча бакъахь хир ду, гIиллакхах-гIуллакхах вай ца дохийта. ГIой вайца болх беш волчу Барахоев Башире ас кхойкху алал...

Бай Крестюй, Барахоев Баширрий вопIийла хиъча, ерриге а бригада тIаьхьахIоьттира. Тхо дIакхаьчча, чохь беккъа зударий карийра. Шайн долахь цIа ду церан, хаза уьйтIе а йолуш. Стоьлаш ара а яьхна, кемсийн Iиндагlехь хевшира тхо. ЯахIума йинна а бевлла, охьахIотточу хенахь, хIусамда цIа кхечира. Хьеший гича, тIевеана маршалла а хаьттина и аравелира, хьелур вац ша аьлла.

«ХIинцца нах а гулбина, тхуна етта воллу хьуна иза», — дагатесира суна. ХIета сан кхетам ца хилира, цунна тхо стенна даьхкина ца хаараш. Ткъа важа-м кестта вухавеара шен шича Мохьмад а, лулахой а балош. Карахь ши шиша коньяк дара цуьнан. Уьш стоьла тIе хIиттийра. Оха а даьхьнера масийтта яьшка малар. Дууш, молуш дикка хан елира. Дуккхазза а кад айбинера советан наханий, болгарашний юккъерчу доттагIаллина тIера.

ТIаьххьаре а хьала а гIаьттина, гIалгIайн маттахь оха деана гIуллакх дIадийцира Барахоев Башира.

— Кхин къамел дийр ду вай, — доцца дIахадийра йоьIан дас.

Амма хьеший юха ца бовлура. Бай Крестю а вистхилира, Башир а къарлуш вацара.

— Кху цIийнан нуц хила гIертарг мила ву? — хаьттира йоьIан дас.

Вист ца хуьлуш, хьалагIаьттира со.

— Кху чуьра йоI цкъа а хьан хIусамнана хир яц-кх, — дог Iовжийра цо.

— Собардехьа, Зяудди, иштта ма алахь, — тхоьгахьа гIолецира цуьнан лулахочо. — Дас-нанас шайн бераш дIанисден ма дIа ма яьлла. Тхан дас-нанас ялийра суна зуда. Вон зуда а яц иза, ас баха ца оьшуш, хьуна хууш ма ду и. КIентий баккхий а хилла тхойшинна. ХIетте а дагчуьра синкъерам дIабаьлла сан, хIунда аьлча суна кхин езара.

Цунах а гIуллакх ца хилира. Кар-кара а оьцуш дуьйцура, амма Зяуддин дог-ойла хийца ца лора. IаддаIара Мохьмад — милицин майор. ТIаьххьаре а цо а бага гIаттийра: «ЙоIана хIун лаьа хьовса вай. Мелла а цунах а хьакхалуш санна хета суна вай дуьйцург».

Чуеара ПетIамат. Хьаькккхина тIе а еана, суна улле охьахира.

— Схьадола, шайтIа, хIоккхуза, — тIечевхира да.

— Сан меттиг Любомирана уллохь ю, — дуьхьалаелира йоI.

Суна ца моьттура, и иштта майра ю. Хазахийтира суна барам-чот йоцуш.

ЦIа веара кхарста вахана Вахита.

— Хьуна хIун хета кхунах? — хаьттира цуьнга дас.

— Сайн йишин ирс дайа гIертар вац со, — элира цо. — Маре дIаяхийта. Амма цхьа хIумма-м ду хьуна, ПетIамат: церан гIиллакхаш ца лериний, цIийида ишта вуй, вуьшта вуй аьлла хьо цIа йогIий, хьуо елла лара мегар ду-кх хьуна.

Сан кийрахь пондаран аз декара: жима велахь а, къонаха хилла хIара-м.

— Схьагучуялал хьо а, — мохь туьйхира шен зудчуьнга. — Хьуна хууш дарий хIара?

— Цхьажимма-м дара, — уозаелла, жоп делира вукхо.

— Барт а бина лелаш хилла-кх шу массо а! — тIечевхира хIусамда. Вукхо дуьхьала дош ца далийра...

Зяудди тхуна жоп луш вацара. Сан собар кхачаделира.

— ГIовттал! — сихбира ас сайн накъостий. — Кху чохь кхин минот йоккхур яц вай! Багахь доттагIалла а, уьйр-безам а буьйцу, ткъа вайца гергарло таса реза вац...

Со кетIехьа дIаволавелира.

— Схьавоьл кхуза! — тIечевхира и суна. ТIе ца ваха со ца хIоьттира.

— Шозза юьхьIаьржа хIотийна ахь со, — элира цо. — Цкъаделахь, хьуо нуц хила гIерташ хилча кху чувоIу вацара хьо, шолгIа, сан хьешашка арабовла боху ахь.

Кач-белш а лаьцна, со шайн цхьана чу ластийра, неI дIа а къевлина, тIехула догIа туьйхира.

Дукха Iийра со суо цу чохь. Сан коьрта чу ца йогIуш цхьа а Iовдала ойла ца йисира. Ткъа сан накъостий шек а боцуш, гIадбоьлххий бела а луш, сакъоьруш Iара. Царна а догъэтIара: сох-м хIуъа хилча а бен ца хета кхарна, шаьш кIелхьара бовлийтичахьана..

Iаш-аш, наб тIегIоьртира суна. Чохь лаьтташ маьнга бара. Сайн тIехула юха бедарш дIа а яьхна, уьш гIанта тIе дIа а ниийина, со охьавижира.

Сатосуш самаваьлла со — цхьа а гIара-тата а дац: сан накъостий со а витина дIабаханера. ГIеххьа бала хилла церан соьца. ДIахьаьжча, ас гIанта тIе ехкина бедарш а яц. Дог Iовжийра: хIинца гIуллакх забара тIера дIадаьлла, чIана а ваьккхина, сан дегIа бишка уозийта бохку хьуна уьш.

ЮргIа тIе а оьзна, цу гIуллакхан ойланаш еш Iиллира вех-

ха. Цlехьана неI елла а елла, ПетIаматан жимаха йолу йиша Марет чуеара. Сайна наб кхетта моттийта, бIаьргаш дIахьабдира ас, жимма диллина а дуьтуш. Сан бедарш, мачаш тохарлерчу охьа а ехкина, и дIаяхара.

Хазахетта, маса хьаланккхира со. Каде хIумнаш тIеюьйхира. Коч а, пазаташ а йиттина яра, хечина иту хьаькхнера, мачаш цIанйинера. Нохчийн оьздачу гIиллакхца иштта догIуш хиллера и. Амма со тIаьхьо кхетийра цунах. И ца хууш, айса сайна кхерамаш тийсина хиллера ас.

Iуьйранна уьйтIа велира со. ТIевеара хIусамда:

— ВоI, — и дош цуьнан багара даьлча сатийра сан: дов хир доцийла а хиира, йоI маре янйта резахила а там бу, — хьо генара веана ву, гергахь да-нана а дац хьан. Кху махкахь хIара цIа хьан ду-кх, хьуо а вуола, хьайна луъург валош а вуола.

Баркалла а аьлла, со схьавеара. Цо дош а делла бахкийтина хиллера сан накъостий а, цунах чIогIа самукъаделира сан.

Кхузахь нохчийн ловзар хIоттийра, тхешан да-нана долчу а дахана, болгарийн ловзар хIоттийра.

...Любомиран, ПетIаматан йоI, кIант ду. Веселка, Павел аьлла Любомиран ненан, ден цIераш техкина берашна, баккхийчеран сий деш. ПетIамат, бераш а Болгари дIадахна. Марда, марнанний несана чIогIа реза ду — уьш лоруш, царах дагайолуш, гIуллакх дан тIера ю иза. Мацах Любомира вийцина Продан Марков директор волчу «Элпром» заводе балха а яхана. Электродвигателийн монтер а, талмаж а ю иза.

— Болгарийн мотт Iемина цунна? — хаьттира ас Любомире.

— Суначул дика-м хаьа, — дозаллица жоп делира.

Кхуьнан стунда, стунаний а дахана шайн захалаш болчу. Кхузза тIекIел дина долахь цIенош, шортта йийбарш, хаза меттиг, бертахь Iа доьзал гича, Зяуддис аьлла шен зудчуьнга:

— Йоккхах йолчу йоIана-м кхин сагатлур дацара сан. Иза дика дIанисъелла.

ЛАМАНАН ЛЕЧА

Очерк

Ламанах схьадолу леча, олу нохчаша.

Шуьйтара схьаваьлла Джу Акаев. Кхузахь ду баьццарчу хьаннаша куьце далийна а, шекаран корта санна, кIайн бохь болу а лаьмнаш. Кхузахь ду чухьаьжча бIагор а богIуш кIорга ахк, бухахь гIергIаш аьрха Орга а долуш. Кхузахь ду мезга хIаваъ — мел дукха мийларх кийра ца Iебаш, ялсаманин стом кхаьллича санна, дегIана там беш. Кхузахь ду сирла шовданаш — дукха шийла хиларна цергаш лахъеш. Иштта дика хи дуьненахь а дац — ша ца тешачо шотошка хатта-кх. Кхузахь ю иизаре тама-

шийна бIаьвнаш — царах лаьцна дуьйцу хаза туьйранаш, шира хабарш. Иштта хаза меттиг ю Шуьйта.

Амма и хазалла хьарам йиннера хала бохкучу нахана.

Царах хилира Джу Акаев а. Жимчохь дуьйна халонаш лан дезна цуьнан. Мацалла кIел ца виса, гуттара тасавелла валла веза миска стаг. Цу тIе Iаламат доккха вон тIедеара кIантана: да а, воккхах волу ваша а кхелхира. Нохчаша ихийтта шо кхаьчнарг кхиъна ваьлла къонаха ларахь а, доьзалан дукъ деза дара цуьнан белшашна.

ХIинций-хIинций чу садогIур ду-кх, бохуш, дикане сатуьйсуш, дукха бала лайра цо лаьттаца. Амма цIиилуш хIума дацара. ГIад а дайна, ша виичу, шена дукхаезачу юьртах вала сацам хуьлу цуьнан: 1910-чу шарахь гIаш некъ бо Акаевс Шуьйтара Соьлжгала Мехкадаьттантlе кхаччалц. Латта кIезга долуш я данне а доцуш бисина ламарой шорта оьхура цу хенахь гIалитIе охьа. Къаьсттина дукха бара Шуьйтара а, цунна гондIарчу ярташкара а.

Амма башха даладелла болх МехкадаьттантIехь а бацара. Цхьа а говзалла цахиларо, оьрсийн мотт ледара хааро новкъарло йора. Хала дела балийца латта ахка дIаоьцу. Акаев Ахвердови нефть доккхучу компанис. Тайп-тайпана Iаьржа белхаш бира цигахь Джус дуккха а шерашкахь.

Соьлж-гIалахь уггар яккхийчех цхьаъ яра Ахвердови кампани. Кхузахь къахьоьгуш бара Россин маьI-маьIIера баьхкина нах. Дукхахберш оьрсий белахь, кIезга бацара украинхой, белоруссаш, гIезалой, суьйлий, кхиберш. Ца ладаллал вочу хьолехь бохкура. Дийнахь итт-шийтта сахьтехь а, кхин сов а тIетаьIIина къахьега дезара. ХIетте а ца валлал, кхана юха а болх бан баллал бен хIума ца кхочуьйтура. Иза а дукха хеташ, бахьана долуш а, доцуш а гIуданаш деттара. Балха тIехь чолакх веш а, кхин то ца луш а меттигаш Iитталора. Iойла вон яра — цхьана барака чохь масийтта доьзал хуьлура, къен хиларе терра боьха бохкура, мезий дора, ун даьржара. ЛаппагIнашна я баннашна чохь дIатарбелларш а бара. Амма уьш а ца нислора ах сов болчу белхалошна. Цундела кIотаршкахь, ярташкахь а Iаш, хIора дийнахь 5—6 километр некъ тухура цIера МехкадаьттантIе.

Долчул а дастам долура кхеран хьал хьаькмашна хIорш бIаьрга бан ца безарна а я хIорш адамаш ца ларарна а, къаьсттина оьрсийн къомах воцург. Белхалойх ах хIетте а йоза ца хууш бара. Я шайн берашка дешийта таронаш а яцара. Цундела кIайн куьйгаш долчу хьаькмашна хIорш стерчел башха адамаш а ца хетара. Пхьераша маьттаза дов дарх я белхалочунна тохарх цхьа а цец ца волура... Джу кхийтира , паччахьан Iазап ловш беккъа нохчий боцуш, массо а халкъаш хиларх. Нах шина декъе бекъиера бахамо: цхьана агIор лаьтташ къехой бара, вукху агIор — хьолахой. Цхьана яй чохь кхехкийча а вовшахъуьйр бо-

луш а бацара. Шайн хьацарх бохкучу, шаьш бацош болчу хьолахошка луьра цабезам кхуьура белхалойн. Долуш долу хьал хийцархьама да дезарг хьоьхуш бара МехкадаьттантIехь большевикаш.

Ахвердови компанехь болх бина, Советан Iедал доккхуш а, и чIагIдеш а жигара дакъалаьцна, Асланбек Шерипови бIонакъост лаьттина вара Пайзулаев Сату. И волчу Шуьйта со кхаьчначу заманчохь къена стаг вара иза, цхьадолу хIуманаш дика дага а ца догIуш. Цо дийцира, Филатов а, кхин а оьрсий а, Акаев Джу а йоза а хууш, даккхий хьекъалаш а долуш къонахий бара бохуш. Царалахь жима хилла Сату, цундела чардакхан боьххье хьалатесна болу боккха горгали тоха хIара хьажавора. Зевне аз даьржира Мехкадаьттанхула. Болх а сацабой схьагуллора белхалой. Къамелашкахь далхадора шайгахь доллу Iазап, дан дезарг билгалдоккхура. Юха цхьабарт хиллачул тIаьхьа алапа тIетоххалц болх дIа ца болабора. Мосуьйттаза и дина дагадогIура Пайзулаев Сатуна.

И экономически болам политически тIегIане берзо хьовсура большевикаш. Церан цу тIехь дика ка а долура, хIунда аьлча, де-дийне мел дели зеделларг а алсам долура, белхалой а кхетара, коммунисташа шайна гойтург бен шайн хьал-де хуьйцур долуш некъ цахиларх. Белхалойн къийсамехь шен са а, дегI а ца кхоадора Акаевс. Ларамаза-х дацарий 1917-чу шарахь Февральски буржуазни революци хиллачул тIаьхьа МехкадаьттантIерачу комиссаран гIоьнча иза харжар...

МехкадаьттантIехь а, ерриге а Соьлж-гIалахь а Советаш хаьржинера, церан сацам Iедал дара массо а бахархошна. Жимма гIоле елира белхалошна. Иштта, заводаш, фабрикаш шайн долахь йолу хьоладай дуьхьала боллушехь, Соьлж-гIалин Совето сацам бира белхан де баккхийчарна — бархI, кхиазхошна — ялх сахьта тIе даккха. И гIуллакх юкъадалор хьедора капиталисташа. ТIаккха белхалоша шаьш дIанисдира иза: цхьана хенахь балха дIахIуьттура, бархI сахьт даьлча цIа боьлхура. Цул тIаьхьа цхьа бутт баьлча мехаш лахабахаран хьокъехь сацам бира Совето. Совдегарш гул а бина, дуккха а дийцинчул тIаьхьа цхьаберш «резахилира мехаш охьабаха». Иштта белхалойн дахаран-Iеран хьелаш тодарехьа къийсам латтабора Совето. Масала, белхалоша дина аьрзнаш талла а теллина, «Къилбаседа-Кавказан юкъаралла» декхарийлахь йира банина а, массо а белхалойн хIусамашкахь а ремонт ян, и дI. кх. Цу массо а гIуллакха юккъехь МехкадаьттантIехь долчу декъана Акаев Джу а вара...

1918-чу шарахь августехь Соьлж-гIалахь буьйлабелира хIинца дика бевзаш болу бIедийнан тIемаш. Цу тIемашкахь жигара дакъа лецира Джу Акаевс. Чевнаш а йира, контузи а хилира. Тавелча а лар йисира дегIаца: астагI таьIаш хиларна, Iаса лелайора цо цул тIаьхьа.

Оццу 1918-чу шарахь вевзина кхунна Сергей Миронович Киров а, Серго Орджоникидзе а. Цул тІаьхьа 1920-чу шарахь а тІехь дуккхаза цхьаьнакхетар нисделла церан, цаьргара Іама а Іемина Джу революции гІуллакхашна муьтІахь хила...

Советан Іедал чІагІдеш хиллачу къийсамашкахь ша ца кхоош дакъа лаьцна Акаевс. Шаьш лелориг цхьа гІуллакх хиларе терра, Асланбек Шериповца чІогІа хьошалла а лелийна цо.

1920-чу шарахь аьхка Соьлж-гІалахь хилира Нохчийчоьн Советийн хьалхара съезд. Уггар а жигарчех цхьа делегат вара Акаев. Цигахь Нохчийчоьнан исполкоме а хаьржира иза.

Оццу шарахь гурахь Бакухь хилира Малхбалерчу халкъийн хьалхара съезд. Вайн махкара а, кхечу пачхьалкхашкара а векалш бара цигахь: азербайджанхой, узбекаш, таджикаш, казахаш, китайхой, Іаьрбий, туркой, гІажарий, хІиндий, и дІ. кх. Нохчийчуьра делегаташ бара, шайна юккъехь Джу Акаев а волуш. Съезд вовшахтоьхнера Коммунистически Интернационало. И кечъеш чусадиллина къахьийгира В. И. Ленинан бІонакъоста, гІараяьлла йолчу революцинеркас Елена Дмитриевна Стасовас. Съездан Іалашо яра дуьххьарлерчу къинхьегамхойн пачхьалкхах, Советан Іедалах долу бакъдерг дуьненахь даржор. Съездехь цІеяххана болу къонахий а бара — Іаьмирко Джон Рид, болгар Васил Коларов, венгер Бела Кун.

Дуьххьара Джу Акаев соьга хьахийнарг вайн гІараваьлла яздархо Мохьмад Мамакаев вара. Цунна шена дика вевзина а, везна а вара иза.

— Венгрийн коммунистийн баьччанца Бела Купца чІогІа юкъаметтиг тасаелла Акаевн Бакухь, — тоьшалла дира Мохьмада.

Цуьнан дешнаш тІечІагІдан санна, ша Москохахь волуш Коминтернан Конгрессе баьхкинчу Австро-Венгрин векалица сурт даккхийтина Джус. И сурт хІинца а долуш ду. Даго хьоьху: Бела Куне болчу безамна даккхийтина цо иза. Съездан лаккхара мах хадийра В. И. Ленина.

ХІора къомах Москоха баха делегаташ хоржу. Нохчийчоьн цІарах цига хьажаво Джу Акаев. ГІалгІаша Гойгов Іабдул-Хьамид магийра. Уьш а декхарийлахь бара коьртерчу Советан Іедале — ВЦИК-е а, Совнаркоме а, ткъа иштта РКПБ(б)-н ЦК-га а шайн халкъийн, шайн областийн хьашташ дІадийца.

1920-чу шеран 14-чу октябрехь РКП(б)-е ЦК-н Политбюрос В. И. Ленинан кабинета чохь, цо председателалла а деш, дІаехьира кхеташо. Малхбалерчу халкъийн хьалхарчу съездера вайнтина 27 делегат а вара цигахь. И кхеташо а, цигахь В. И. Ленина дина къамел а, къаьмнийн хьокъехь партес беш хилла гІайгІа а дагчуьра ца болура Акаев Джуна цул тІаьхьа цкъа а. Цигахь хиллачу сацамийн юкъара схьаяздина дешнаш шен уггаре а хьомечу кехаташца Іалашдора цо.

16-чу октябрехь, гуьйренан шийлачу сарахь, И. В. Сталинан петаршкахь хилира Акаев. Сталин цу хенахь Къаьмнийн гIулла-кхашкахула Халкъан комиссар вара. Цундела цунна кхоччуш хаа лаьара Нохчийчохь долу хьал, цу буса Кавказе вогIуш ма вара иза. Джус ма-дарра дIа а дийцира.

Октябрь чекхболуш цIа вогIу Акаев. Иза мукъа ца Iа. Джу 1919-чу шарахь дуьйна коммунист вара. Цундела 1921-чу шеран 7-чу августехь иза хьажаво Шуьйта — цигахь партячейка кхолла. Шена тIедиллина гIуллакх гуттара а санна сийлаллица кхочушдо цо.

Джуна хIета ца хаьара, кестта шена доккха хазахетар хир дуйла. Iай иза юха а Москва хьажаво. ХIунда аьлча оццу 1921-чу шеран 23 декабрехь цигахь болх бан йолало Советийн IX Ерригроссийски съезд. Ламанхойн республикан делегат хоржу Джу Акаев.

Машаречу хьолехь гулйинна дуьххьарлера съезд яра и. «Республакан арахьара а, чоьхьара а политика» доклад йира Владимир Ильич Ленина. «Мецачарна гIодаран хьокъехь» дийцира Михаил Иванович Калинина. ВорхI шарахь тIом кхирстинера махкахь: цкъа империалистийн, юха граждански. Арахьара мостагIий а эшийра халкъо. Эша а бира, Iедалан мукъ шен кара а йийцира. Амма беза мах беллера цо цу толамах, миллионаш байинарш а, заьIап бинарш а, кхалакхезигбаьлла бахам. ХIинца тIехIоьттинарг а яра иизаре хала киртиг: мацалла. Цунах адам кIелхьарадаккха гIерташ, Советийн ВЦИКо керла законаш юкъадалийра. Масала, ахархошна бакъо елира ма-луъу сурсаташ дохка. Цул совнаха, болу бол дIабелчахьана, важа долу ялта ахархочун долахь дуьсура. Ткъа хIетталц даъаллий, хIу дIаделлий бен ца дуьтура, цундела нехан къахьега дог а ца догIура.

Керлачу законо ахархойн жигаралла айира. Цара дагахь чIагIо йира, юьртабахам чехкка дебо, бIаьсте ма-елли, лаьттаца къахьега бевлира, къаьсттина дика хьаьвзира гурахь: гIура буха дуьйш долу ялта сихдинна дIадийра, ден хIу тоьучохь. Амма 1921-чу шарахь цкъа а ца хиллачу кепара йокъа хIоьттира. Угаре а беркатечу лаьттанех кхоалгIа дакъа ялта ца кхуьуш дисира. Къаьсттина чIогIа зенаш хилира Волгин йистошца бехачу нахана. Меца нах 23 миллионал тIех бевллера. И къинхетам боцу мостагI — мацалла — муьлххачу а Врангелал дукхазза а кхераме вара.

Къона советан пачхьалкх гIори-гIоддаха тасаеллера, хIуъу а дина а цхьа амал бан гIертара. Амма карахь ницкъ кIезиг бара, ткъа империалистийн пачхьалкхашна гIо дан ца лаьара. Уьш тешна яра, Советан Iедал дохо гIерташ шайн герзе ца дан деллари мацалле далург хиларх.

Джус воккхаверца дуьйцуш хилла, Ленина шеца а къамел дира, бохуш. Баьччина хаа лаьара Нохчийчуьра хьал-де, керла Iедал наха тIе муха оьцу. Ткъа шайн къамел дерзош революцин дуьхьа лелочу гIуллакхаш тIехь кхуьнан аьтто хуьлийла шена лаар схьаханйтира Владимир Ильича. Цо чIогIа дог ира-кара хIоттийра Джун. ХIетахь массара а цхьаьна безамна сурт дакхийтира дерригдуьненан пролетариатан тхьамдица В. И. Ленинца. Акаев цунна тIехьа лаьтташ вара, гена воцуш. Хьоме хеташ леладора Джус и сурт.

...И соьга дийцинарш бу вайн гIарабевлла яздархой Мохьмад Мамакаев, Халид Ошаев. Шуна ма-хаъара, харцдерг дуьйцур долуш къонахий а бацара уьш... Суьртана тIаьхьа ца кхиина со. Нохч-ГIалгIайн АССР-н Министрийн Советан председатель хилла волчу Моллаев Супъяне кхаьчначух тера ду и тIаьххьара. Амма и воцуш ву. Ткъа цуьнан йоIа Асяс шайгахь дисина цхьа а сурт дац, элира. Хьанна хаа техьа и мичахь ду? И хуург коьртаха валийша. Схьакарийча, вайна массарна а юьхькIам болуш гIуллакх дара-кх иза...

Акаев Джу даккхийчу гIуллакхашкахь хилла дуккха а шерашкахь: Шуьйтарчу окружной ревкоман председатель, Нохчийчоьнан ревкоман отдел карахь йолуш а, Нохчийн областан суьдан председатель, и. дI. кх. Ткъа цхьанхьа цхьа киртиг тIехIоьттича, цига вахана Акаев Джу хуьлура. Масала, 1925-чу шеран 30-чу август-техь Нохчийн I-ра революционно-бIаьхаллин дошлойн отряд кхоьллина. Цуьнан командир хIоттийна Акаев Джу. Цу хенахь лаьмнашкахь контрреволюционерийн гIера тIаьхьа а яьккхина лелаш вара гIараваьлла обарг Шамилев Атаби. И гIера йохор тIедиллинера отрядана. Зумса хьала а бахана, Акаев Джус дIакхайкхийра Атабис Iехийна тIаьхьаваьлла леларг тIевагIахь Iедало мукъа вуьтур ву аьлла. Джу дика вевзаш вара. Цуьнан дашах тешара. Цундела цхьацца вогIуш, шишша вогIуш тIеэха бевлира Шамилев Атабина тIаьхьабевлла леларш. Гуо хаьдча, кхин дан хIума а ца хилла, Атаби ша а каравеара. И гIуллакх бахьанехь Нохчийн отряд баркалла кхайкхош билгалъяьккхира шен приказа тIехь Къилбседа-Кавказан тIеман округан командующис.

Цхьацца жоьпаллин белхаш беш 1934 шо тIекхечира. БIедийнан тIемашкахь хилла чевнаш юха меттахъевлира Акаевн. Лоьраша 2-чу группан заьIапхо лерира иза. Джуна пенси а хIоттийра. Амма хIума а ца деш Iен Акаевна ца хаьара. Иза юха а балха воьду. ХIинца цо Шуьйтарчу райсобесехь болх бо...

ЧIогIа воккхавера Джу вайн Нохч-ГIалгIайн республикехь хуьлуш болчу хийцамех. Наха дика къахьоьгура, хьал-де тIаьхьтIаьхьа талуш лаьттара. Амма цIехьана бода хIоьттира махкахь: тешнабехкаца вайна тIелетира фашистийн Германи. Латта догуш дара, гIаланаш, ярташ йохош лаьттара, адамаш къиза дойура —

цариа юкъахь баккхий нах, зударий, бераш... Дагчу оьгIазло йоьссира Джуна, амма шен тIаме ваха де дацара цуьнан. ТIаккха иза тIом бан хIоьттира дашца. Ша майра хилар санна, дашна говза а ма вара иза. Цо хьалхарчу деношкахь, тIом баьллачу 1941-чу шарахь, кхайкхам зорбатуху: «Гитлеран бандиташна — Iожалла»...

«...Ткъа шо сов заманчохь хьанал къахьоьгуш бохкура Нохч-ГIалгIайн республикан къинхьегамхой.

ХIинца йоккха киртиг тIехIоьттина вайна. Къизачу Гитлеран цIийн сутара бIо бу, экханаш санна, Къилбаседан Кавказана тIегIерташ. Царна Грознера нефть деза, царна лаьа колхозан аренаш, бошмаш йохо, вайн хьаналчу къинхьегамо кхоьллинарг дерриг а тIепаза дайа.

Нохчий! Вай майра лийтира революцин бIаьхойн могIаршкахь Советан Iедалехьа, герзаца а, къинхьегамца а ирсе дахар хIоттийра вай вешан вежаршна, наношна, берашна.

ЛадогIалаш соьга, вежарий шотой, итумкхаьллахой, шарой! Вешан сий ма дайа вай, немцойн ефрейторе вешан зударех боьха ка ма еттийта вай, Гитлеран бандиташка вешан наной ма байийта вай, вайн хьомсара бераш цхьамзанашца ма ийдайта вай, вайн сийлахьчу баккхийчу нехан сий ма дайийта вай.

ХIан-хIа, ца бехдойтур вай мостагIчуьнга вайн дай баьхна латта.

Советан Iедал чIагIдечу шерашкахь санна, герз эций гIовтта вай, къизачу мостагIна дуьхьал и къинхетам боцуш хIаллаквархьама.

ДIа ца лур вай мостагIчунна вешан Грозный, вешан зезаг санна хаза республика»...

Нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь говза дош ала хууш вара Джу. Цундела Шуьйтан районера тIаме йига кечйина цхьа а тоба дIа ца йоьдура цо дог ир-кара ца хIоттош...

Ламанах схьадолу леча, олу нохчаша. Леча дара Акаев Джу. Боккхачу безамца вуьйцу иза дагавогIучара. Къилба-Казахстанерчу Ленгери гIалахь кхелхина иза. ТIаьхьа тIекхиъначу чкъурана и мила ву ца хаьа. Данне а ийса дац иза. Вай цунна йийриг хьарамло ю. Вай бакълехь, вицван мегар дац Джу, дозаллица и вийца бакъо ю вайн. Цхьа а цIе ца юьтуш ца дов ламан леча.

ЧУЛАЦАМ

Дундал (дийцар) 3
Жоп (дийцар) 5
ГIура гIергIа (дийцар) 7
Хьесапкехат (дийцар) 8
ХIорд ловзабаьлла (дийцар) 12
ЖIаьлин оьмар (дийцар) 20
Гайтаман дов хаттар (дийцар) 24
Декхаза ца дитира (дийцар) 27
Етт (хабар) 31
КIилло 36
Кехато дагаданйтинарг (желтойн иллийн мукъамаш) . . 38
Маьлхо ловзадо вай (дийцар) 47
Асхьаба дуьйцу (хабар) 58
Киртиг тIехIоьттича (дийцар) 60
Дагахь а доцуш вовшахкхетар (хилларг) 64
Нохчийн цуц (дийцар) 68
Ламанан леча (очерк) 75

Дугин Арби

ВЫБОР

(на чеченском языке)

Редактор И. И. Эльсанов
Художественный редактор М. Б. Магомаев
Художник Ш. Ахмадов
Технический редактор Р. С. Мальсагова
Корректор З. Шамурзаева

Сдано в набор 26.06.1987 г. Подписано к печати 15.09.1987 г.
СФ02394. Гарнитура литературная. Формат 60x84 1/16.
Бумага типографская № 1. Печать высокая.
Усл. печ. л. 1,88. Уч.-изд. л. 5,44. Усл. кр.-отт. 5,11.
Тираж 3000. Заказ № 7376. Цена 35 коп.

Чечено-Ингушское книжное издательство Государственного комитета Чечено-Ингушской АССР по делам издательств, полиграфии и книжной торговли Совета Министров ЧИАССР
364903, Грозный, пр. им. В. И. Ленина, 9.

Типография им. И. Н. Заболотного Государственного комитета Чечено-Ингушской АССР по делам издательств, полиграфии и книжной торговли Совета Министров ЧИАССР
361021, Грозный, ул. Интернациональная, 12/33.

ББК84 Чеч.
Д22

Дугин А.
Д22 Выбор: Рассказы. — Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1987 — 84 с.

Д $\frac{4702700200 - 72}{Д135(03) - 87}$ 37—87

© Чечено-Ингушское книжное издательство, 1987 г.

35 коп.



ВЫБОР
РАССКАЗЫ

(на чеченском языке)